KESENIAN BUROK MEKAR BUDAYA WONTEN ING DHUSUN KUBANGSARI, DESA SARIREJA, KECAMATAN TANJUNG, KABUPATEN BREBES

SKRIPSI

Dipunkajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan

dening:

Desi Lisufiana

NIM 14205241007

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2018

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes* menika sampun pikantuk palilah saking *Pembimbing* supados dipunujikaken ing pandadaran.

Yogyakarta, Maret 2018

Dosen Pembimbing,

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.

NIP. 1964003 199001 1 004

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes menika sampun dipunandharaken wonten ing pandadaran sangajenging *Dewan Penguji* nalika tanggal 16 Maret 2018 saha katetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	*Jabatan*	Tapak Asma	Tanggal
Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.	*Ketua Penguji*		21 Maret 2018
Sri Hertanti Wulan, M.Hum.	*Sekretaris Penguji*		21 Maret 2018
Dr. Purwardi, SS., M.Hum.	*Penguji Utama*	Purwadi	21 Maret 2018

Yogyakarta, 21 Maret 2018
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.
NIP. 19571231 198303 2 004

WEDHARAN

Kula ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika:

Nama : **Desi Lisufiana**

NIM : 14205241007

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika seratan kula piyambak. Samangeros kula, *karya ilmiah* menika wosipun boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha *etika* nyerat *karya ilmiah* ingkang limrah.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten menawi wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 16 Maret 2018

Panyerat,

Desi Lisufiana

SESANTI

"*Barang siapa yang bersungguh sungguh, sesungguhnya kesungguhan tersebut untuk kebaikan dirinya sendiri*"

~Qs. Al-Ankabut: 6~

"Dan barang -siapa yang bertakwa kepada Allah, niscaya Allah menjadikan baginya kemudahan dalam urusannya."

~Q.S At-Talaq: 4~

"Doa kita bisa merubah nasib kita, dan kebaikan dapat memperpanjang umur kita."

~HR. Ath-Thahawi~

PISUNGSUNG

Alhamdulillahirabbil'alaminn kula aturaken dhumateng ngarsanipun Gusti Allah SWT, *skripsi* menika kula pisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula kekalih, Bapak Karyono saha Ibu Eni Yanah ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga pangestunipun.

PRAWACANA

Panyerat ngunjukaken puja-puji syukur *Alhamdulillah* dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring kasarasan, kanikmatan, saha kabagyan dhateng panyerat, Satemah *skripsi* kanthi irah-irahan Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes menika saged kaserat kanthi nir ing sambekala. *Skripsi* menika dipundamel kangge nggayuh gelar sarjana pendidikan.

Panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng dosen pembimbing inggih menika Bapak Prof. Dr. Suwardi, M.Hum. ingkang paring bimbingan, panjurung, pamrayogi saha panyaruwe kanthi sabar sadangunipun kula nyerat *skripsi*. Kajawi menika, panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun kanthi raos ingkang tulus, panyerat ugi ngaturaken panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta;
2. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta;
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M.Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah saha minangka *dosen pembimbing* ingkang sampun paring idi kangge nglampahi panaliten saha ingkang sampun kersa paring bimbingan, piwulang, saha pandonga dhateng panyerat;
4. Ibu Prof. Dr. Suharti, M.Pd. minangka *panasehat akademik* ingkang sampun paring *bimbingan* sadangunipun kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah;
5. *Dewan penguji* sadangunipun Pandadaran Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pitedah saha pramayogi sahengga anggen kula nglampahi pendadaran menika saged katampi;
6. Bapak-Ibu dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring ngelmu, piwulang, miwah anjurung dhateng panyerat;
7. Sedaya *staf administrasi* Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring pambiyantu babagan *administrasi* dhateng panyerat;

8. Tiyang sepuh kekalih kula ingkang sampun paring donga pangestu, sedaya kulawarga saha sanak sadherek ingkang sampun paring panyengkuyung saha pambiyantu;
9. Para paraga kesenian Burok saha warga Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes ingkang sampun paring pambiyantu awujud *informasi* saha nderek nglampahi prosesi kesenian Burok, saking menika saged kangge nyekapaken skripsi menika;
10. Hurril, lidya, mediyun, dino, afwah ingkang tansah parring panjurung, pandonga saha motivasi saben dintenipun;
11. Kanca-kanca saking Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2014, mliginipun kanca-kanca Hastungkara, ingkang sampun paring panyengkuyung saha paring panjurug dhateng panyerat;
12. Kanca-kanca kosan A 37, kanca KKN- PPL sarta sedaya pihak ingkang boten saged kula sebataken satunggal mbaka satunggal ingkang sampun paring panyengkuyung saha paring panjurug dhateng panyerat.

Panyerat ngrumaosi bilih *skripsi* menika taksih tebih saking sampurna. Pramila saking menika, sadaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning *skripsi* menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun.

Wasana, kanthi raos andhap asor panyerat ugi gadhah pangajab mugi-mugi *skripsi* menika saged migunani tumrap sinten kemawon ingkang maos saha panyerat, *Aamiin.*

Yogyakarta, 16 Maret 2018

Panyerat,

Desi Lisufiana

WOSING ISI

Kaca

IRAH-IRAHAN i
PASARUJUKAN ii
PANGESAHAN iii
WEDHARAN iv
SESANTI v
PISUNGSUNG vi
PRAWACANA vii
WOSING ISI ix
DAFTAR TABEL xii
DAFTAR GAMBAR xiii
DAFTAR LAMPIRAN xv
SARINING PANALITEN xvi

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten 1
B. Underaning Prakawis 4
C. Watesaning Prakawis 5
D. Wosing Prakawis 6
E. Ancasing Panaliten 6
F. Paedahing Panaliten 7
G. Pangertosan Tembung-tembung ing Irah-irahan 8

BAB II GEGARAN TEORI

A. Kabudayaan 9
B. *Folklor* 12
C. Kesenian Tradhisional 17
D. Kesenian Burok 19
E. Panaliten ingkang Gayut 21

F. Nalaring Pikir 21

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten 23
B. *Setting* Panaliten 24
C. *Data* lan Sumber *Data* 25
D. *Informan* Panaliten 25
E. Caranipun Ngempalaken *Data* 26
1. *Observasi Berfartisipatif* 26
2. *Wawancara Mendalam* 27
3. *Dokumentasi* 29
F. Pirantining Panaliten 29
G. Caranipun Nganalisis *Data* 29
H. Caranipun Ngesahaken *Data* 30

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. *Deskripsi Setting* Panaliten 32
1. Andharaning Papan Panaliten 32
2. Paraga Kesenian Burok Mekar Budaya 35
a. Penduduk 37
b. Padamelan 38
c. Kahanan *Sosial Budaya Masarakat* 40
d. *Sistem Religi* 41
B. Mila Bukanipun Kesenian Burok 42
1. *Sejarah* Kesenian Burok 42
2. Kesenian Burok Mekar budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes 45
C. *Prosesi* Lampahing Kesenian Burok 48
1. Rantaman Acara 48
2. Andharan *Prosesi* Kesenian Burok Mekar Budaya 49
a. Pambukaan Pasugatan 54

b. *Inti* Pasugatan 61
1. Pasugatan *Kuda Lumping* 61
2. Pasugatan *Barongsai* 66
3. Pasugatan Burok Ayu 70
4. Arak-arakan 82
c. Panutup Pasugatan 86
1. *Sulap* 86
2. *Sintren* 94
D. Paedahipun Kesenian Burok Mekar Budaya 98
1. Paedah *Spiritual* 99
2. Paedah *Sosial* 101
3. Paedah kangge Nglestantunaken Tradhisi 103
4. Paedah *Hiburan* 104
5. Paedah *Ekonomi* 105

BAB V PANUTUP
A. Dudutan 110
B. Pramayogi 112
C. Implikasi 113
KAPUSTAKAN 114
LAMPIRAN 116

DAFTAR TABEL

Kaca

Tabel 1 : Cacahipun *Penduduk* Desa Sarireja miturut yuswa 37

Tabel 2 : Cacahipun *Penduduk* Desa Sarireja miturut jinising padamelan … 39

Tabel 3 : Cacahipun *Penduduk* Desa Sarireja miturut *tingkat* pawiyatan . … 40

DAFTAR GAMBAR

Kaca

Gambar 01 : *Peta* Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes..... 32
Gambar 02 : *Denah* Papan Kesenian Burok 34
Gambar 03 : *Persiapan* para paraga Kesenian Burok..... 51
Gambar 04 : Kostum pambeksa werni abrit..... 58
Gambar 05 : Kostum paraga werni abrit tua 59
Gambar 06 : Kostum paraga *kuda lumping* 64
Gambar 07 : Paraga *Kuda Lumping* nalika njoged 65
Gambar 08 : Paraga *Kuda Lumping* mlebet wonten ing dalemipun Bapak Casrudin 66
Gambar 09 : Atraksi *barongsai*..... 68
Gambar 10 : Atraksi *barongsai*..... 69
Gambar 11 : Pasugatan Burok Ayu Mekar Budaya nalika kurmat..... 72
Gambar 12 : Pasugatan Burok Ayu nalika atraksi 73
Gambar 13 : Pasugatan Burok Ayu nalika ngambung bujang sunat..... 74
Gambar 14 : *Bujang sunat numpak* Burok Ayu..... 75
Gambar 15 : *Peksi gotong* ingkang werni ijem..... 76
Gambar 16 : *Singa gotong* werni kuning 77
Gambar 17 : *Singa gotong* werni pethak totol-totol..... 78
Gambar 18 : *Naga gotong* nalika arak-arakan 79
Gambar 19 : *Upin-ipin* nalika arak-arakan..... 80
Gambar 20 : Arak-arakan Kesenian Burok Mekar Budaya 83
Gambar 21 : *Panggung dorong* nalika arak-arakan 84
Gambar 22 : *Saweran Bujang Sunat* 85
Gambar 23 : *Sulap* rokok *sebatang* dalemipun wonten yatranipun 87
Gambar 24 : A*ir akua berubah warna*..... 89
Gambar 25 : Nalika Mas Lukman saweg komat kamit..... 90
Gambar 26 : Nalika *bobodoran* mendhet *pembalut*..... 91
Gambar 27 : *Sulap memotong tangan* mawi alat 92

Gambar 28 : *Sulap memotong semangka* 93
Gambar 29 : Nalika *pesulap* maringi mantra dateng *sintren* 97
Gambar 30 : Nalika *sintren* sampun medal saking kotak 98

DAFTAR LAMPIRAN

		Kaca
Lampiran 1	: Cahathetan Lampiran Observasi	117
Lampiran 2	: Cathethetan Lapangan Wawancara	152
Lampiran 3	: Surat Katrangan Andharan *Informan*	178
Lampiran 4	: Surat *Data Administratif* Desa Sarireja.....	185
Lampiran 5	: Surat Perijinan Penelitian.....	188

KESENIAN BUROK MEKAR BUDAYA WONTEN ING DHUSUN KUBANGSARI, DESA SARIREJA, KECAMATAN TANJUNG, KABUPATEN BREBES

Dening: Desi Lisufiana
NIM 14205241007

SARIRING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken awal mulanipun kesenian Burok, prosesi lampahing kesenian Burok, saha paedah kesenian Burok tumrap masarakat panyengkuyung.

Panaliten menika ngginakaken *metode* panaliten *kualitatif.* Caranipun ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika kanthi cara *observasi,* wawanrembag *mendalam* saha *dokumentasi.* Pirantining panaliten inggih menika panaliti piyambak ingkang kabiyantu mawi piranti *kamera digital, recorder,* saha piranti kangge nyerat. Caranipun nganalisis *data* ngginakaken *metode deskripsi kualitatif.* Caranipun ngesahaken *data* ngginakaken *teknik trianggulasi.*

Asiling panaliten nedahaken bilih: (1) Awal mula bukanipun kesenian Burok inggih menika saking cariyosipun Nabi Muhammad SAW ingkang ngginakaken *kendaraan* Burok nalika nindakaken Isro Mi'raj. Ingkang salajengipun Burok menika dipundadosaken kesenian tradhisional dening masarakat Cirebon saha masarakat Kabupaten Brebes. Kesenian Burok dados sarana dakwah, dipunginakaken nalika musim ketiga kangge nyuwun jawah, saha kesenian menika dipunginakaken dening petani kangge nyuwun supados asiling tani menika langkung kathah. Nalika sampun ewah gingsiring jaman kesenian Burok dipunginakaken kangge sarana *hiburan* dening masarakat. Salah satunggaling kesenian Burok ingkang taksih dipunlestantunaken dumugi samenika inggih menika kesenian Burok Mekara Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari pimpinanipun Bapak Surip. (2) lampahing pentas kesenian Burok kaperang dados tiga tahap, inggih menika (a) pambukaan pasugatan, (b) *inti* pasugatan, wonten mapinten-pinten *inti* pasugatan kesenian Burok inggih menika pasugatan *kuda lumping, barongsai,* Burok ayu, lan arak-arakan, saha (c) panutup pasugatan, wonten pasugatan *sulap* lan *sintren,* (3) paedah kesenian Burok kangge masarakat inggih menika (a) paedah *spiritual,* (b) paedah sosial, (c) paedah nglestantunaken tradhisi, (d) paedah *hiburan* lan (e) paedah *ekonomi.*

Pamijining tembung: Kesenian, kesenian tradhisional, kesenian Burok

BAB I
PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Kebudayaan inggih menika sedaya menapa kemawon ingkang *tercermin* wonten ing *realitas* masarakat. Miturut (Koentjaraningrat, 1990: 180) kebudayaan inggih menika sistem gagasan, tumindak, saha asiling pakaryan manungsa wonten ing pagesangan masarakat ingkang dipundadosaken kagunganipun manungsa kanthi sinau. Bangsa Indonesia gadhah kathah *warisan* kabudayan wonten ing mapinten-pinten papan. Salah satunggaling kabudayan *warisan* menika arupi *karya sastra* ingkang antawisipun *sastra lesan. Sastra lesan* langkung kathah wonten ing suku Jawa, inggih menika wonten mapinten-pinten *adat istiadat* ingkang dumugi samenika taksih asring dipuntindakkaken.

Budaya inggih menika cara pagesangan ingkang ngrembaka saha dipunwarisaken saking *generasi* satunggal dumugi *generasi* sanesipun. Budaya Jawa ingkang dipungadhahi kaliyan masarakat Jawa *hakekatipun* wonten *unsur-unsur* kabudayan, ingkang salebetipun inggih menika basa, *sistem mata pencaharian, ilmu pengetahuan organisasi sosial, sistem* piranti gesang lan *teknologi, sistem* kapitadosan saha kesenian (Suharti, 2006: 56-61). Adhedhasar saking *unsur-unsur* ingkang sampun dipunsebataken menika, salah satunggalipun arupi *tindakan* ingkang dipunlampahi dening masarakat. Salah satunggaling wujud kabudayaan ingkang dipuntindhakaken inggih menika kesenian. Saben daerah gadhah kesenian tradhisional, wonten ing salebeting kesenian menika gadhah makna, *ciri khas* ingkang beda.

Kesenian wonten ing pangesangan asring dipunrembakakaken dening masarakat, amargi ngandhut unsur-unsur *hiburan*, kaendahan, saha makna tartamtu. Salah satunggaling inggih menika kesenian Burok wonten ing daerah Brebes ingkang taksih dipunrembaka dening masarakat, ingkang ngandut unsur *hiburan*ipun.

Kabudayan Jawa wonten ing *perkembangan* jaman samenika, langkung dangu langkung ical amargi *pengaruh* saking budaya barat saha *teknologi* ingkang sampun *modern* saged nuwuhaken corak kesenian saha kabudayan enggal. Ing jaman samenika kabudayan Jawa prelu sanget dipunlestantunaken, amargi sampun kathah masarakat Jawa ingkang nampi kabudayan *modern*, sahengga kabudayaan ingkang sampun dipungadhahi boten kemutan malih.

Salah satunggaling kabudayan ingkang taksih dipunlestantunaken dening masarakat inggih menika tradhisi kesenian Burok, rumiyinipun kesenian Burok dipunginakaken kangge sarana *penyebaran* agama Islam wonten ing daerah *pantura*, ananging awal mulanipun kesenian Burok wonten ing Kabupaten Brebes dipunginakaken kangge piranti *penyebaran* agama Islam dening para ulama nalika acara *peringatan* Isra Mi'raj. Burok menika minangka *sarana transportasi* ingkang dipunginakaken nalika Isra Mi'raj inggih menika lampahipun Nabi Muhammad SAW saking Masjidil Haram dumugi Masjidil Aqsa saha dipunlajengaken dumugi Sidratul Muntaha. Burok ugi gadhahi kaendahan, unsur Islami kanthi wujud kewan, ingkang sirahipun arupi tiyang estri ingkang ayu, gadhahi *sayap* saha

ekor. Wujud saking kesenian Burok menika wonten gayutipun kaliyan ajaran agama Islam. Kadosta, pasuryanipun Burok menika ayu dados dipunsebat kaliyan Burok ayu, Burok ayu menika ngange krudung ancasipun kangge nutupi sirah Burok, sami kaliyan ajaran wonten ing Islam bilih tiyang estri kedah ngginakaken krudung. Nalika badhe pasugatan langkung rumiyin Burok ayu maringi kurmat dhateng tuan hajat saha masarakat ingkang mriksani kesenian menika, maknanipun bilih wonten ing ajaran agama Islam umat muslim kedah *saling menghormati, menghargai sesama manusia*.

Saking cariyos menika lajeng Burok dipundadosaken kesenian tradhisional dening masarakat pasundan inggih menika daerah Cirebon, amargi *letak geografis* Kabupaten Brebes *berbatasan* kaliyan Jawa Barat, dados kesenian Burok menika ngrembaka wonten ing Kabupaten Brebes. Salah satunggaling kesenian Burok ingkang taksih ngrembaka wonten ing Kabupaten Brebes inggih menika kesenian Burok saking grup Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes. Kesenian Burok Mekar Budaya menika sampun kathah ingkang ewah, inggih menika saking pasugatan, unsur musik, saha boneka-bonekanipun, sanadyan sampun kathah ingkang ewah ananging ugi kesenian menika taksih wonten nilai-nilai ingkang ngandut agami Islamipun. Kesenian Burok jaman rumiyin dipunpentasaken nalika masarakat nyuwun diparingi jawah, supados asil tani masarakat langkung kathah. Ananging sampun ewah gingsiring jaman kesenian menika dipunpentasaken nalika wonten acara-acara tartamtu, kadosta acara hajatan, *perayaan hari kemerdekaan Republik*

Indonesia, ulang tahun Kabupaten Brebes, saha *merayakan kemenangan* kepala desa, sedaya menika ancasipun kangge syukuruan amargi sampun diparingi rezeki dhumateng Gusti Ingkang Maha Agung.

Paraga saking kesenian Burok Mekar Budaya kathahipun kawula muda, inggih menika asli saking penduduk Desa Sarireja, ananging ugi wonten paraga saking daerah sanes. Panyengkuyung kesenian Burok menika ugi langkung kathah. Wiwit rumiyin dumugi samenika masarakat boten bosen kaliyan kesenian Burok, amargi kesenian menika kangge hiburan. Ancas sanesipun supados kesenian Burok saged tetep lestantun saha boten ical amargi dampak saking *globalisasi.* Awit saking menika, narik kawigatosan panaliti kangge mangertosi mula bukanipun kesenian Burok, prosesi lampahing kesenian Burok, saha paedah kesenian Burok, pramila panaliti badhe ngawontenaken panaliten kanthi irah-irahan Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes.

B. Underaning Prakawis

Adhedhasar andharan dhasaring panaliten ing nginggil, nuwuhaken prakawis-prakawis ingkang badhe kaandharaken. Wondene prakawis-prakawis ingkang prelu dipunrembag menika kaandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Asal-usul Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes;
2. Prosesi lampahing Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes;
3. Makna simbolik wonten ing lumampahing prosesi Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes;
4. Paedahipun Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes tumpraping warga masarakat penyengkuyung;
5. Kawontenanipun Kesenian Burok Mekar Budaya wiwit jaman rumiyin dumugi samenika wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes;
6. Ginanipun Kesenian Burok Mekar Budaya tumrap masarakat Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes.

C. Watesaning Prakawis

Adhedhasar underaning prakawis ingkang taksih wiyar, mila prakawis dipunwatesi. Ancasing panaliten menika dipunwatesi supados panaliten menika boten medal saking ancasipun panaliten. Watesaning prakawis kasebut katata kados ing ngandhap menika.

1. Asal-usul Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes;

2. Prosesi lampahing Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes;
3. Paedahipun Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes tumpraping warga masarakat penyengkuyung.

D. Wosing Prakawis

Adhedhasar underaning prakawis saha watesaning prakawis ing nginggil saged dipuntetepaken wosing prakawis. Wondene wosing prakawis wonten ing panaliten menika katetepaken kados ing ngadhap menika.

1. Kadospundi asal-usul Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes;
2. Kadospundi prosesi lampahing Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes;
3. Paedahipun Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes tumpraping warga masarakat penyengkuyung.

E. Ancasing Panaliten

Andhedhasar wosing prakawis ingkang sampun dipunandharaken, pramila ancasing panaliten inggih menika wonten ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken asal-usul Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes;

2. Ngandharaken prosesi lampahing Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes;
3. Paedahipun Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes tumpraping warga masarakat penyengkuyung.

F. Paedahing Panaliten

Asiling panaliten menika kaajab saged migunani saha dados kawruh tumrap para pamaos. Paedahing panaliten menika kaandharaken kados ing ngandhap menika.

1. *Teoritis*

Asiling panaliten menika munpangat sanget kangge nuwuhaken kawruh kabudayaan saking salah satunggaling kesenian ingkang wonten ing tlatah Jawi, mliginipun babagan kesenian Burok. Saged ugi maringi seserepan kangge masarakat, mahasiswa utawi pelajar minangka *acuan* utawi *referensi* babagan pengetahuan kabudayaan.

2. *Praktis*

a. Saged mangertosi proses lampahipun Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes.

b. Saged paring motivasi kangge kawula muda supados nglestantunaken kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes.
c. Saged kangge bahan masukan kangge pelaksanaan program pelestarian saha pengembangan kesenian tradhisionla Burok supados dados asset kebudayaan nasional Indonesia.

G. Pangertosan Tembung ing Irah-irahan

1. Kesenian Burok inggih menika salah satunggaling kesenian tradhisional ingkang kalebet jinising kesenian pagelaran wonten ing daerah Cirebon lan Kabupaten Brebes saha wonten gayutipun kaliyan ajaran agama islam.
2. Dhusun Kubangsari menika salah satungggaling Dhusun wonten ing Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes.

BAB II
GEGARAN TEORI

A. Kabudayan

Kabudayan miturut *Sansekerta* inggih menika saking tembung *buddhayah* tegesipun *bentuk jamak* saking *budi (budi atau akal)*. Pamanggih sanes ngandharaken bilih kabudayan saking tembung *budi* saha *daya*. *Budi* tegesipun *unsur rohani, daya* tegesipun *unsur jasmani* manungsa. Kabudayan inggih menika asil pamikiran utawi akal manungsa (Widyosiswoyo, 2004: 30).

Kabudayan saking tembung basa inggris *culture* tegesipun *mengolah atau mengerjakan.* Saking tembung basa Belanda *cultuur* tegesipun *mengolah tanah atau bertani*. Kabudayan inggih menika *sistem gagasan,* tumindak, saha asil pakaryan manungsa ing pagesangan masarakat ingkang dipundadosaken kagunganipun manungsa kanthi sinau. Pamanggih-pamanggih sanes ngandharaken bilih kabudayan inggih menika.

a. Herskovits ngandharaken bilih kabudayan inggih menika menapa kemawon ingkang turun temurun saking generasi setuggal dumugi generasi sanesipun, ingkang dipunsebat kaliyan *suverorganik.*
b. Andreas Eppink ngandharaken bilih kabudayan ngandut sedaya pangertosan, *nilai, norma, ilmu pengetahuan, serta keseluruhan struktur-struktur sosial, religious, dan lain-lain, ditambah lagi dengan segala pernyataan intelektual dan artistic yang menjadi ciri khas suatu masyarakat.*

c. Edward B. taylor kabudayan inggih menika *keseluruhan kompleks, yang didalamnya terkandung pengetahuan, kepercayaan, kesenian, moral, hokum, adat istiadat, dan kemampuan-kemampuan lain yang didapat seseorang sebagai anggota masyarakat.*
d. Selo Soemardjan saha Soelaiman Soemardi, kabudayan inggih menika *sarana hasil karya , rasa, dan cipta masyarakat.*

Miturut ahli ilmu sosial saking Koentjoroningrat (1994: 9) kabudayan tegesipun wiyar, inggih menika sedaya pikiran, karya manungsa *yang tidak berakar kepada nalurinya. Dan yang karena itu hanya bias divetuskan oleh manusia sesudah suatu proses belajar.* Haji Agus Salim wonten ing Gazalba (1968: 85) ngandharaken kabudayan inggih menika *persatuan* antawisipun budi saha daya dados makna satunggal jiwa ingkang boten saged dipunperang utawi dipunpisah. Budi tegesipun *akal, pikiran, pemahaman,* pangertosan, saha pramayogi. Daya tegesipun *tenaga, kesanggupan,* kekiyatan. Kabudayan saged dipuntegesi *himpunan* sedaya *usaha* saha daya upaya ingkang dipuntindakaken ngginakaken asil pramayogi budi supados menapa kemawon langkung sae kanthi ancas kangge tumuju kasampurnaan.

Saking pangertosan-pangertosan ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih kabudayan inggih menika asiling cipta, rasa, karsa manungsa ingkang ngandhut nilai-nilai utawi norma-norma budi pakerti kangge ngabetahi kabetahan pagesangan manungsa.

Miturut J.J. Hoeningman lumantar Herimanto (2011: 25) ngandharaken bilih kabudayan gadhah tigang wujud inggih menika *gagasan, aktivitas,* saha *artefak.*

1. *Gagasan (wujud ideal),* wujud kabudayan minangka satunggaling *kompleks* saking *ide-ide, gagasan, nilai-nilai, norma-norma, peraturan* lan sapanunggalanipun.
2. *Aktivitas (tindakan),* wujud kabudayan minangka satunggaling *kompleks aktivitas kelakuan berpola* saking manungsa wonten ing masarakat.
3. *A*rtefak (karya), wujud kabudayan minangka *benda-benda* asli karyanipun manungsa.

Adhedhsar wujud kabudayan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih wujudipun kabudayan wonten tiga. Wujud ingkang sepisan sipatipun *abstrak* namung wonten ing panalaranipun manungsa saha boten saged dipuntingali. Wujud ingkang kaping kalih inggih menika kalebet *sistem sosial* ingkang dipuntindakaken dening manungsa saha saged dipuntingali. Wujud ingkang pungkasan kalebet asiling karya manungsa ingkang awujud *benda-benda* ingkang saged dipuntingali saha sipatipun nyata.

Miturut E. B. Tylor lumantar Sulasman (2013: 40) Unsur-unsur kabudayan ngandut 7 unsur kabudayan inggih menika:

1. *Sistem religi dan upacara kabudayan,*
2. *Sistem dan organisasi kemasyarakatan,*
3. *Sistem pengetahuan,*
4. *Bahasa,*

5. *Kesenian,*
6. *Sistem mata pencaharian hidup,*
7. *Sistem teknologi dan peralatan.*

Adhedhasar unsur kabudayan ing inggil, salah satunggalipun inggih menika kesenian. Kesenian kalebet kabudayan ingkang dipunwarisaken kanthi turun temurun dening masarakat. Salah satunggaling kesenian inggih menika kesenian tradhisional kadosta kesenian Burok wonten ing Kabupaten Brebes. Kesenian Burok ingkang dipunginakaken dening masarakat Sarireja kalampahan kanthi adhedhasar *hiburan* ugi kapitadosan masarakat tumrap proses lampahipun kesenian Burok ingkang kathah mupangatipun. Salajengipun, proses lampahing kesenian Burok pikantuk sarana lesan saha saperangan sarana lesan kalawau asring dipunsebat *folkor*.

B. *Foklor*

Miturut Danandjaja (1994: 1-3) tembung *folklor* saking basa Inggris *folklor*. Tembung menika minangka tembung *majemuk*, asalipun saking kalih tembung *dasar folk* saha *lore*. *Folk* tegesipun *kolektif*, ingkang gadhah titikan pengenal *fisik* utawi kabudayan ingkang sami, ugi gadhah *kesadaran* kepribaden kesatuan masarakat. *Lore* minangka tradhisi *folk*, inggih menika saperangan kabudayan ingkang dipunwarisaken kanthi *turun-menurun* mawi lesan utawi ginakaken tuladha *disertai gerak isyarat* utawi piranti kangge mbiyantu pangeling-eling.

Miturut Alan Dundes, *folk* inggih menika saking mapinten-pinten tiyang ingkang gadhahi titikan *pengenal fisik, sosial,* saha kabudayan, sahengga saged dipunbedaaken saking kelmpok-kelmpok sanesipun. titikanipun *pengenal* menika saged awujud warni kulit ingkang sami, wujudipun rikma ingkang sami, *mata pencaharian* ingkang sami, basa ingkang sami, saha agami ingkang sami. Ananging wonten ingkang langkung wigati inggih menika bilih tiyang menika sampun gadhahi tradhisi, minangka kabudayan ingkang sampun turun temurun, kirang langkung kalih generasi

Folklor menika kalebet kawruh ingkang wiyar, inggih menika kabudayan *kolektif* ingkang kasebar saha dipunwarisaken *turun temurun* antawis *kolektif* menapa kemawon, kanthi tradhisional wonten ing versi ingkang beda-beda. Bentuk lesan utawi tuladha ingkang ngginakaken *gerak isyarat* utawi piranti pangeling-eling. Ingkang kalebet *folklor* inggih menika *pengetahuan, asumsi, tingkah laku, etika, perasaan, kepercayaan,* saha sedaya praktik-praktik pagesangan tradhisional, sarta gadhah fungsi kangge piyambakipun. *Folklor* sanes namung kangge piyambakipun kemawon, ananging *sebuah kolektif*, Amargi *kolektif* menika boten *terbatas ruang dan waktu, folklor* kadangkala saged kirang uga saged ngrembaka.

Wonten ing Indonesia, asalipun *folklor* saking salah satunggaling papan tartamtu. Amargi gadhah teges ingkang wiyar, *folklor* sinebar rata wonten ing Indonesia, sahengga dados kagunganipun bangsa Indonesia. Kempalanipun *folklor* Indonesia tamtu langkung wiyar bilih

dipunbandhingaken kaliyan *folklor* lokal, tuladhanipun *folklor* Jawi. Ananging, *folklor* jawi kalebet *folklor* lokal ingkang wiyar kawruhipun.

Folklor Jawi minangka perangan saking kabudayan Jawi ingkang kasebar kanthi turun-temurun. *Sejalan dengan eksistensinya budaya Jawa yang "*adiluhung*", folklor* Jawa wonten ingkang adiluhung, ananging wonten ugi ingkang *profane.* Kekalihipun sami nyengkuyung angggenipun ndamel *komunitas foklor.* Endraswara (2010: 4-5) ngandharaken bilih *Folklor* Jawa inggih menika sedaya pakaryan tradhisi ingkang sampun dipunwarisaken lan wonten paedahipun kangge masarakat panyengkuyungipun. Miturut Yadnya (Endraswara, 2009: 28) *folklor* inggih menika perangan kabudayan ingkang sipatipun tradhisional, boten *resmi (unifocial),* saha *nasional.*

Kedudukan folklor kaliyan kabudayaan sanesipun temtukemawon wonten bedanipun, amargi *folklor* gadhah *karakteristik* utawi gadhah titikanipun piyambak. Miturut pamanggih Danandjaja titikan saking *folklor* jawi inggih menika:

1. Pewarisanipun utawi dipunsebar dipuntindakaken kanthi lesan, *melalui tutur kata dari mulut ke mulut.*
2. Folklor asifat tradhisional, inggih menika dipunsebar kanthi bentuk *relative tetap* utawi *dalam bentuk standar*.
3. *Folklor ada (exist)* wonten *versi-versi* saha *varian-varian* ingkang beda. Dipunsebabaken cara penyebaranipun *dari satu mulut ke mulut yang lain* biasanipun boten ngangge cetakan utawi *rekaman*, sahengga manungsa kadangkala kesupen utawi proses *interpolasi (interpolation).*

4. *Folklor* asifat *anonim,* inggih menika ingkang ngripta boten dipunserat utawi pangriptanipun boten dpunpanggihi tiyang sanes.
5. *Folklor* biasanipun gadhahi *bentuk berumus* utawi *berpola.*
6. *Folklor* gadhah keginaan kangge *alat pendidik,* pelipur lara, *protes sosial,* saha *proyeksi keinginan terpendam.*
7. *Folklor* asifat *pralogis,* inggih menika gadhahi *logika* piyambak ingkang boten *sesuai logika umum.* Titikan menika dipunginakaken kangge *folklor* lisan.
8. *Folklor* dados kagunganipun sedaya (*collective*) ugi dados tanggel jawabipun kangge sedaya.
9. *Folklor* asifat *polos* saha *spontan.*

Andharan saking pamanggih-pamanggih ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih *folklor* inggih menika kabudayaan ingkang dipunwarisaken kanthi *turun-temurun* wonten ing sakelompok masarakat tartamtu kanthi lesan ingkang sipatipun tradhisional. Saking kajian *folklor,* kesenian Burok kalebet *folklor* Jawi amargi:

1. Kesenian Burok dumugi samenika dipunsebar kanthi lesan,
2. Kadangkala anggenipun pentas saking papan satunggal dumugi papan sanesipun variasinipun beda-beda ananging ancasipun sami,
3. Kesenian Burok asipat pralogis, amargi wonten ing kesenian Burok gadhah sipat mistisipun,
4. Kesenian Burok gadhah unsur guyonan.

Saking andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih *folklor* salah satunggaling unsur ingkang tansah gayut kalihan kabudayan. *Folklor* ugi boten saged dipunpisahaken kaliyan kesenian tradhisi saha gadhah paedah kangge masarakat penyengkuyung ingkang maneka warni kagiatan wonten ing masarakat. Salah satunggaling kagiatan kesenian tradhisi wonten ing masarakat inggih menika kesenian Burok wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes, ingkang samenika taksih dipunginakaken.

Potter lumaantar Endraswara (2010: 2) ngandharaken bilih *folklor* inggih menika "*a livelly fossing which refuses to die*". Saking penggalih menika katingal bilih *folklor* kathah ingkang ngandharaken babagan-babagan kuno. Seluk beluk jaman rumiyin asring dipunlebetaken dados *folklor*. Satemah *folklor* ingkang taksih gadhah makna saha nggadhah munfangat kangge masarakat ingkang nyengkuyung menika saged lestantun, beda kaliyan ingkang kirang nggadhahi munfangat menika langkung dangu saged *punah*. Miturut Purwadi (2009: 2) ngandharaken bilih *folklor* dipunlestantunaken dening masarakat panyengkuyungipun kanthi semangat, boten wonten paksaan. Wonten ing maneka werna papan, *folklor* gadhah paedah minangka wujud *sodidaritas sosial*. Biasanipun lelampahan *folklor* gegayutan kaliyan ritual mistik. Ancasipun inggih menika supados pikanthuk katentraman wonten ing pagesangan.

Saking andharan wonten ing inggil *folklor* ingkang gadhah makna saha paedah langkung saged lestantun amargi taksih dipunsekuyung dening

masarakat. Kados dene wonten ing Desa Sarireja, *folklor* ngengingi kesenian Burok sampun kalampahan dumugi samenika, amargi masarakat pitados bilih *folklor* ing papan menika gadhah paedah saha ancas kangge masarakat penyengkuyung.

C. *Kesenian* Tradhisional

Kesenian dados salah satunggaling unsur budaya inggih menika *betul-betul sebagai hasil perilaku bermakna yang intinya dapat mengandung nilai plus bagi manusia,* amargi seni wonten gayutanipun kaliyan kaendahan utawi menapa kemawon ingkang *menarik* wonten *ide-ide* kangge pangriptanipun, *norma-norma* kangge mangertosi kaendahan, saha wonten ancasipun kangge kesenian menika. Miturut Suharti (2006: 61-62) ngandharaken bilih *Sistem sosial* wonten gayutanipun kaliyan mapinten-pinten *tindakan* pangripta seni, inggih menika menawi saweg wonten pasugatan seni, lajeng wonten bidang *fisik,* samenika saged dipuntingali saking mapinten-pinten *aspek benda-benda seni yang terhitung banyak jumlahnya*.

Kayam (1981: 15) ngandharaken bilih kesenian inggih menika salah satunggaling *unsur* ingkang *menyangga* kabudayan. Kesenian boten saged dipunpisahaken kaliyan masarakat amargi kalebet salah satunggaling perangan saking kabudayan. Kesenian inggih menika wujud *kreativitas* saking kabudayan. Masarakat ingkang nyengkuyung kabudayan saha kanthi mekaten, kesenian ugi anggenipun ngripta paring *peluang* kangge obah, njagi,

nularaken, ngrembakaaken kangge ngripta kabudayan ingkang enggal malih (Kayam 1981: 39).

Saking pangertosan-pangertosan ing inggil, saged dipunpendhet dudutan inggih menika kesenian mliginipun kesenian tradhisional minangka wujud saking *kreativitas* manungsa ugi dados wujud kaendahan ingkang dipunripta dening manungsa. Kesenian menika ugi wujud saking nenek moyang ingkang dipunturunaken dening masarakat jaman samenika salajengipun dipunrembaka.

Miturut Koentjaraningrat (1984: 213) wujud kesenian rakyat wonten 9, inggih menika. *(1) tarian drama memakai topeng; (2) pelawak-pelawak bertopeng yang menari dan menyanyi; (3) pertunjukan dengan penari yang berpakaian menyerupai raksasa; (4) tarian kuda kepang; (5) tarian yang di tarikan gadis-gadis remaja; (6) pertunjukan sulap; (7) pertunjukan wayang kulit; (8) pertunjukan ahli cerita;* saha *(9) pertunjukan sholawatan yang beriorentasi islam.*

Saking adharan wonten ing inggih, saged dipunpedhet dudutanipun bilih kesenian Burok kalebet wujud saking kesenian rakyat amargi kesenian Burok menika wonten pasugatan *sulap*, pambeksa saha *tarian drama memakai topeng.* Kesenian Burok menika salah satunggaling wujud kesenian tradhisional ingkang taksih dipunginakaken dumugi samenika dening masarakat Kabupaten Brebes.

D. Kesenian Burok

Kesenian Burok minangka salah satunggaling kesenian tradhisional ingkang misuwur wonten ing Kabupaten Brebes dumugi Kabupaten Cirebon. Kesenian menika minangka sarana *silaturahmi* saha kangge ngucap syukur ingkang biasanipun dipuntindhakaken wonten ing acara hajatan, *perayaan pemenangan kepala* dhusun, *perayaan hari ulang tahun Repoblik Indonesia, hari ulang taun desa* saha *hari ulang taun kabupaten brebes*. Kathah masarakat ingkang ngginakaken kesenian Burok menika kangge prosesi hajatan, mliginipun hajatan khitanan. Pasugatan seni Burok wonten ing prosesi khitanan kangge *hiburan* bujang sunat utawi lare ingkang badhe dikhitan kanthi ancas *ngalap* berkah mawi nunggang *kendaraan* Burok, amargi Burok menika kendaraan Nabi Muhammad SAW nalika Isra mi'raj. Boten namung *hiburan* kangge bujang sunat kemawon, kesenian Burok menika ugi *hiburan* kangge masarakat ingkang nyengkuyung.

Miturut Tansidik (2010: 20) ngandharaken bilih kesenian Burok minangka pasugatan kesenian ingkang dipunginakaken kangge *tolak bala untuk menyingkirkan halangan atau rintangan* wonten ing pagesangan (biasanipun dipunginakaken nalika musim *pagebluk*). Kesenian menika ugi dados *suluh dakwah islam* sarta kangge ngemutaken masarakat nalika *perjuangan* Nabi Muhammad.

Pangertosan Burok dipuntingali saking wujud saha jinisipun, inggih menika jinis pasugatan ingkang dipuntindakaken wonten ing margi utawi pelataran ingkang wiyar, ingkang awujud *gambaran kuda semberani (kuda*

terbang), sirahipun awujud tiyang estri ingkang ayu, dipunginakaken kerudung *sutra* ingkang *bertaburan tretes intan.* Nalika arak-arakan wonten ing wingkingipun Burok ayu menika dipuniringi kaliyan wujud kewan sanesipun, kadosta liman, sima, saha paksi raksasa.

Minangka kesenian rakyat, Burok dados kesenian *klangenan* masarakat pesisir utara. Iringan musik ingkang dipunginakaken inggih menika *terbang Jawa* saha *terbang kecer.* Cacahipun paraga saha panyengkuyungipun *diibaratkan rombongan yang mengantarkan penganten untuk duduk ke pelaminan berbusanakan warna cerah.* Wonten ing salebeting referensi islam Burok *melesat ke angkasa tanpa menyentuh tanah.*

Miturut Bapak Wijanarto, kesenian Burok inggih menika *momentum* saking peristiwa agama Islam nalika Rasullulah nindhakaken Isra Mi'raj ingkang ngginakaken kendaraan, wonten ing salebeting Ayat Al Quran dipunsebat kaliyan Burok *(kilat).* Wonten ing simbolisasi kesenian Burok, Burok menika dipungambaraken kadosta tiyang estri ingkang ayu, ngginakaken kerudung saha *ronce-ronce hiasan* sanesipun, ananging wujud saking badanipun kadosta peksi. Wujud pengiring Burok sanesipun inggih menika liman, sima, *pawang,*saha *alat perkusi.* Kesenian Burok menika dipunginakaken nalika masarakat nyuwun jawah, supados asil panenipun langkung kathah, ananginng samenika kesenian Burok namung kangge *hiburan* masarakat.

Saking andharan wonten ing nginggi, saged dipunpendhet dudutan bilih kesenian Burok inggih menika kesenian tradhisional Islami ingkang

sampun misuwur wonten ing daerah Brebes dumugi Cirebon, kesenian Burok diilhami saking cariyosipun masarakat Islam ngengingi lampahipun Nabi Muhammad nalika Isra Mi'raj ingkang ngginakaken *kendaraan* kewan *kuda bersayap* ingkang dipunsebat Burok. Tembung Burok menika istilah ingkang dipunginakaken wonten ing salebeting Al Quran inggih menika "*kilat*".

E. Panaliten ingkang Gayut

Panaliten ingkang relevan inggih menika panaliten kanthi irah-irahan "Kesenian Brendung ing Desa Sarwodadi, Kecamatan Comal, Kabupaten Pemalang: Kawontenan saha Ginanipun Tumrap Masarakat" ingkang dipunanggit dening Anggit Rimbang Winulang. Panaliten menika ngginakaken kajian *folklor* kanthi ancas kawontenan saha ginanipun kesenian brendrung tumrap masarakat. Ugi panaliten sanesipun ingkang relevan inggih menika kanthi irah-irahan "Kesenian Badui wonten ing Dhusun Klawisen, Desa Margoagung, Kecamatan Seyegan, Kabupaten Sleman" ingkang dipunanggit dening Lisa Dewi Nurul Anisa. Panaliten menika sami-sami nliti mula bukanipun kesenian badui, lampahing kesenian badui saha paedahipun kesenian badui.

F. Nalaring Pikir

Miturut gagaran teori ingkang dipunandharaken bilih kesenian menika salah satunggaling kesenian ingkang sampun dipuntindakaken kaliyan masarakat kanthi turun temurun. Kangge njagi tradhisi menika supados boten

ical kedah dipunlestantunaken. pramila para kadang mudha estunipun kedah njagi kaliyan nguri-uri tradhisi kesenian menika supados boten ical kangge budaya manca. Panaliten menika anggenipun ngrembag mawi lelampahan panaliti wawanrembag kaliyan pimpinan kesenian Burok, Bapak Wijayanarto, Bapak Casrudin, Bapak Cewod, saha paraga kesenian Burok.

BAB III
CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten kesenian Burok menika dipuntindhakaken wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes ngginakaken *metode* panaliten *kualitatif.* Tohirin (2012: 3) ngandharaken bilih panaliten *kualitatif* inggih menika panaliten ingkang gadhah ancas kangge mangertosi *fenomena* babaagan menapakemawon ingkang dipunalami dening *subjek* penelitian kadosta *perilaku, persepsi, motivasi, tindakan,* lsp. Secara *holistik* saha kanthi cara *deskripsi* awujud tembung-tembung saha basa wonten ing konteks khusus ingkang *alamiah* sarta kanthi manfangataken mapinten-pinten *metode alamiah.* Miturut Kirk saha Miller lumantar Meleong (2014: 4) bilih panaliten *kualitatif* inggih menika tradhisi tartamtu wonten ing *ilmu pengetahuan sosial* ingkang *secara fundamental bergantung pada pengamatan pada manusia pada kawasannya sendiri dan berhubungan dengan orang-orang tersebut dalam bahasanya dan dalam peristilahan.*

Miturut andharanipun Endraswara (2006: 14) bilih kanthi ngginakaken cara panaliten *kualitatif* menika panaliti saged manggihi pamanggih-pamanggih enggal. Satemah saking kathahipun pamanggih enggal menika panaliti saged mendhet dudutan, lajeng dipunandharaken asilipun kanthi cariyos ingkang saged narik kawigatosan. Miturut Danim (2002: 51) panaliten *kualitatif* asifat *deskriptif,* inggih menika *data* ingkang sampun kempal awujud tembung-tembung, gambar sanes angka-angka. *Data* ingkang

dipunasilaken kadosta *transkip interview*, cathetan lapangan, foto, *dokumen pribadi* lsp. Menawi saking pamanggihipun Best lumantar Sukardi (2014: 157) panaliten *kualitatif* asifat *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang ngupaya nggambaraken saha *nginterpretasi* objek adhedhasar kasunyatanipun. Panaliten menika ugi dipunsebat *noneksperimen*, amargi panaliten menika boten wonten *control* saha *manipulasi variable* panaliten. Asiling panaliten samangke awujud tembung saha cariyos.

Wonten ing panaliten *kualitatif informasi* ingkang kapendhet kanthi ngawontenaken panaliten secara langsung saha wawanpirembugan (*wawancara*), sahengga panaliti kedah langsung wonten ing papan ingkang dipunteliti kangge mendhet saha ngasilaken *data-data* ingkang saged mangsuli prakawis ingkang wonten ing panaliten menika.

B. *Setting* Panaliten

Setting panaliten inggih menika papan panaliten wonten ing lapangan ingkang sampun dipuntemtokaken kaliyan panaliti kangge *objek* panaliten. Panaliten kesenian Burok dipuntindakaken wonten ing Desa Sarireja Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes ing dinten kemis tanggal 23 Juni 2017 wonten ing dalemipun Bapak Casrudin. Pasugatan kesenian Burok wonten ing latar saha margi sangajengipun dalemipun Bapak Casrudin. Nalika arak-arakan mubengi Desa Sarireja dumugi Dhusun Karangmangu. Kesenian Burok dipunwiwiti ing wayah siyang dumugi sonten. Sedaya panyengkuyung

kesenian Burok kathah-kathahipun saking masarakat Desa Sarireja, menawi para paraga kesenian Burok menika saking mapinten-pinten Desa.

C. *Data* lan Sumber *Data*

Data utama wonten ing panaliten *kualitatif* ngginakaken *data deskriptif* ingkang awujud tembung-tembung utawi ukara-ukara ingkang dipunandharaken saking *informan. Data* ingkang dipunkempalaken wonten ing panaliten menika awujud mula bukanipun kesenian, lampahing kesenian, lan paedah kesenian Burok. Sumber *data* asalipun saking *setting* ingkang dipunteliti inggih menika papan panaliten saha pelaku utama anggota kesenian Burok ingkang wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes.

D. *Informan* Panaliten

Informan inggih menika tiyang ingkang maringi *informasi* ingkang dipunpreluaken kanthi langsung utawi pirembugan. Anggenipun nemtuaken *informan* panaliti ngginakaken cara *snow-ball sampling.* Miturut Endraswara (2006a: 206) ngandharaken bilih *snow-ball sampling* inggih menika ibaratipun *bola salju* ingkang nglindhing anggenipun nemtokaken *objek* panaliten. Panaliti padosi tiyang ingkang langkung mangertosi ngengingi bab kesenian Burok.

Informan ingkang dipuntemtokaken dados *informan* inggih menika pemimpin kesenian Burok, Bapak Wijanarto, Bapak Cewod saha Bapak

Casrudin ingkang mangertosi *informasi* saking kesenian Burok. *Informan* sanesipun inggih menika paraga saha panyengkuyung kesenian Burok. Lajeng saking menika panaliti saged angsal data ngengingi kesenian Burok.

E. Caranipun Ngempalaken *Data*

Cara ngempalaken *data* inggih menika cara ingkang dipunginakaken panaliti kangge ngempalaken *data-data* ingkang dipunbetahaken panaliti nalika neliti kesenian Burok. Caranipun ingkang dipunginakaken inggih menika awujud *data kualitatif* inggih menika pangempalan *data* ingkang boten ngginakaken angka-angka, annaging adhedhasar kasunyatan ingkang saged dipuntingali saking *observasi berfartisipatif, wawancara mendalan* lan *dokumentasi.*

1. *Observasi berfartisipatif*

Endraswara (2006a: 209) ngandharaken bilih wonten ing *observasi berfartisipatif* utawi *pengamatan berperanserta* panaliti nderek kagiyatan pasif utawi aktif wonten ing tindakan budaya. Panaliti peran sarta wonten ing aktivitas-aktivitas ingkang dados objek panaliten. Miturut Bungin (2005: 65) *melalui observasi itulah dikenali beberapa rupa kejadian, peristiwa, keadaan, tindakan yang mempola dari hari ke hari di tengah masyarakat.*

Creswell (2008) lumantar Herdiansyah (2013: 130-131) pangertosan *observasi* inggih menika.

> *Observation as form of data collection is the process of gathering open-ended, firsthand information by observing people and place at a research site.*

Pangertosan miturut Creswell wonten ing nginggil bilih *observasi* ingkang dados *proses penggalian data* ingkang dipuntindakaken langsung dening panaliti (sanes dening *asisten* panaliti utawi tiyang sanes) kanthi cara pengamatan *mendetai terhadap* manungsa ingkang dados *objek observasi dan lingkungannya dalam kancah riset.* Bilih *observasi* boten saged misahaken antawisipun objek manungsa kaliyan lingkunganipun. Amargi miturut Creswell manungsa kaliyan lingkungan inggih menika satunggal *paket.*

Observasi berpartisipatif dipuntindakaken kanthi pengamatan langsung dhumateng objek panaliten ingkang angliputi ningali saha ngamati pementasan kesenian Burok, nderek peran serta ing *fenomena* budaya, nindakaken *pencatatan* ngengingi *data* utawi *informasi* supados pikantuk *data primer* amargi *data* dipunpendhet langsung saking lokasi pementasan kesenian Burok.

2. *Wawancara mendalam*

Wawancara mendalam dipuntindakaken langsung kanthi *terbuka* antawisipun *informan* lan pewawancara. Meleong lumantar Herdiansyah (2013: 29) ngandharaken bilih *wawancara* inggih menika *wawancara* kanthi ancas tartamtu. *Wawancara* dipuntindakaken dening kalih tiyang inggih menika *pewawancara (interviewer)* ingkang maringi pitakenan saha *terwawancara (interviewee)* ingkang maringi wangsulan saking pitakenan menika.

Ahli-ahli sanesipun kadosta Stewart & Cash (2008) lumantar Herdiansyah (2013: 30) maringi pangertosan ngengingi *wawancara* inggih menika.

> *"an interview is interactional because there is an exchanging, or sharing of roles, responsibilities, feelings, beliefs, motives, and information. If one person does all of the talking and the other all of the listening, a speech to an audience of one, not an interview, is talking place."*

Pangertosan wonten ing nginggil ngandharaken bilih *wawancara* inggih menika wonten ing salebeting *interaksi* wonten *pertukaran/ sharing, aturan, tanggung jawab, perasaan, kepercayaan, motif dan informasi. Wawancara bukanlah suatu kegiatan dimana satu orang hanya bertugas untuk melakukan/ memulai pembicaraan sementara yang lain hanya mendengarkan.* Miturut Herdiansyah (2013: 31) ngandharaken bilih *wawancara* inggih menika proses *interaksi komunikasi* ingkang dipuntindakaken kaliyan kalih tiyang, *atas dasar ketersediaan dan dalam setting alamiah, dimana arah pembicaraan mengacu kepada tujuan yang telah ditetapkan dengan mengedepankan trust sebagai landasan utama dalam proses memahami.*

Wawancara mendalam dipuntindakaken dening *informan* ingkang mangertos ngengingi kesenian Burok inggih menika pimpinan kesenian Burok, saking Dinas Pariwisata dan Kebudayaan, paraga saha panyengkuyung kesenian Burok.

3. *Dokumentasi*

Data dokumentasi dipunginakaken kangge njangkepi *data* wonten ing panaliten supados langkung *akurat. Data dokumentasi* ingkang dipunginakaken awujud foto-foto, video, rekaman, saha cathetan lapangan. *Dokumentasi* dipunginakaken kangge jumbuhaken *data* ingkang dipunserat lan *data* saking *informan.*

F. Pirantining Panaliten

Pangempalaning *data* ngginakaken piranti utawi *alat bantu* ingkang awujud buku cathetan, *handpone,* lan *kamera digital.* Buku cathetan dipunginakaken kangge nyerat *informasi* ingkang gegayutan kaliyan panaliten. *Kamera digital* dipunginakaken kangge maringi dokumen ingkang awujud foto-foto saking pementasan kesenian Burok. *Handpone* dipunginakaken kangge ngrekam *informasi* saking *informan* lan ngampilaken menawi wonten seratan ingkang kesupen dipunserat.

G. Caranipun Nganalisis *Data*

Caranipun nganalisis *data* wonten ing panaliten menika dipunginakaken inggih menika *metode deskripsi kualitatif. Data* dipunandharaken kanthi awujud tetembungan saha ukara. Langkah-langkahipun wonten ing ngandhap menika.

1. *Transkripsi rekaman data,* inggih menika ngewahi data menika ingkang sakderengipun awujud rekaman wawanpangandikan saking *informan* dados seratan.
2. *Klasifikasi data,* inggih menika alih basa *data* ingkang kalawau sampun dados seratan lajeng dipun alih basakaken mawi basa karma.
3. *Penerjemahan data,* inggih menika panaliti ngandharaken *data* kadosta sejarahipun, prosesi, saha paedah wonten ing masarakat Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes.
4. *Deskripsi,* inggih menika panaliti ngandharaken *data* kadosta sejarahipun, prosesi lampahing, saha paedah kesenian Burok.

H. Caranipun Ngesahaken *Data*

Cara ngesahaken *data* wonten ing panaliten Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes inggih menika *trianggulasi. Trianggulasi* menika kangge ngecek keleresan *data* ingkang pikantuk saking asiling panaliten. *Trianggulasi* Inggih menika *teknik* ngesahaken *data* ingkang mumpangataken satunggaling kahanan ing njawi *data* menika kangge ngecek utawi minangka mbandhingaken tumrap data menika. Meleong lumantar Sukardi (2006: 106). *Trianggulasi* ing panaliten menika ngginakaken *trianggulasi sumber* lan *trianggulasi metode.* Cara *trianggulasi* sumber, inggih menika madosi data saking kathahing *informan,* tiyang ingkang katingal langsung kaliyan objek kajian. Miturut Endraswara (2006b: 110), *trianggulasi sumber* inggih menika

pados *data* saking mapinten-pinten *informan* inggih menika tiyang ingkang gegayutan langsung kaliyan objek kajian utawi objek ingkang dipunteliti. Endraswara (2006b: 110) ngandharaken bilih *trianggulasi Metode* inggih cara ngempalaken *data ingkang dipuntindakaken* ngginakaken mapinten-pinten *metode* pengempalan *data* saged awujud observasi (pengamatan), *wawancara, dokumentasi. Trianggulasi metode* dipunginakaken kangge nandhingaken menapa ingkang dipunandharaken dening *informan* kaliyan *data* asil pengamatan (observasi) lan *data-data* sanesipun.

BAB IV
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. *Deskripsi Setting* Panaliten

1. Andharaning Papan Panaliten

Panaliten Kesenian Burok dipuntindakaken wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes. Desa Sarireja kalebet salah satunggaling desa ing Kecamatan Tanjung. Kangge ngandharaken menapa kemawon desa ingkang wonten ing Kecamatan Tanjung, ing ngandhap menika gambar peta Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes.



Gambar 01. *Peta* Kecamatan Tanjung Kabupaten Brebes
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Desa Sarireja menika desa ingkang mapan wonten ing Kabupaten Brebes sisih kilen.Tebihipun Kabupaten Brebes dumugi Desa Sarireja inggih menika ± 36 km, dene saking Kecamatan Brebes dumugi Desa Sarireja

tebihipun inggih menika ± 10 km. Saking *pusat pemerintahan Provinsi* dumugi Desa Sarireja tebihipun inggih menika ± 195 km, dene saking *ibu kota Negara* dumugi Desa Sarireja tebihipun inggih menika ± 370 km. Piranti *transportasi* saking Desa Sarireja dumugi Kecamatan Tanjung saged ngginakaken sepedha montor, mobil saha angkutan umum. Margi wonten ing Desa Sarireja inggih menika kirang sae kathah jlegonganipun, ananging wonten ing kecamatan saha Kabupaten Brebes marginipun sampun sae ananging asring macet, amargi kangge medal mlebetipun mobil saking pintu toll.

Desa Sarireja wiyaripun inggih menika 299 Ha. Miturut *geografis* Desa Sarireja menika wonten ing *ketinggian* saking *permukaan air laut* inggih menika 30 Mdpl, kathahipun *curah hujan* 2000/ 3100 mm, saha kahanan *suhu udara* inggih menika 26 – 32 °C. Desa Sarireja dipunperang dados tiga dhusun inggih menika Dhusun Kubangsari, Dhusun Benda saha Dhusun Cantilan. Dhusun Kubangsari kalebet Dhusun ingkang wonten kesenian Burok. Dene saking tiga dhusun menika dipunperang dados 2 RW saha 18 RT. Ing ngandhap menika gambar peta Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes.

Miturut cathetan *administratif*, Desa Sarireja gadhah watesan kaliyan Desa sanesipun. Watesan Desa Sarireja inggih menika kados mekaten.

a. Sisih eleripun kanthi dipunwatesi kaliyan Desa Luwunggede, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes,

b. Sisih wetanipun kanthi dipunwatesi kaliyan Desa Kubangputan saha Desa Cimunding, Kecamatan Banjarharjo, Kabupaten Brebes,

c. Sisih kilenipun kanthi dipunwatesi kaliyan Desa Negla, Kecamatan Losari, Kabupaten Brebes,

d. Sisih kidulipun kanthi dipunwatesi kaliyan Desa Cibuniwangi, Kecamatan Banjarharjo, Kabupaten Brebes.

Papan kanggge pasugatan kesenian Burok wonten ing pelataranipun Ibu Nurjanah saha Bapak Casrudin minangka ingkang gadhah hajatan inggih menika khitanan putranipun, wonten ing Dhusun Kubangsari Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes. Saha papan kesenian Burok ingkang awujud arak-arakan kalampahan ing margi Desa Sarireja. Ing ngandhap menika gambar *denah* papan panaliten kesenian Burok ing Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes.



Gambar 02. *Denah* papan panaliten
Sumber: Desi Lisufiana

Denah wonten ing inggil menika nggambaraken papan panaliten ngangge naliti kesenian Burok wonten ing Desa Sarireja. Garis werni abrit wonten ing *denah* menika nunjukaken bilih prosesi arak-arakan kesenian Burok menika ngelilingi Desa Sarireja. Arak-arakan menika dipunsengkuyung kaliyan masarakat Desa Sarireja saha wonten masarakat saking jawi. Saking menika saged dipunpendet dudutan bilih masarakat taksih nglestantunaken kesenian tradhisional inggih menika kesenian Burok.

2. Paraga Kesenian Burok Mekar Budaya

Sedaya prosesi kesenian Burok temtunipun mbetahaken paraga utawi panyengkuyung supados acara menika saged kalampahan kanthi lancar mboten wonten alangan punapa. Paraga wonten ing kesenian Burok inggih menika kathahipun saking masarakat Desa Sarireja, ananging wonten paraga saking njawi Desa Sarireja inggih menika saking grup kesenian Taruna Budaya Desa Ciledug, Kecamatan Ciledug, Kabupaten Cirebon. Saha panyengkuyung kesenian Burok menika wonten ingkang saking njawi Desa Sarireja. Andharan menika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* (01) kados wonten ing ngandhap menika.

> *"Ini pemainnya ada yang dari grup kesenian Burok lainnya mba. Jadi saya manggil pemain barongsai sama pemain kuda lumping, karena pemain saya lagi tidak ada dirumah, lagi kerja di Jakarta. Kalau penonton kebanyakan dari masarakat sini, tapi dari Kubangputat juga ada yang nonton mba."* (CLW 01)

> "Menika paraganipun wonten saking *grup* kesenian Burok sanesipun mba. Dados kula *manggil* paraga *barongsai* saha paraga *kuda lumping*, amargi paraga kula mboten wonten teng griya, nembe nyambut ndamel wonten ing Jakarta. Menawi panyengkuyung kathah-

> kathahipun saking masarakat piyambak, ananging wonten ugi saking Kubangputat ingkang nderek mriksani.” (CLW 01)

Andharan menika ugii dipunsekuyung dening andharanipun *informan* (03) kados wontening ngandhap menika.

> *“Yang nonton banyak, yang dari tangga desa juga pada lihat Burok ini. Pemainnya dari Desa Sarireja semua mbak, tapi kadang manggil dari grup Burok lainnya.”* (LCW 03)

> “Ingkang mriksani kathah, wonten ingkang saking tangga desa nggih nderek nyengkuyung kesenian Burok menika. paraganipun saking Desa Sarireja sedaya, ananging kadangkala manggil saking *grup* sanesipun.” (CLW 03)

Saking andharan menika saged dipunpendhet dudutan bilih paraga saha panyengkuyung kesenian Burok mboten namung saking masarakat Desa Sarireja kemawon, ananging ugi wonten panyengkuyung saking tangga Desa inggih menika Desa Kubangputat, amargi papan pasugatan kesenian Burok menika watesanipun Desa Sarireja kaliyan Desa Kubangputat. Kesenian Burok minangka kesenian ingkang asipat *hiburan*, dipunbika kangge umum, dados masarakat saking pundi kemawon saged mirsani kesenian menika.

Salajengipun inggih menika paraga saking kesenian Burok ingkang kabentuk saking masarakat Desa Sarireja piyambak, ananging kadangkala wonten paraga *panggilan* saking grup kesenian sanesipun inggih menika saking Desa Ciledug. Cacahipun paraga kesenian Burok mekar budaya inggih menika ± 50 tiyang, ingkang kaperang dados paraga pambeksa, pemusik, biduan, pimpinan, saha anggota kangge *pendorong panggung*, saking masarakat Desa Sarireja ingkang saweg mbiyantu wonten ing acara khitanan menika.

Kahanan masarakat paraga kesenian Burok Mekar Budaya saged dipuntingali saking maneka warna aspek. Kangge mangertosi kahanan paraga kesenian Burok inggih menika saking cacahipun *penduduk,* padamelan, kahanan sosial budaya, saha *sistem religi* masarakat ingkang saged dipuntingali saking andharan wonten ing ngandhap menika.

a. Penduduk

Saking *data administratif* wonten ing kelurahan Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes taun 2017, warga utawi *penduduk* Desa Sarireja cacahipun inggih menika wonten 5448 jiwa ingkang kaperang saking *penduduk* kakung cacahipun 2584 jiwa saha estri cacahipun 2864 jiwa, ingkang sedaya *penduduk* Desa Sarireja menika *berwarga Negara* asli inggih menika saking Negara Indonesia. Kangge mangertosi *penduduk* Desa Sarireja langkung *rinci* ing ngandhap menika *data* cacahipun *penduduk* katingal saking *data monografi* taun 2017 miturut kelompok yuswanipun inggih menika.

No	Kelompok Yuswa	Cacahipun
1.	0 – 5 taun	494
2.	6 – 10 taun	403
3.	11 – 15taun	364
4.	16 – 20 taun	328
5.	21 – 25 taun	399
6.	26 – 30 taun	389
7.	31 taun +	3071
Cacahipun		5448

Tabel 1. **Cacahipun *penduduk* Desa Sarireja miturut yuswa**
Sumber: *Data administratif* kelurahan Desa Sarireja

Saking *tabel* saha *data administratif* ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih masarakat Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes inggih menika mayoritas estri, amargi tiyang estri menika langkung kathah tinimbang tiyang jaler. Sanadyan kathah tiyang estri tinimbang tiyang jaler ananging paraga kesenian Burok Mekar Budaya menika kathahipun tiyang jaler ingkang yuswanipun beda-beda, wonten ingkang taksih alit saha kawula mudha.

b. Padamelan

Miturut *data administratif* wonten ing kelurahan Desa Sarireja taun 2017 sampun dipunserat *data* padamelan masarakat saking sedaya masarakat ingkang sampun utawi dereng nyambut damel. Wonten 10 jinis padamelan ing Desa Sarireja inggih menika buruh tani, buruh bangunan, petani, buruh pabrik, wiraswasta, buruh harian lepas, pedagang, nelayan, PNS, pengusaha. Masarakat Desa Sarireja kathahipun nyambut damel dados buruh tani amargi sabin wonten ing Desa Sarireja langkung jembar. Dene *tabel* padamelan masarakat miturut jinising padamelanipun saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

No	Jinising Padamelan	Cacahipun
1.	Dereng nyambut damel	998
2.	Buruh tani	407
3.	Petani	987
4.	Buruh pabrik	157
5.	Buruh bangunan	184
6.	Wiraswasta	39
7.	Buruh harian lepas	779
8.	Pedagang	278
9.	Nelayan	2
10.	PNS	14
11.	Pengusaha	5
12.	Pensiun/ Purnawirawan	9
13.	Pelajar/ Mahasiswa	967
14.	*Lain-lain*	337
Cacahipun sedaya		5163

***Tabel* 2. Cacahipun *penduduk* Desa Sarireja miturut jinising padamelan**
Sumber: *Data administratif* kelurahan Desa Sarireja

Saking *data* menika saged kaandharaken bilih padamelan masarakat Desa Sarireja menika kathanipun buruh tani inggih menika 407 jiwa saking sedaya masarakat. Taksih kathah masarakat Desa Sarireja ingkang dereng nyambut damel amargi kathah ingkang taksih alit, taksih kathah ingkang ngudi kawruh, kathah ingkang sampun pensiunan saha tiyang ingkang sampun lansia.

Saking mapinten-pinten jinis padamelan menika masarakat Desa Sarireja boten namung nyambut damel buruh tani kemawon, ananging ugi dados paraga wonten ing kesenian Burok ingkang taksih dipuntindakaken ing pagesangan masarakat Desa Sarireja. Menawi wonten ingkang badhe tumut nyengkuyung dados paraga wonten ing kesenian Burok boten menapa, amargi

kesenian Burok wonten ing Desa Sarireja menika boten bedakaken paraga saking tingkat ekonomi masarakatipun.

c. Kahanan *Sosial Budaya Masarakat*

Miturut *data administratif* wonten ing kelurahan Desa Sarireja taun 2017 sampun dipunserat *data tingkat* pendidikan. Ing Desa Sarireja papan panggenan kangge ngudi kawruh inggih menika wonten PAUD, TK, SD, saha MI. SD kaperang dados kalih inggih menika SD Negeri Sarireja 01 ingkang jejeripun wonten sekolahan PAUD, papanipun wonten ing Dhusun Benda, saha SD Negeri Sarireja 02 ingkang jejeripun wonten sekolahan TK papanipun wonten ing Dhusun Kubangsari. Sekolah MI menika sekolah ingkang dipuntindakaken kanthi wekdal sonten papanipun wonten ing Dhusun Benda. Ing ngandhap menika tabel *data* pendidikan masarakat Desa Sarireja.

No	Pendidikan	Cacahipun
1.	Boten tamat SD	897
2.	Tamat SD	1.598
3.	Tamat SLTP	921
4.	Tamat SLTA	312
5.	Tamat DI, DII, DIII	42
6.	Tamat SI, SII, SIII	12
Cacahipun sedaya		3782

***Tabel* 3. Cacahipun *penduduk* Desa Sarireja miturut *tingkat*pawiyatan Sumber: *Data administratif* kelurahan Desa Sarireja per Desember 2017**

Saking *data administratif* wonten ing kelurahan Desa Sarireja taun 2017 menika saged dipunpendhet dudutan bilih tingkat pendidikan masarakat wonten ing Desa Sarireja sampun sae amargi kathah masarakat ingkang sampun nglampahi pendidikan saha kathah ingkang lulus saking SLTP, SLTPA, Diploma saha sarjana. Ananging taksih wonten masarakat Desa Sarireja ingkang namung lulus tingkat SD. Saking dudutan menika bilih masarakat Desa Sarireja pola pikiripun taksih tradhisional satemah masarakat taksih kathah ingkang nderek dados paraga kesenian Burok. Paraga saking kesenian Burok Mekar Budaya menika asli saking penduduk Desa Sarireja.

d. *Sistem Religi*

Sistem religi masarakat Desa Sarireja miturut *data administratif* taun 2017 sedaya masarakat Desa Sarireja inggih menika 5448 tiyang ngrasuk agami Islam, ingkang gadhah kegiatan keagamaan kadosta Jam'iyah Yasinan, inggih menika pengajian kangge ibu-ibu saben dinten Jum'at wonten 3 kelompok, Jam'iyah Muslimat NU wonten kalih kelompok, yasinan kangge bapak-bapak saben malem jum'at, *peringatan* kangge Isra Mi'raj, maulid Nabi, saha wonten kegiatan ngaji lare-lare ingkang dipuntindhakaken ba'da magrib wonten ing masjid-masjid saha mushola-mushola Desa Sarireja. Mula kathah madeg mushola saha masjid. Masjid ing Desa Sarireja wonten 3 inggih menika mapan wonten ing Dhusun Kubangsari ingkang naminipun Masjid Baitulatiq, Masjid Baitul Izzah, dene masjid ingkang satunggalipun wonten ing Dhusun Benda naminipun Masjid Al- Furqon. Mushola ing

dhusun Kubangsari wonten 6, ing Dhusun Benda wonten 1 saha ing Dhusun Centilan wonten 2 mushola.

B. Mila Bukanipun Kesenian Burok

1. *Sejarah* Kesenian Burok

Masarakat Desa Sarireja dumugi samenika taksih nglestantunaken kesenian Burok, mliginipun masarakat ingkang badhe ngawontenaken hajatan khitanan temtukemawon ngginakaken kesenian Burok. masarakat pitados bilih kesenian Burok menika salah satunggaling wujud kangge ngucap syukur dhumateng Gusti Allah SAW ingkang sampun paring rejeki, sahengga saged nglampahi hajatan menika kanthi ngawontenaken kesenian Burok. Saha supados putranipun ingkang badhe dikhitan saged kalampahan kanthi selamet, dados lare ingkang sholeh bakti kaliyan agami, tiyang sepuh lan masarakat.

Mila bikanipun kesenian Burok kinten-kinten nalika abad 20, ananging kathah ingkang *menafsirkan* bilih kawontenan Burok menika nalika jumenengipun Kasultanan Cirebon. Dipunrembaka dening Sunan Kalijaga inggih menika kangge narik kawigatosan masarakat supados kempal kangge mirengaken dak'wah Agama Islam. Wonten mapinten-pinten *versi* asal-usulipun Burok inggih menika, Burok saking cariyosipun Nabi Muhammad SAW nalika beliau nindhakaken Isra Mi'raj ingkang ngginakaken kendaraan *kuda bersayap yang berkepala perempuan cantik* ingkang dipunsebat kaliyan Burok, tembung Burok wonten ing salebeting Ayat Al Quran dipunsebat

kaliyan *kilat.* Wonten ugi ingkang ngandharaken saking basa Arab *Baburahmah* tegesipun *pintu keselamatan.* Langkung dangu kesenian menika dipunremeni masarakat, boten namung masarakat daerah Cirebon kemawon ananging ugi daerah Brebes. Sahengga Burok menika dipundadosaken kesenian tradhisional dening masarakat Cirebon saha masarakat Brebes, dumugi samenika kathah masarakat ingkang ngginakaken kesenian Burok.

Miturut Bapak Surip minangka pimpinan kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes, awal mulanipun bilih Burok menika ingkang dipunginakaken piranti *transportasi* utawi *kendaraan* Nabi Muhammad SAW nalika Isra Mi'raj, saha dipunginakaken kangge sarana dakwah dening para ulama.

Miturut Bapak Wijanarto Burok menika asalipun saking *momentum peristiwa agama*, mliginipun agama Islam nalika Rasullalah nindhakaken Mi'raj, ingkang saderengipun nindhakaken Isro lampahipun saking Majidil Haram dumugi Masjidil Aqsa, nalika Mi'raj menika ngginakaken kendaraan ingkang asring dipunsebat wonten ing *teks Quran* inggih menika Burok "*kilat"*. Saking *interpretasi* menika lajeng dipundamel kesenian Burok ingkang boten namung kangge *hiburan* kemawon, ananging dipunginakaken kangge *edutainment.* Burok menika dipundamel dening pengrajin ingkang asalipun saking daerah Cirebon. Wonten ing *simbolisasi* kesenian Burok, Burok menika dipugambaraken kados tiyang estri ingkang pasuryanipun ayu, ngginakaken kerudung, wonten *aksesoris* sanesipun, ananging wujud saking

Burok menika kados peksi, wonten *sayap* saha *ekor*ipun. Kesenian Burok menika ugi wonten pengiringipun inggih menika awujud boneka-boneka kewan kadosta, liman, sima, wonten pawang saha pengiring musikipun. Pawang wonten ing kesenian Burok menika ngangge njagi keselamatan para paraga saha masarakat panyengkuyung, pawang ngginakaken kostum daster werni cemeng saha sarung. Pengiring musik kesenian Burok kadosta, kempling, kendang, temrbang kencer, drogdog lajeng ngangge kostum daster werni cemeng saha ngangge sarung. Burok dados kesenian *klangenan* masarakat pesisir utara. Iringan musik terbang jawa saha terbang kencer. Paraga saha masarakat ingkang nyengkuyung kesenian Burok nalika arak-arakan menika kadosta rombongan ingkang *mengantarkan penganten duduk ke pelaminan berbusanakan warna cerah.* Wonten ing *referensi islam* Burok *melesat ke angkasa tanpa menyentuh tanah.* Burok minangka kesenian ingkang dpunginakaken kangge nyuwun jawah, saha nyuwun supados asil para petani langkung kathah. Kesenian Burok menika ugi dados suluh dakwah islam supados eling dhateng perjuangan Nabi Muhammad SAW nalika nindakaken Isra Mi'raj.

Saking andharan wonten ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih awal mulanipun kesenian Burok saking cariyosipun Nabi Muhammad SAW nalika Isro Mi'raj inggih menika ngginakaken *kendaraan kuda bersayap* ingkang dipunsebat kaliyan Burok. Burok ingkang awujud *gambaran kuda semberani (kuda terbang)* kanthi sirah awujud tiyang estri, *berparas cantik* ngangge kerudung *sutra yang bertaburkan tretes intan*, maknanipun menawi

tiyang estri ingkang agamanipun Islam menika kedah ngginakaken kerudung. Saking menika lajeng dipunginakaken kangge sarana dakwah dening Sunan Kalijaga wonten ing daerah Cirebon. Lajeng kesenian Burok menika dipundadosaken kesenian tradhisional dening masarakat Cirebon saha masarakat Brebes, dumugi samenika kesenian Burok taksih dipuntindhakaken

Kawontenan kesenian Burok nalika jaman samenika namung dipunginakaken kangge tiyang ingkang gadhah hajatan, nadar, *perayaan pemenangan kepala desa, perayaan ulang tahun Kabupaten Brebes, perayaan ulang tahun Repoblik Indonesia,* namung asring dipunginakaken kangge acara hajatan mliginipun acara khitanan. Pasugatan saking kesenian Burok ugi langkung kathah inggih menika, wonten *kudalumping, barongsai, sulap,* piranti musikipun sampun *modern* kadosta *gitar melodi, gitar bas, kendang, keyboard, seruling,* saha genjring ingkang sedaya dibekta ngangge panggung dorong.

2. Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes

Kesenian Burok ingkang taksih ngrembaka wonten ing Kabupaten Brebes dumugi samenika, salah satunggalipun inggih menika kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes. Wonten kalih grup kesenian Burok wonten ing Desa Sarireja, ananging panaliti namung neliti kesenian Burok Mekar Budaya pimpinanipun Bapak Surip, amargi kesenian Burok menika ingkang langkung

asring dipunpentasaken kaliyan masarakat Desa Sarireja. Saking njawi Desa Sarireja ugi kathah ingkang ngangge kesenian Burok mekar budaya. Awal mulanipun kesenian Burok Mekar Budaya inggih menika kesepakatan antawisipun Bapak Surip, Cewod lan Bapak Umang ingkang badhe ndamel kesenian Burok. Bapak Surip, Bapak Cewod, Bapak Umang lajeng nyambut arta wonten ing Bank kangge ndamel kesenian Burok ingkang dipunparingi nami dening Bapak Cewod inggih menika grup kesenian Burok Mekar Budaya ingkang pimpinanipun Bapak Cewod. Kesenian Burok nalika pimpinan Bapak Cewod taksih ngandut kesenian ingkang tradhisional inggih menika namung wonten pasugatan Burok ayu, egrang, liman saha musikipun taksih ngginakaken piranti musik kadosta, genjring, dog-dog, bedug saha biduanipun nalika nembang ngangge toak. Lagunipun inggih menika taksih wonten unsur islaminipun kadosta shalawatan. Nalika arak-arakan piranti musik menika dipunbekta ngangge sepedhah. Kathah ingkang nanggap kesenian Burok Mekar Budaya, lajeng kesenian menika misuwur, boten namung wonten ing Desa Sarireja kemawon, anaging ugi wonten ing daerah sanesipun.

Taun 2010 kesenian Burok Mekar Budaya gentos pimpinan inggih menika ingkang waunipun Bapak Cewod samenika gantos Bapak Surip, dumugi samenika kesenian Burok Mekar Budaya taksih pimpinanipun Bapak Surip. Nalika sampun gantos pimpinan inggih menika Bapak Surip kesenian Burok Mekar Budaya kathah ngalami pangrembaka dados kesenian ingkang *modern*, inggih menika dipuntingali saking piranti musikipun samenika

sampun ngginakkaen *gitar melodi, gitar bas, keyboard, kendang, tamboring, seruling, kicrik* saha *drum,* saha dipunbekta mawi panggung dorong. Lagu ingkang dipunginakaken ugi lagu dangdut. Kesenian Burok samenika ugi kathah *boneka-boneka* sanesipun inggih menika *singa gotong, peksi gotong, naga gotong*. Pasugatanipun inggih menika *kuda lumping, barongsai, sulap* lan *sintren*. Sedaya menika namung kangge pelengkap kesenian Burok kemawon supados masarakat ingkang mriksani kesenian menika langkung remen lan kahibur.

Langkung kathah pasugatan kesenian Burok, lajeng paraganipun nambah. Paraga kesenian Burok Mekar Budaya minangka penduduk saking Desa Sarireja piyambak, ananging kadangkala menawi paraga saking Desa Sarireja boten saged tumut pentas lajeng dipungantos saking grup kesenian Burok sanesipun. Cacahipun paraga kesenian Burok ±50 tiyang, menika sampun kalebet pemusik saha bagian pendorong panggung. Panggung dorong wonten ing kesenian Burok inggih menika papan kangge pemusik saha biduan, ancasipun nalika arak-arakan pemusik boten sisah anggenipun bekta piranti musikipun, lajeng panggung dorong menika ditarik saha dipundorong dening masarakat. Kesenian Burok Mekar Budaya asring nindhakaken pasugatan wonten ing mapinten-pinten daerah, ingkang langkung tebih inggih menika wonten ing Jakarta. Kesenian Burok samenika dipunginakaken nalika wonten ingkang hajatan, nadar, *perayaan pemenangan kepala desa, perayaan hari repoblik Indonesia.* Asringipun dipunginakaken nalika wonten hajatan khitanan. Panaliti neliti kesenian Burok menika ugi wonten ing acara

khitanan. Masarakat pitados bilih kesenian Burok menika kangge *hiburan* bujang sunat utawi lare ingkang badhe dipunsumpit kanthi ancas *ngalap* berkah mawi nunggang *kendaraan* Burok, amargi Burok menika kendaraan Nabi Muhammad SAW nalika Isra mi'raj. Boten namung *hiburan* kangge bujang sunat kemawon, kesenian Burok menika ugi *hiburan* kangge masarakat ingkang nyengkuyung.

C. *Prosesi* Lampahing Kesenian Burok

1. Rantaman Acara

Kangge mangertosi prosesi lampahing kesenian Burok Mekar Budaya ing Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes, panaliti ngawontenaken *pengamatan* langsung wonten ing papan ingkang badhe kalampahan pasugatan kesenian Burok inggih menika wonten ing pelataran Bapak Casrudin Dhusun Kubangsari RT 09, RW 01. Pasugatan ingkang dipunlampahi dinten kemis, 23 Juni 2017. Ingkang ngawontenaken kesenian menika Bapak Casrudin nalika saweg gadhah hajatan inggih menika acara khitanan, lajeng kangge hiburanipun ngawontenaken pentas kesenian Burok Mekar Budaya ingkang pimpinanipun Bapak Surip saking Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes. *Prosesi* lampahing kesenian Burok kaperang dados tigang tahap, inggih menika pembukaan, *inti* saha panutup. Ing pambuka menika wonten pasugatan saking pambeksa inggih menika paraganipun sedaya jaler. Dipunlajenganken *inti* pasugatan inggih menika wonten mapinten-pinten pasugatan kadosta

pasugatan *kuda lumping, barongsai,* Burok ayu saha *boneka-boneka* sanesipun, ingkang pungkasan inggih menika arak-arakan. *Prosesi* wonten ing panutup inggih menika *sulap* saha *sintren*. Panaliti ngawontenaken *pengamatan* supados mangertosi menapa kemawon ingkang kedah dipunsamaptakaken saderengipun prosesi kesenian Burok dipunwiwiti.

2. Andharan *Prosesi* Kesenian Burok Mekar Budaya

Pasugatan kesenian Burok dipuntindakaken wonten ing pelataran dalemipun Bapak Casrudin Dhusun Kubangsari RT 09, RW 01 Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes. Pasugatan kesenian Burok Mekar Budaya dipunwiwiti ba'da dzuhur ananging paraga kesenian menika rawuh wonten dalemipun Bapak Casrudin tabuh 11.00 WIB, kangge nyamektakaken sedaya kaperluan pasugatan kadosta, nyamektakaken papan kangge pasugatan, ngrias, lan panggung dorong. Papan kangge pasugatan wonten ing sangajenging dalemipun Bapak Casrudin, ananging nalika pasugatan saking pambeksa wonten ing plataran Bapak Casrudin ingkang sampun wonten tarubipun. Saperangan paraga kesenian Burok nyamektakaken papan kangge orkes inggih menika awujud panggung dorong ingkang dipunginakaken kangge piranti musik ingkang sampun modern (*kendang, keyboard, gitar melodi, gitar bas, kecrik, seruling, sound saha kicrik*), pemusik saha biduan. Panggung dorong menika mapan wonten ing satengene pelataran pasugatan. Andharan menika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* (03) wonten ing ngandhap menika.

> *"Mulainya sekitaran jam 13.00 WIB, tapi berangkat dari rumah jam 11.00 untuk mempersiapkan segala keperluan yang mau dipake mba, ya menyiapkan musiknya di cek dulu bias apa ngga, pemainnya ganti baju ada yang make up an"* (CLW 03)
>
> "Wiwitipun kirang langkung tabuh 13.00 WIB, ananging bidalipun tabuh 11.00 kangge nyamektakaken sedaya kaperluan ingkang badhe dipunginakaken mba, inggih nyamektakaken musikipun kedah dicek rumiyin, saged dipunginakaken menapa boten, gantos kostum, wonten ingkang make upan" (CLW 03)

Andharan sanesipun ingkang nyengkuyung andharan wonten ing inggil inggih ugi dipunandharaken dening *informan* (01) wonten ing ngandhap menika.

> *"Mulainya jam 13.00 WIB ba'da dzuhur. Biasanya pemain itu lebih awal berangkatnya mba karena mempersiapkan untuk ganti kostum, penari kuda lumping yang make up an"* (CLW 01)
>
> "Wiwitipun tabuh 13.00 WIB ba'da duhur. Biasanipun paraga menika langkung rumiying bidalipun mba, amargi nyamektakaken kangge gantos kostum, lajeng *penari kuda lumping make upan*" CLW 01)

Saking andharan ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan inggih menika bilih kesenian Burok Mekar Budaya dipunwiwiti ba'da dzuhur ananging paraganipun rawuh wonten dalemipun Bapak Casrudin kirang langkung tabuh 11.00 WIB, lajeng nyamektakaken sedaya kapreluan kangge pasugatan kadosta, gantos kostum, *make up* papanipun kangge gantos kostum menika wonten ing dalemipun Ibu Aya.

Salajengipun para paraga menika gantos kostum lan ngrias wonten ing dalemipun Ibu Aya, inggih menika tangganipun Bapak Casrudin. Kostum ingkang dipunginakaken para paraga inggih menika beda-beda. Para penari ingkang samangke ugi dados paraga mikul *singa gotong, naga gotong, peksi*

gotong kostumipun sami, inggih menika wonten kalih werni, werni abrit saha abrit tua. Ing ngandhap menika gambar paraga nalika ngatos kostum.

Gambar 3. Persiapan para paraga kesenian Burok
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Menika saperangan paraga ingkang nembe nggantos kostum wonten ing dalemipun Ibu Aya, paraga menika ngginakaken kostum piyambak. ingkang boten ngginakaken kostum inggih menika pemusik saha biduan, ingkang namung ngginakaken rasukan piyambakipun. Andharan menika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* (03) wonten ing ngandhap menika.

> *"Para pemain menggunakan kostum kecuali pemain musik dan biduannya menggunakan baju sendiri. Kostumnya beda-beda, yang pemain bagian, barongsai dan Burok ayu kostumnya cuman menggunakan celana, karena bagian badanya tidak kelihatan. Kalau yang di make up itu pemain kuda lumping sama biduan itupun cuman riasan sendiri yang biasa aja." (CLW 03)*

> "Para paraga ngginakaken kostum, ananging pemusik saha biduan ngginakaken rasukan piyambakipun. Kostumipun beda-beda, ingkang paraga *barongsai* lan Burok ayu kostumipun namung ngginakaken katok, amargi perangan badanipun boten katingal. Ingkang make up an menika paraga kuda lumping saha biduan menika namung ngginakaken *make up* biasa." (CLW 03)

Andharan sanesipun ingkang nyengkuyung andharan wonten ing inggil inggih ugi dipunandharaken dening *informan* (01) wonten ing ngandhap menika.

> *"kostum dari pemain masing-masing berbeda mba, kalo yang penari sama pemain singa dan naga gotong pemainnya tetep satu itu jadi kostumnya tetap sama, kostum kuda lumping warnanya putih, barongsai disesuaikan dengan warna bentuk barongsainya biru sama merah, pemain musik menggunakan baju sendirinya mba." (CLW 01)*

> "Kostum saben paraga beda-beda mba, menawi pambeksa kaliyan pemain *singa* saha *naga gotong* menika tiyang satunggal, dados kostumipun sami, kostum kuda lumping werninipun pethak, kostum barongsai dipuncocokaken mawi warni saha wujudipun biru menapa abrit. Pemusikipun boten ngginakaken namungrasukan piyambakipun mba." (CLW 01)

Saking andharan menika saged dipunpendhet dudutan bilih paraga kesenian Burok ingkang boten ngginakaken kostum inggih menika pemain musik saha biduan, ingkang sanesipun ngginakaken kostum ananing beda-beda saben paraga.

Wujud pasugatan kesenian Burok gadhah makna inggih menika makna syukuran supados lare ingkang dipunkhitan menika nglampahi slamet donya lan akherat ugi bekti marang tiyang sepuh, saha ngucap raos syukur dhumateng Gusti Allah SWT ingkang sampun paring rejeki. Prosesi kesenian Burok Mekar Budaya menika wonten mapinten-pinten pasugatan ingkang

beda-beda inggih menika wonten tigang tahap. Andharan menika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* (01) wonten ing ngandhap menika.

> *"Pentas dari kesenian* Burok *ini nanti menampilkan penari, abis itu ada kuda lumping, atraksi kuda lumping, Burok ayu, sintren, sulap, nanti juga* Burok*nya diarak ngelilingi Desa Sarireja mba." (CLW 01)*
>
> "pasugatan saking kesenian Burok menika, nampilaken pambeksa, sesampunipun menika wonten *kuda lumping, atraksi kuda lumping,* Burok ayu, *sintren, sulap,* mangke Burokipun ugi dipun arak wonten Desa sarireja Mba." (CLW 01)

Andharan sanesipun ingkang nyengkuyung andharan wonten ing inggil inggih ugi dipunandharaken dening *informan* (03) wonten ing ngandhap menika.

> *"Nanti ada penampilan tari, dilanjut dengan penampilan tari kuda lumping itu yang nari nanti cewek semua, barongsai, Burok ayu, nanti juga ada arak-arakannnya mba, setelah arak-arakan nanti ada tampilan sulap sama sintren." (CLW 03)*
>
> "Samangke wonten pasugatan tari, kalajengaken pasugatan kuda lumping, ingkang njoged samangke tiyang estri sedaya, *barongsai,* Burok ayu, mangke ugi wonten arak-arakipun Mba, sesampunipun arak-arakan wonten pasugatan *sulap* ugi *sintren*" (CLW 03)

Saking andharan menika saged dipunpendhet dudutan bilih prosesi lampahing kesenian Burok menika wonten tigang tahap inggih menika ingkang sapisan tahap pambuka, *inti* saha panutup. Ing tahap pambuka wonten pasugatan pambeksa dipunlajengaken tahap *inti* inggih menika wonten mapinten-pinten pasugatan kadosta pasugatan *kuda lumping, barongsai,* Burok ayu lan *boneka-boneka sanesipun (naga gotong, singa gotong, upin-ipin)* saha arak-arakan. Dipunlajegaken tahap panutup wonten pasugatan *sulap* saha *sintren*. Tahap-tahap pasugatan kesenian Burok dipunandharaken wonten ing andhap menika.

a. Pambukaan Pasugatan

Prosesi kesenian Burok dipunwiwiti kanthi pambeksa, ingkang dipuniringi lagu dangdut, ingkang ngiringi menika para pemain musik saha biduan mapan wonten ing panggung dorong, panggung dorong menika wonten ing satengene pelataran pasugatan, ananging menawi arak-arakan panggung menika dipundorong kirang langkung 10-15 tiyang. Para pemusik boten ngginakaken kostum grup Burok Mekar Budaya namung ngginakaken rasukan piyambakipun, saha biduan wonten kesenian Burok cacahipun 2 tiyang ugi ngginakaken rasukan saking piyambakipun, ananging nalika kesenian Burok Mekar Budaya dipunginakaken wonten ing dalemipun Bapak Casrudin biduan menika namung satunggal tiyang. Riasan biduan inggih menika namung riasan sederhana.

Lare ingkang badhe dikhitan saha wonten kancanipun ngginakaken *make up*, lare menika ngangge kostum gatot kaca lajeng lenggah wonten ing pelataran papan pasugatan. Kathah masarakat ingkang nyengkuyung acara menika, lare alit dumugi tiyang sepuh, kathahipun lare alit. Masarakat ingkang nyengkuyung acara menika wonten ing sakiwa tengenipun papan pasugatan, wonten ugi masarakat ingkang namung nengge arak-arakan ing dalemipun piyambak-piyambak. Menawi wonten kesenian Burok masarakat Desa Sarireja ngraosaken bungah amargi kesenian menika ndadosaken *hiburan* kangge masarakat, boten namung masarakat Desa Sarireja kemawon ananging kangge sinten kemawon saged nyengkuyung kesenian menika amargi asipat umum. Kesenian Burok ugi wonten tiyang ingkang dodolan

jajanan saha dolanan bocah, saged kangge nambah *penghasilan* pedagang. Andharan menika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* (07) wonten ing ngandhap menika.

> *"Masarakat itu pada seneng mba kalo ada* Burok*, yang nonton juga banyak jarang ada hiburan juga disini." (CLW 07)*
>
> "Masarakat menika gadhah raos bingah mba menawi wonten Burok, ingkang mriksani ugi kathah, amargi jarang wonten *hiburan* wonten ing ngriki." (CLW 07)

Andharan sanesipun ingkang nyengkuyung andharan wonten ing inggil inggih ugi dipunandharaken dening *informan* (06) wonten ing ngandhap menika.

> *"Yang nonton lumayang banyak, tapi dari mananya saya kurang tau"* (CLW 06)
>
> "Ingkang mriksani menika kathah, ananging boten ngertos saking daerah pundikemawon." (CLW 06)

Andharan sanesipun ingkang nyengkuyung andharan wonten ing inggil inggih ugi dipunandharaken dening *informan* (05) wonten ing ngandhap menika.

> *"Banyak lah, kebanyakan dari anak-anak kecil, ibu-ibu juga ada, kadang sambil ngasuh anaknya"* (CLW 05)
>
> "Kathahipun ingkang mriksani kesenian menika saking lare-lare alit, ibu-ibu nggih wonten, kaliyan momong putranipun." (CLW 05)

Saking andharan wonten ing inggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih kesenian Burok menika kathah masarakat ingkang nyengkuyung amargi kesenian menika kangge bebungah masarakat ingkang mriksani. Boten namung masarakat Desa Sarireja kemawon, saking njawi Desa Sarireja ugi wonten ingkang ndherek mriksani kesenian Burok, amargi dalemipun Bapak

Casrudin menika wonten ing perbatasan Desa Sarireja kaliyan Dhusun Karangmangu.

Pambeksa inggih menika tiyang ingkang njoged mawi dipuniringi musik saha lagu dangdut. Pambeksa kesenian Burok Mekar Budaya cacahipun 10 tiyang sedaya jaler. Paraga pambeksa menika sampun boten wonten ingkang sekolah. Sampun sami nyambut damel inggih menika dados buruh tani, buruh bangunan saha *pedagang*. Paraga pambeksa boten namung saking grup Burok Mekar Budaya kemawon, menawi salah satunggaling paraga pambeksa wonten kaperluan sanesipun boten saged nderek pentas, lajeng dipungantos paraga saking grup Burok Mitra Budaya saking Dusun Centilan utawi saking grup Taruna Muda saking daerah Cirebon. Andharan menika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* (03) wonten ing ngandhap menika.

> *"Saya cuman lulusan MTs mba, kalo ada tawaran kerja ya baru saya kerja kalau tidak ada tawaran cuman dirumah dan kalau sore disibukan untuk mengikuti bola volley. Untuk mengikuti kesenian* Burok *pasti saya ikut mba disini tugas saya selain jadi penari, gotong naga saya juga nanti yang sulap. Semua yang nari nanti juga yang gotong singa gotong, naga gotong. Pemain penari yang lainnya juga sudah tidak sekolah, udah ada yang kerja jadi buruh tani, kerja di bangunan, ada juga yang kerja di Jakarta, jadi ketika* Burok *mau dipentaskan dan pemainnya lagi kerja di Jakarta itu bias digantikan dengan pemain pinjaman dari grup* Burok *lainnya."* (CLW 03)

> "Kula namung lulusan MTs mba, menawi wonten pandamelan kula nyambut damel, manawi boten namung wonten griya mawon, manawi sonten kula tumut bola volley. Kangge kesenian Burok kula mesthi tumut mba, tugas kula sanesipun nari nggih menika *gotong naga* ugi *sulap*. Sedaya ingkang pambeksa ugi *dados gotong naga* saha *gotong singa*. Pambeksa sanesipun uga sampun boten sekolah, sampun wonten ingkang nyambut damel dados buruh tani, wonten bangunan, ugi wonten Jakarta, dados menawi wonten ingkang nanggap Burok

> ananging pemain boten jangkep, saged dipungantos saking grub Burok sanesipun.” (CLW 03)

Andharan sanesipun ingkang nyengkuyung andharan wonten ing inggil inggih ugi dipunandharaken dening *informan* (01) wonten ing ngandhap menika.

> *“Pemain penarinya sudah tidak sekolah semua mba, mereka cuman lulusan MTs, SMP mereka tidak meneruskan untuk sekolah, mereka memilih untuk bekerja dan jadi pemain kesenian* Burok*, ada mba biasanya pemain yang dari grup lainya juga.” (CLW 01)*

> “Paraga pambeksa sampun bpten sekolah sedaya mba, piyambakipun namung lulusan MTs, SMP boten nglajengaken sekolah malih, ananging piyambakipun milih nyambut damel tinimbang sekolah saha dados paraga kesenian Burok, paraga saking grup sanesipun ugi wonten.” *(CLW 01)*

Saking andharan wonten ing inggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih paraga saking pambeksa menika sedaya sampun boten sekolah, sedaya paraga menika sampun sami nyambut damel menawi wonten salah satunggaling paraga boten saged ndherek pentas saged dipungantos kaliyan paraga saking grup sanesipun inggih menika grup Burok Taruna Budaya saha Mitra Budaya.

Sedaya pambeksa ingkang samangke ugi dados paraga mikul *singa gotong, peksi gotong* saha *naga gotong*, ngginakaken kostum werni abrit saha werni abrit tua lan wonten *aksesoris*-ipun. Ing ngandhap menika gambar kostum werni abrit.

Gambar 4. Kostum pambeksa werni abrit
Suber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Katrangan:

1. Rasukan abrit *kombinasi* werni pethak
2. *Aksesoris* dipunginakaken wonten ing asta
3. Kathok dawa werni abrit
4. Mahkota
5. *Aksesoris sabuk*
6. Slendang

Ingkang ngginakaken kostum werni abrit cacahipun wonten 12 tiyang ingkang bekta *singa gotong*. Wonten ing kesenian Burok Mekar budaya *singa gotong* wonten kalih, *singa gotong* dipunbekta dening 4 tiyang, dados paraga ingkang bekta *singa gotong* cacahipun wonten 8 tiyang. Ingkang bekta *naga gotong* 4 tiyang. Sedaya ingkang ngangge kostum werni abrit inggih menika 12 tiyang. Ing ngandhap menika gambar kostum werni abrit tua.

Gambar 5. Kostum paraga werni abrit tua
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

kostum ing inggil werni abrit tua dipunginakaken paraga peksi *gotong* cacahipun wonten 4 tiyang. Paraga pambeksa boten ngginakaken *make up. Posisi* pambeksa nalika njoged inggih menika, ingkang ngajeng wonten 4 tiyang, tengah 2 tiyang, wingking 4 tiyang. Ingkang ngginakaken kostum werni abrit posisinipun wonten ing ngajeng 1 tiyang, tengah 2 tiyang saha wingking 3 tiyang salajengipun ingkang ngginakaken kostum werni abrit tua wonten ing ngajeng 3 tiyang saha wingking 1 tiyang. Andharan menika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* (03) wonten ing ngandhap menika.

> *"Kostum penari ada dua warna mba, merah sama merah tua. Yang warna merah dipake untuk 4 orang, merah tua dipakai untuk 6 orang jumlah semua penarinya ada 10 orang."* (CLW 03)

> "Kostum paraga wonten kalih werni mba, abrit kaliyan abrit tua. Ingkang werni abrit dipunginakaken kangge 4 tiyang, werni abrit tua dipunginakaken kangge 6 tiyang. Dados sedaya cacahipun pambeksa wonten 10 tiyang." (CLW 03)

Andharan sanesipun ingkang nyengkuyung andharan wonten ing inggil inggih ugi dipunandharaken dening *informan* (01) wonten ing ngandhap menika.

> *"Jumlah penari semuanya ada 10 orang, kostumnya ada dua warna yaitu warna merah dan merah tua. Kalau yang warna merah dipakai untuk 4 orang dan yang merah tua dipakai untuk 6 orang, kalau saya menggunakan warna merah, semuanya dikombinasi dengan warna dan hiasan yang lain biar kelihatan bagus."* (CLW 01)

> "Cacahipun sedaya paraga wonten 10 tiyang, kostumipun wonten kalih werni inggih menika werni abrit lan abbrit tua. Menawi ingkang werninipun abrit dipunginakaken kangge 4 tiyang. Ingkang werni abrit tua dipunginakaken 6 tiyang. Menawi kula ngginakaken werni abrit. Sedaya kostumipun dipunkombinasi mawi werni lan *hiasan* sanesipun, supados sae." (CLW 01)

Saking andharan wonten ing inggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih penari dalam kesenian Burok Mekar Budaya cacahipun wonten 10 tiyang ingkang ngginakaken kostum werni abrit 4 tiyang, werni abrit tua 6 tiyang ingkang sedaya kostum menika dipunjangkepi kaliyan *aksesoris* supados kustum menika ketingal sae.

Tarian wonten ing kesenian Burok boten wonten maknanipun ananging kangge njangkepi pasugatan kesenian Burok kemawon. Para paraga pambeksa njoged, sedaya paraga menika gerakanipun sami nalika njoged inggih menika gerakan *modern,* kaliyan dipuniringi *musik dangdut.* para pambeksa sampun apal urut-urutan anggenipun njoged. Sabibaripun njoged para paraga menika langsung ing dalemipun Ibu Aya lajeng persiapan kangge arak-arakan.

b. *Inti* Pasugatan

Acara *inti* wonten ing kesenian Burok wonten sekawan pasugatan inggih menika pasugatan *kuda lumping, barongsai,* Burok ayu lan *boneka-boneka* sanesipun, saha arak-arakan, sedaya menika ingkang dipuntengge-tengge kaliyan masarakat penyengkuyung.

1. Pasugatan *Kuda Lumping*

Sabibaripun para pambeksa medal saking papan pasugatan, para pambeksa *kuda lumping* mlebet sinambi mbekta piranti inggih menika jaranan ingkang samangke badhe dipunginakaken kangge njoged. Jaranan ingkang dipunginakaken para pambeksa kesenian Burok Mekar Budaya kadamel saking kertas, *sterofom* ingkang werninipun ijem saha cemeng lajeng dipun*kombinasi* cat werni sanesipun supados mirip jaran aslinipun. Andharan menika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* (01) wonten ing ngandhap menika.

> *"Saya membuat jaranan itu menggunakan kertas supaya pemain kuda lumping itu tidak keberatan, dan saya lukis kemudian yang warna ijo tak kasih bulu-bulu supaya mirip dengan jaran aslinya, jaranan yg digunakan cuman 4, digudang masih ada lagi tapi sudah tidak layak untuk dipake. Yang dipake sekarang ini yang warna item sama ijo muda."* (CLW 01)

> "Kula ndamel *jaranan* menika ngginakaken kertas supados paraga *kuda lumping* boten abost, lajeng kula gambar dipunparingi bulu-bulu supados mirip kaliyan jaranan aslinipun, jaranan ingkang dipunginakaken namung 4. Wonten ing gudang taksih wonten jaranan malih tapi sampun risak. Ingkang dipunginakaken samenika namung jaranan werni cemeng, kaliyan ijem muda." (CLW 01)

Andharan sanesipun ingkang nyengkuyung andharan wonten ing inggil ugi dipunandharaken dening *informan* (04) wonten ing ngandhap menika.

> *"Ngga berat kok mba, soalnya kan ini dibuatnya dari kertas, saya make yang warna hitam, yang lainnya warna ijo."* (CLW 04)
>
> "Boten abot mba, jaranan menika dipundamel saking kertas dados boten abot, kula ngginakaken ingkang werni cemeng, ingkang sanesipun ngginakaken jaranan werni ijo." (CLW 04)

Saking andharan *informan* wonten ing inggil saged dipunpendhet dudutan, bilih jaranan ingkang dipunginakaken dening paraga *kuda lumping* menika kadamel saking kertas, *sterofom* supados nalika njoged paraga *kuda lumping* mboten kabotan anggenipun mbekta jaranan menika. Miturut *informan* 01 jaranan menika *dilukis* saha diparingi bulu-bulu supados sami kaliyan jaranan aslinipun.

Ingkang dados paraga *kuda lumping* cacahipun wonten 4 tiyang sedaya estri. Sedaya paraga menika boten asli saking grup kesenian Burok Mekar Budaya ananging saking grup Burok Taruna Muda. Paraga menika sampun boten anggayuh kawruh.

Kostum ingkang dipunginakaken paraga *kuda lumping* inggih menika rasukan saha *rok mini* werni pethak ingkang dipunkombinasi werni biru saha wonten renda-rendanipun werni kuning. Ngginakaken bando, dasi, kaca mripat werni cemeng saha rikmanipun panjang kaurai. Riasan paraga menika namung ngrias piyambak-piyambak. Andharan menika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* (04) wonten ing ngandhap menika.

> *"Saya sudah tidak sekolah mba. Saya bukan orang sini, saya disini cuman panggilan doang, asli saya dari ciledug, biasanya saya ikut grup* Burok *Taruna Muda. Udah ngga malu mba, soalnya udah biasa. make up nya cuman biasa aja pake make up sendiri"* (CLW 04)

> "Kula sampun boten sekolah mba, kula boten tiyang riki kula namung paraga panggilan, aslinipun kula saking ciledug, biasanipun kula nderek grup Burok Taruna Muda. Samenika boten isin mba, amargi sampun biasa. Kula ngginakaken make up piyambak." (CLW 04)

Andharan menika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* (01) wonten ing ngandhap menika.

> *"Pemain kuda lumping saya ambil dari pemain grup Taruna Muda, berhubung anak muda disini yang perempuanya kebanyakan pada berangkat ke Jakarta, Ya disana ada yang jadi babu, ada yang ikut dagang macem-macem mba. Untuk kostum penari kuda lumping itu warna putih dikombinasi warna biru, mereka menggunakan kacamata hitam, sama dasi"* (CLW 01)

> "Paraga *kuda lumping*ipun kula mendhet saking grup Burok Taruna Muda, amargi paraga *kuda lumping* ingkang biasanipun saweg nyambut ndamel wonten ing Jakarta, nyambut damel dados babu, nderek dagang. Kostum *kuda lumping* menika werninipun pethak dipunkombinasi kaliyan werni biru, ngginakaken *aksesoris* kacamripat saha dasi. Ngginakaken make up ananging namung sedrnhana mawon." (CLW 01)

Andharan saking *informan* wonten ing inggil saged dipunpundhut dudutan, bilih paraga saking kesenian Burok Mekar Budaya menika panggilan saking grup Burok Taruna Muda ingkang sampun boten sekolah. Kostum ingkang dipunginakaken paraga *kuda lumping* werni pethak biru saha nggginakaken *aksesoris* kacamripat cemeng saha bando, annaging kacamripat menika saking paraganipun mbekta piyambak. Riasan paraga *kuda lumping* namung riasan piyambakipun. Ing ngandhap menika gambar kostum paraga *kuda lumping*.

Gambar 6. Kostum paraga *kuda lumping*
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Katrangan:

1. Rasukan paraga kuda lumping werni pethak dipunkombinasi hiasan warni biru saha wonten hiasan rendanipun
2. *Rok mini* werni pethak dipunkombinasi werni biru tua wonten rendanipun werni emas
3. Dasi paraga *kuda lumping*

Gerakan *kuda lumping* inggih menika gerakan ingkang limrah, namung sukunipun ingkang obah-obah, amargi astanipun mbekta *properti* inggih menika jaranan. *Posisi* para paraga adhep-adhepan kadangkala muter-muter. Para paraga *kuda lumping* njoged kanthi dipuniringan tembang dangdut. Ing ngandhap menika gambar *posisi kuda lumping* nalika pentas wonten ing papan pasugatan.

Gambar 7. Paraga *kuda lumping* nalika njoged
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Salah satunggaling saking paraga menika, ingkang samangke ugi dados paraga *sintren*. Pasugatan *kuda lumping* boten namung jogged wonten ing margi kemawon, ananging ugi njoged nyuwun saweran wonten ing dalemipun Bapak Casrudin ingkang gadhah hajatan. Ing ngandhap menika gambar paraga kuda lumping nalika mlebet wonten dalemipun Bapak Casrudin.

Gambar 8. Paraga *kuda lumping* mlebet wonten ing dalemipun Bapak Casrudin
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Paraga *kuda lumping* njoged kaliyan bekta jaranan lajeng wonten ing tengah-tengah pasugatan, paraga mlebet wonten ing dalemipun Bapak Casrudin. Ancasipun inggih menika kangge mendhet amplop utawi nyuwun saweran, sedaya paraga kuda lumping diparingi amplop, anggenipun mbekta amplop menika dipuncokot boten dipuncepeng, amargi astanipun mbekta jaranan. amplop menika kaisi arto ± 20.000.- ingkang samangke arto menika kangge paraganipun.

2. Pasugatan *Barongsai*

Sabibaripun pasugatan *kuda lumping*, dipunlajengaken pasugatan *barongsai*. *Barongsai* inggih menika kesenian tradhisional saking masarakat Cina ingkang gadhah makna bilih *barongsai* menika saged kangge *nolak*

bala, pembawa rezeki saha *mengusir roh jahat.* ananging wonten ing kesenian Burok Mekar Budaya *barongsai* menika dipunginakaken namung kangge pelengkap pasugatan kesenian kemawon supados masarakat langkung remen kaliyan kesenian Burok.

Wujud *barongsai* kadosta kewan *singa*, ingkang kadamel saking kerangka kayu pring, kertas lajeng dipunhias mawi bulu-bulu supados memper kaliyan kewan *singa*, ananging badan saha suku barongsai menika namung ginakaken kain saha wonten bulu-bulunipun. Dados ingkang kadamel saking kerangka pring menika namung sirah barongsai kemawon. *Barongsai* wonten ing kesenian Burok Mekar Budaya menika wonten 3 inggih menika werni biru, abrit saha ijem ananging ingkang dipunginakaen nalika pentas wonten ing acara khitanan putranipun Bapak Casrudin menika werni ijem kaliyan biru.

Cacahipun paraga *barongsai* wonten 4 tiyang ingkang sedaya jaler. Satunggal *barongsai* 2 parag. Paraga menika anggenipun ngginakaken *barongsai* mlebet wonten ing *kerangka barongsai*. Paraga ingkang ngajeng mbekta sirahipun *barongsai*, ingkang samangke dipunobah-obah, menawi paraga ingkang wingking menika nyepeng badanipun paraga ingkang ngajeng. Satunggal tiyang wonten ing posisi ngajeng setunggal malih wonten ing wingking. Sedaya paraga *barongsai* menika namung lulusan sekolah MTs saha wonten ingkang lulusan saking SMP N 2 Tanjung. Ing ngandhap menika gambar atraksi *barongsai*.

Gambar 9. *Atraksi barongsai*
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Paraga *barongsai* kedah gadhah kekiatan ingkang kathah amargi wonten *atraksini*pun, inggih menika paraga ingkang ngajeng minggah wonten ing pamidhangan paraga wingking, muter-muter, *meroda*, *muter-muter*. Pasugatan *barongsai* menika ingkang kathah dipunremeni kaliyan lare alit. Pasugatan menika dipuniringi musik dangdut. Paraga *barongsai* menika boten ngginakaken riasan, kostumipun namung ngangge kathok kemawon.

Gambar wonten ing ngandhap inggih menika gambar *atraksi barongsai*. *Barongsai* werni biru ingkang badhe *ngloncati barogsai* werni ijem. Panyengkuyung kesenian Burok sami mriksani atraksi *barongsai*, kathahipun lare-lare, ugi wonten ibu-ibu ingkang bengok-bengok. Ing ngandhap menika gambar atraksi saking *barongsai*.

Gambar 10. ***Atraksi barongsai***
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Paraga *barongsai* sampun ahli anggenipun nindakaken *atraksi* menika, amargi sampun lami anggenipun dados paraga barongsai. Ing ngandhap menika andharan saking salah satunggaling paraga *barongsai* inggih menika.

> *"Saya sudah tidak sekolah, cuman sampe SMP aja. Ikut pemain* Burok *sejak dari SD tapi kalo jadi pemain barongsai baru satu tahunan ini. Iya dulunya itu latihan terus biar bias atraksi. Aslinya saya bukan pemain grup sini mba, saya sama teman-teman cuman panggilan dari grup* Burok *Taruna Muda. Ya sebenarnya sih kalau pengen bias atraksi harus punya tenaga yang kuat aja sih dan juga harus bias kerjasama sama temen, iya cuman itu doing sih mba."* (CLW 05)

> "Kula sampun boten sekolah, namung lulusan SMP. Kula nderek dados paraga kesenian Burok sampun lami annaging menawi dados paraga *barongsai* nembe satunggal tau. Rumiyinipun latihan terus supados saged atraksi. Kula kaliyan kanca-kanca menika sanes paraga gurp Mekar Budaya" aslinipun kula saking grup Taruna Muda. Menawi pengen saged atraksi kedah gadhahi tenaga ingkang kiat sami kedah saged kerjasama kaliyan kancanipun." (CLW 05)

Andharan menika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* (01) wonten ing ngandhap menika

> *"Yang jadi pemain barongsai ini dari grup* Burok *Taruna Muda, berhubung anak-anak dari Desa Sarireja yang bias atraksi barongsai lagi bekerja di Jakarta, jadi saya manggil pemain barongsai dari grup* Burok *lain, sekalian saya manggil 4 orang. Kalau pasangannya bukan biasanya nanti untuk atraksi susah mba, nah kalau udah sama pasangannya sendiri kan kerjasamanya gampang."* (CLW 01)

> "Ingang dados paraga *barpngsai* meniksa saking grup Taruna Muda amargi paraga saking Desa Sarireja ingkang saged *atraksi barongsai* nembe nyambut damel wonten ing Jakarta, dados kula manggil 4 tiyang menawi sanes pasanganipun ingkang dados paraga *barongsai* menika samangke sisah anggenipun *atraksi.*" (CLW 01)

Saking andharan wonten ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih, paraga *barongsai* menika kedah gadhahi tenaga ingkang kiyat saha kedah saged kerjasama kaliyan kancanipun ingkang sami-sami bekta *barongsai* menika. Sedaya paraga *barongsai* menika saking grup kesenian Burok Taruna Muda ingkang dipusewa kaliyan bapak Surip minangka pimpinan Burok Mekar Budaya kangge nggantosi paraga *barongsai* biasanipun.

3. Pasugatan Burok Ayu

Sabibaripun pasugatan *barongsai*, dipunlajengaken pasugatan Burok ayu ingkang langsung mlebet wonten ing papan pasugatan, mawi dipuniringi lagu dangdut. Wujud Burok menika kadosta *boneka* ingkang sami kaliyan kewan *kuda* ananging sirah saking Burok menika ayu lajeng naminipun dados Burok ayu. Cariyosipun Burok ayu menika wujud saking kewan ingkang dipunginakaken piranti *transportasi* Nabi Muhammad SAW nalika badhe

nindakaken Isra Mi'raj saha Burok menika dipunginakaken kangge piranti dakwah para ulama agama Islam, lajeng masarakat rumiyin mliginipun masarakat brebes saha masarakat Jawa Barat Burok menika dipunginakaken kangge kesenian tradhisional dumugi samenika taksih dipunlestantunaken. Bukti kesenian Burok taksih dipunlestantunaken dening masarakat Brebes inggih menika nalika wonten acara khitanan, *nikahan, hari lahirnya Repoblik Indonesia, ulang tahun Kabupaten Brebes, perayaan pemenang kepala desa,* taksih wonten ingkang ngangge kesenian menika saha kathah ingkang nyengkuyung. Kesenian Burok ingkang dipunginakaken inggih menika gadhahi makna syukuran kangge tiyang ingkang nanggap kesenian Burok menika, sami kaliyan ajaran Islam kangge bersyukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuaos ingkang sampun maringi rezeki.

Burok ayu nalika dipunginakaken kangge pentas pasugatan inggih menika 2 Burok, saben Burok wonten 2 paraga dados cacahipun paraga wonten 4 paraga ingkang sedaya jaler, paraga Burok ayu menika kedah gadhah kekiyatan ingkang kathah, amargi paraga menika mlebet wonten ing dalemipun Burok ingkang kadamel saking kerangka pring, aci lajeng dipunhias mawi kain saha renda-renda, wonten sayapipun saha gadhahi buntut, menawi perangan sirah saking Burok menika kadamel saking kertas dipunbentuk saha dipunlukis supados sami kaliyan *boneka* lajeng dipunginakaken kerudung, mahkota lsp. Jilbab ingkang dipunginakaken Burok ayu menika gadhahi makna bilih wonten ing ajaran Islam tiyang muslim kedah ngginakaken kerudung. Anggenipun bekta Burok ayu paraga

menika mlebet wonten ing kerangka, paraga ingkang ngajeng bekta kayon kangge nyangga sirah Burok saha kangge ngobah-ngobah perangan sirah Burok, paraga ingkang wingking posisinipun sami kaliyan posisi ruku, astanipun paraga wingking nyepeng wonten ing pinggang paraga ngajeng. Posisi Burok ayu saderengipun njoged inggih menika dipunwiwiti kanthi *membungkukan badan*. Ing ngandhap menika gambar Burok ayu Mekar Budaya nalika maringi kurmat dening tuan hajat saha masarakat ingkang nyengkuyung acara menika.

Gambar 11. Pasugatan Burok ayu nalika maringi kurmat
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Posisi Burok ayu menika sami kaliyan rukuh, *posisi* menika kangge maringi kurmat dhateng tuan hajat saha masarakat ingkang mriksani kesenian menika, maknanipun bilih wonten ing ajaran Islam, umat muslim kedah *saling menghormati, menghargai sesama manusia*. Dipunlajengaken njoged kanthi dipuniringi lagu dangdut. Gerakan ingkang dipunginakaken Burok ayu

namung njoged biasa kadangkala atraksi *guling-guling,* kathahipun gerakan biasa. Ing ngandhap menika gambar Burok ayu nalika *atraksi*.

Gambar 12. Pasugatan Burok ayu Mekar Budaya nalika atraksi
Sumber: Dekumentasi Desi Lisufiana

Temtunipun paraga Burok ayu kedah gadhah kekiyatan langkung kathah amargi boten namung bekta *kerangka* Burok ayu*nipun* kemawon, paraga Burok ayu ugi nindhakaken *atraksi* lan ugi mbekta bujangsunat ngulilingi Desa Sarireja. Nalika arak-arakan Burok ayu namung mlampah biasa. Saderengipun arak-arakan Burok ayu menika ngambung bujang sunat ingkang sampun lenggah sami jejer kaliyan kancanipun, ancasipun inggih menika maringi selamet kangge bujang sunat ingkang badhe dipunkhitanan. Bujang sunat menika dipunrias saha ngangge kostum kadosta gatot kaca. Bujang sunat menika kados *raja* cilik ingkang samangke numpak Burok ayu lajeng diarak saha wonten masarakat panyengkuyungipun ingkang ndherek

ngarak kesenian Burok menika. Ing ngandhap menika gambar Burok ayu ngambung bujang sunat saha kanca-kancanipun bujang sunat.

Gambar 13. Pasugatan Burok ayu nalika ngambung bujang sunat
Sumber: Dekumentasi Desi Lisufiana

Sabibaripun Burok ayu ngambung bujang sunat dipunlajengaken kaliyan pasugatan Burok ayu malih mawi dipuniringi lagu sanesipun. Burok ayu tetep wonten ing papan pasugatan, lajeng bujang sunat nunggang Burok ayu saha kanca-kancaipun ugi nderek nunggang boneka-boneka sanesipun, inggih menika *kuda gotong*, *singa gotong*, peksi gotong, dipunbiyantu kaliyan tiyang ingkang saweg nyinom wonten ing acara menika. ingkang langkung utama saking kesenian Burok dipunginakaken wonten ing acara hajatan kitanan inggih menika *menaikan bujang sunat ke atas pundak* Burok, lajeng diangkat dening paraga Burok ayu*nipun* mawi diiringi musik dangdut. Ingkang samangke diarak keliling Desa Sarireja wonten masarakat panyengkuyungipun, bujang sunat menika kadosta *raja kecil* ingkang diarak

dening masarakat. Ing ngandhap menika gambar nalika bujang sunat numpak Burok ayu.

Gambar 14. Bujang sunat numpak Burok ayu
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Sesarengan kaliyan bujang sunat numpak Burok ayu, kaluwarga ingkang nanggap Burok menika nyawer bujang sunat. Nyawer utawi saweran inggih menika ngucalke arta recehan marang bujang sunat lajeng arta menika dipendhet masarakat ingkang derek arak-arakan kanthi cara rebutan. Saweran menika ugi tradhisi wonten ing Desa Sarireja ingkang gadhahi ancas sami paring rejeki mring sesami. Rumiyin ingkang dipunsawer menika arta recehan, wos, irisan kunir ananging samenika katambahan sabun, sampo, permen, molto.

Lajeng *kuda gotong, singa gotong, peksi gotong, barongsai, upin-ipin* nderek njoged wonten ing papan pertunjukan. *Singa gotong* wonten ing kesenian Burok Mekar Budaya wonten kalih inggih menika werni kuning

saha werni pethak totol-totol, ingkang kadamel saking kayu dipunukir supados sami kaliyan kewan aslinipun, lajeng dipuntempleki bulu-bulu, wonten hiasan sangsanganipun supados langkung menarik kangge bocah-bocah, perangan ngandhap wonten kayu panjangipun kirang langkung 1 m ingkang ginanipun kangge manggul *singa, peksi* saha *naga* menika. ing ngandhap menika gambar peksi gotong werni ijem.

Gambar 15. Peksi gotong ingkang werni ijem
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Peksi gotong wonten ing inggil werninipun ijem. Paraga ingkang bekta peksi menika sampun boten sekolah, *pendidikan terakhir* namung MTs wonten ingkang SMP. Pakaryan paraga menika namung buruh tani saha kuli, nalika sonten paraga menika latihan *volley*. Gerakan ingkang dipunginakaken inggih menika namung gerakan biasa amargi kangge njagi keseimbangan supados *peksi gotongi*pun boten dhawah. Ingkang numpak peksi gotong menika lare alit ingkang nyengkuyung kesenian Burok, menawi ingkang

numpak Burok utawi *boneka-boneka* sanesipun tiyang sanes utawi tiyang ingkang nyengkuyung kesenian menika kedah maringi amplop. Salajengipun ing ngandhap menika gambar singa gotong werni kuning.

Gambar 16. *Singa gotong* werni kuning
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Gambar wonten ing inggil inggih menika *singa gotong* werni kuning, sedaya paraga sampun boten sekolah namung lulusan saking MTs wonten ugi ingkang lulusan SD. Sedaya paraga menika sampun sami makarya inggih menika wonten ingkang dados buruh bangunan, buruh tani saha wonten ingkang nyambut ndamel dados *video shooting* wonten ing acara menapa kemawon. *Singa gotong* ing kesenian Burok Mekar Budaya wonten kalih ingkang setunggalipun werni pethak totol-totol. Ing ngandhap menika gambar *singa gorong* werni pethak totol-totol.

Gambar 17. *Singa gotong* werni pethak totol-totol
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Paraga *singa gotong* ingkang werni pethak totol-totol inggih menika yuswanipun langkung dewasa tinimbang paraga sanesipun, sedaya paraga menika rumiyinipun namung lulusan SD dipunlajengaken makarya wonten ing Jakarta dados kuli, wonten ugi ingkang dagang. Paraga *singa gotong* werni pethak totol-totol menika sampun gadhah istri sedaya. Gerakan ingkang dipunginakaken sami inggih menika gerakan bebas ananging kompak, satunggal paraga kaliyan paraga sanesipun gerakanipun sami supados saged njagi keseimbangan anggenipun mbekta *singa gotong* menika. ingkang numpak inggih menika kanca-kancanipun bujang sunat.

Salajengipun inggih menika *naga gotong* ingkang cacahipun namung satunggal, ananging ukuranipun langkung ageng menawi dipunbandingaken kaliyan singa gotong. Sanadyan cacahipun wonten satunggal ananging sirah *naga* menika wonten sekawan. *Naga gotong* menika kadamel saking kayu

sami kaliyan *singa gotong* ingkang dipuntempleki mawi kain, wonten renda-rendanipun, dipungambar supados mirip kaliyan kewan *naga* aslinipun, saha *naga* ingkang wonten ing ngajeng dipunsukani sangsangan. Ing ngandhap menika gambar *naga gotong* nalika arak-arakan.

Gambar 18. *Naga gotong* nalika arak-arakan
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Paraga ingkang bekta *singa* saha *naga gotong* menika sami kaliyan paraga pambeksa. *Singa* utawi *naga gotong* dibekta kaliyan 4 paraga dados sedaya paraga ingkang bekta menika cacahipun wonten 12 tiyang ingkang sedaya jaler. Samangke kanca-kancanipun bujangsunat utawi seduluripun Bapak Casrudin nunggang *singa, peksi* saha *naga gotong*. Ananging ugi wonten saking masarakat ingkang mriksani kesenian menika, putranipun nangis pengen numpak Burok lajeng menawi numpak Burok menika kedah maringi amplop kangge paraganipun.

Paraga menika njoged mawi iringan musik dangdut, gerakanipun paraga setunggal kaliyan paraga sanesipun sami-sami ngepasaken dados gerakanipun *serempak.* Sedaya paraga kedah saged ngatur *keseimbangan*, supados lare ingkang numpak *singa*, peksi utawi *naga gotong* menika boten dhawah. *Naga gotong*, *peksi gotong* saha *singa ngotong* wonten ing kesenian Burok Mekar Budaya menika boten gadhah makna punapa, ananging kangge pelengkap pasugatan kesenian Burok kemawon, supados kesenian menika langkung menarik saha langkung kathah masarakat mliginipun lare-lare alit ingkang remen kaliyan kesenian Burok menika. Ing ngandhap menika gambar upin-ipin saking kesenian Burok Mekar Budaya.

Gambar 19. *Upin-ipin* nalika arak-arakan
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Wonten ing pasugatan Burok ayu, *boneka upin-ipin* ugi nderek njoged. *Upin- ipin* wonten ing kesenian Burok Mekar Budaya sami kaliyan *boneka-boneka* sanesipun inggih menika boten wonten maknaipun ananging

namung kangge *pelengkap* pasugatan kesenian kemawon supados masarakat langkung remen kaliyan kesenian Burok.

Wujud upin-ipin wonten ing kesenian Burok Mekar Budaya cacahipun wonten kalih inggih menika *si upin* kaliyan *si ipin* ingkang nggambaraken wujud saking *film kartun upin ipin*, kadamel saking *gabus* dipunkombinasi kaliyan kain werni kuning, celanaipun werni abrit lajeng *si ipin* menika wonten jambulipun dipundamel supados sami kaliyan *upin ipin* ingkang wonten ing *film kartun*.

Paraga *upin ipin* menika lare alit ingkang taksih sekolah wonten ing SD N Sarireja 02, cacahipun wonten 2 bocah. Sabibaripun sekolah langsung kemawon nderek wonten acara kesenian Burok wonten ing dalemipun Bapak Casrudin. Menawi kesenian Burok Mekar Budaya menika dipunpentasaken wonten ing daerah tebih, paraga upin ipin arang nderek amargi taksih sekolah. Gerakan *upin-ipin* menika bebas boten wonten pasugatan *khusus* kangge nampilaken *upin-ipin* menika, namung kangge *pelengkap* nalika arak-arakan supados bocah-bocah remen mriksani kesenian Burok. Paraga menika namung ngangge kathok saha sepatu piyambakipun. Kathok paraga menika werninipun abrit, dados boten wonten kostum saking grup kesenian Burok Mekar Budaya, lajeng anggenipun bekta boneka upin-ipin menika sirahipun paraga mlebet wonten boneka menika. *Boneka upin ipin* menika ingkang kathah dipunremeni kaliyan lare alit

4. Arak-arakan

Arak-arakan sami kaliyan kirab inggih menika mlampah kanthi sesarengan utawi iring-iringan kanthi teratur wonten ing salebeting acara adat saha acara sanesipun. arak-arakan menika asring dipuntindakaken ing tlatah salebeting kutha Brebes, ingkang antawisipun katindakaken ing Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes. Arak-arakan wonten ing Desa Sarireja menika asring dipunsebat iring-iringan, masarakat asring ngendika iring-iringan. Arak-arakan wonten ing Desa Sarireja salah satunggalipun inggih menika arak-arakan wonten ing salebeting pasugatan kesenian Burok. Kesenian ingkang sampun dados tradhisi masarakat Desa Sarireja wiwit jaman rumiyin dumugi samenika taksih dipunlestantunaken kaliyan masarakat Desa Sarireja. Saking kawontenanipun arak-arakan wonten ing salebeting kesenian Burok menika kaajab supados masarakat gadhah *potensi* seni kangge tetep nglestantunaken tradhisi budaya menika.

Arak-arakan dipuntindakaken nalika pasugatan ingkang wonten ing salebeting kesenian Burok menika sampun dipuntampilaken sedaya kadosta pasugatan pambeksa, *tarian kuda lumping*, *tarian barongsai*, *tarian* Burok ayu, *naga gotong*, *singa gotong* saha *boneka upin-ipin* dipunlajengaken arak-arakan. Rute kangge nglampahi arak-arakan inggih menika saking dalemipun Bapak Casrudin ingkang gadhahi acara hajatan lajeng ngulilingi Dhusun Kubangsari, Dhusun Centilan Dhusun Benda dumugi Dhusun Karangmangu. Menawi sampun dugi Dusun Karangmangu lajeng wangsul malih wonten ing

dalemipun Bapak Casrudin. Ing ngandhap menika gambar kesenian Burok Mekar Budaya nalika araak-arakan.

Gambar 20. Arak-arakan kesenian Burok Mekar Budaya
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Arak-arakan utawi iring-iringan kesenian Burok dipunpimpin kaliyan Bapak Surip. Bapak Surip menika ingkang nata utawi ngatur sedaya pasugatan kesenian Burok. Anggenipun nglampahi arak-arakan boten urut, ananging *barongsai*, *upin-ipin* asring wonten ing ajeng piyambak, dipunlajengaken kaliyan Burok ayu, *naga gotong*, pambeksa saking *kudalumping*, peksi gotong ingkang werni ijem, *naga gotong* werni kuning, *naga gotong* werni pethak wonten totol-totolipun werni cemeng lajeng wonten ing wingking inggih menika panggung musik dipundorong kaliyan tiyang ingkang saweg nyinom wonten ing acara hajatan menika. ing ngandhap menika gambar panggung dorong nalika arak-arakan.

Gambar 21. Panggung dorong nalika arak-arakan
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Panggung musik utawi panggung dorong menawi arak-arakan dipundorong saha dipuntarik kirang langkung 15 tiyang, supados panggung menika saged mlampah nderek arak-arakan. Kesenian Burok diiringi mawi ngginakaken musik dangdut. Ingkang wonten ing panggung dorong inggih menika penabuh *keyboard*, penabuh gendang, suling, kecrik, *gitar melodi*, *gitar bas*, *drum*, *sound sistem* saha biduan. Lajeng ingkang ndorong panggung menika tiyang ingkang saweg nyinom wonten ing acaranipun Bapak Casrudin.

Nalika arak-arakan menika ngantos ing Dhusun Kubangsari RT 01, RW 01 wonten sedulur saking Bapak Casrudin nyawer bujang sunat utawi bocah ingkang badhe dipunkhitan. Ing ngandhap menika gambar nalika bujang sunat *disawer*.

Gambar 22. Saweran Bujang Sunat
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Ingkang mendhet saweran menika boten namung bocah-bocah kemawon, ibu-ibu ugi wonten inggkang ndherek rebutan mendhet arta saweran. Masarakat Desa Sarireja sanget *antusian* mirsani kesenian Burok menika. Kesenian menika narik kawigatosanipun masarakat kathah, satemah kathah masarakat ingkang saking njawi Desa Sarireja kadosta lare-lare saking Dhusun Karangmangu tumut mirsani kesenian menika saha ndherek arak-arakan keliling Desa Sarireja dumugi Dhusun Karangmangu. Kathah masarakat Desa Sarireja ingkang namung nengge arak-arakan kesenian Burok menika wonten ing jawi dalemipun piyambak-piyambak, amargi arang wonten hiburan ing Desa Sarireja, saben dintenipun namung wonten ing sabin. Wontenipun kesenian Burok menika ndadosaken para masarakat ngraos bingah. Kesenian Burok ing Desa Sarireja ugi gadhah ancas kangge

nepangaken budaya utawi tradhisi menika dhateng bocah-bocah, supados kesenian menika saged lestantun satemah boten kagerus kemajuanipun jaman.

c. Panutup Pasugatan

Sabibaripun arak-arakan wonten acara panutup inggih menika pasugatan *sulap* lan *sintren*. *Sulap* lan *sintren* wonten ing kesenian Burok Mekar Budaya namung ngginakaken trik. Kadangkala *sintren* menika ngginakkaen unsur mistik, ananging namung dipunginakaken wonten ing daerah tartamtu kemawon. Menawi ditanggap wonten ing daerah piyambak boten ngginakaken mistik, namun ngangge *trik* kemawon. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken bab *sulap* saha *sintren*.

1. *Sulap*

Ingkang badhe *sulap* menika naminipun Mas Lukman, wonten *bobodorani*pun naminipun Mas Jamal. *Bobodoran* inggih menika tiyang ingkang kangge lelucon supados masarakat ingkang nyengkuyung acara menika saged kahibur, wonten tegangipun ugi wonten leluconipun. Papan nalika pasugatan *sulap* wonten ing panggung supados tiyang ingkang mriksani katingal sedaya, ugi wonten lare alit ingkang minggah wonten ing pager.

Pasugatan *sulap* menika dipuniringi mawi musik dangdut. Mas Lukman kaliyan Mas Jamal saderengipun nindhakaken *sulap* njoged rumiyin supados masarakat panyengkuyung sami nggatosaken *sulap*ipun. *Sulap* ingkang dipunginakaken wonten gangsal ingggih menika, *sulap rokok*

sebatang dalemipun wonten yatranipun, toya akua ingkang werninipun dados werni ijem, degan ingknag dalemipun wonten yatra, jajan, lan *pembalut, pemotong tangan menggunakan alat,* saha *membelah semangka.* Sedaya *sulap* menika namung ngangge trik. Ing ngandhap menika gambar *sulap rokok sebatang* dalemipun wonten yatranipun

Gambar 23. *Sulap* rokok *sebatang* dalemipun wonten yatranipun
Sumber: Dokumentasi Desi lisufiana

Gambar wonten ing inggil menika *sulap rokok sebatang* dalemipun wonten yatranipun. Trikipun inggih menika kertas ingkang dibekta kaliyan *bobodoran* ingkang werni biru menika dipunlebetaken wonten ing kotak, kotakipun dipunbekta Mas Lukman, astanipun Mas Lukman wonten ing inggil mratandani bilih Mas Lukman saweg nindhakaken mantra supados *sulap*ipun saged kasil, lajeng kotak menika dipunbika, kertas ingkang kalawau dipunlebetaken samenika gantos dados satunggal bungkus rokok. Saderengipun kotak menika sampun wonten rokokipun. Saha satunggal

bungkus rokok menika sampun dipunbika, lajeng pendhet satunggal batang rokok ingkang samangke dipunangge *sulap*. Saperangan tembako wonten ing rokok menika dipungantos kaliyan arta kalihewu, lajeng lebetaken malih tembako sakedik supados arta menika boten katingal. Sasampunipun tembako dipungantos kaliyan arta kalihewuan, rokok menika dipunlebetaken malih wonten ing bungkusipun, bungkus rokok ingkang kalawau dipunbika lajeng dipuntutup malih ngginakaken lem supados bungkus menika boten katingal menawi sampun dipunbika.

Sabibaripun rokok menika dipunpendhet lajeng dipunsuwuni mangertos kaliyan masarakat ingkang mriksani bilih rokok menika taksih utuh, lajeng dipunbika saha dipunpendhet satunggal batang rokok. Satunggal batang rokok menika dipunbika, lajeng wonten artanipun. Arta menika *disawer* wonten ing masarakat panyengkuyung kangge rebutan. Boten namung Mas Lukma kemawo ingkang nindakaken *sulap, bobodoran* menika ugi nderek *sulap*, ananging *sulap*ipun boten kasil, amargi rokok ingkang sampun direkayasa namung satunggal roko ingkang kala wau sampun dipuntindakaken dening Mas Lukman. *Sulap* ingkang dipuntindhakaken namung trik saking Mas Lukman.

Salajengipun toya akua ingkang werninipun dados werni ijem. *Sulap* toya akua ingkang werninipun dados werni ijem menika sami mawon namung trik ingkang dipunginakaken Mas Lukman. Trikipun inggih menika wonten botol *akua* kalih, wonten tutup botol satunggal malih ingkang dipunparingi *pewarna* werni ijem, kadamel sakinging *pewarna cair dicampur* trigu

supados pewarna menika nempel wonte ing tutup botol. Lajeng tutup botol menika dipunsimpen wontenn ing kotak *sulap* supados masarakat ingkang ningali boten mangertos, ingkang samangke tutup botolipun dipungantos kaliyan tutup botol ingkang sampun wonten pewarnanipun. *Akua* menika dipunbika, tutupipun dipunsimpen wonten ing kotak *sulap* lajeng toyanipun dipununjuk sakedik dening Mas Lukman. Tutup malih *akua* menika, ananging Mas Lukman anggenipun mendhet tutup *akua* inggih menika ingkang sampun wonten *pewarnanipun*. Kocok-kocok *akua* menika ngantos werni toyanipun gantos werni ijem. Ananging ingkang dipuntindhakaken *bobodoran* boten gantos werni toyanipun amargi tutupipun boten dipungantos. Masarakat ingkang ningali sami penasaran kaliyan *sulap* Mas Lukman. Ing ngandhap menika gambar toya akua ingkang werninipun dados werni ijem.

Gambar 24. Toya akua ingkang werninipun dados werni ijem
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Sabibaripun *sulap* toya akua ingkang werninipun dados werni ijem dipunlajengaken kaliyan *sulap* degan dalemipun wonten yatra, jajan, lan *pembalut.* Saderengipun *sulap* menika dipuntindakaken wonten ing papan pasugatan, Mas Lukman sampun nyamektakaken degan ingkang taksih enem, perangan degan inggil menika dipunbika sakedik lajeng jajan, pembalut saha arta dipunlebetaken wonten ing degan menika. Sasampunipun sedaya menika dipunlebetaken lajeng dipuntutup malih lan dipaku supados boten copot. Nalika *sulap* wonten ing panggung, degan menika dipunparingi pirsa masarakat ingkang ningali ancasipun kangge *memastikan* masarakat ingkang ningali supados percaya bilih degan kasebat taksih utuh, Lajeng degan menika dipunbika mawi cundrik, Mas Lukman komat kamit maos mantra. Ing ngandhap menika gambar nalika Mas Lukman komat kamit.

Gambar 25. Nalika Mas Lukman saweg komat kamit
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Mas Lukman menika komat-kamit supados masarakat ingkang mriksani percaya kaliyan *sulap* menika, aslinipun boten ngangge doa khusus namung trik kemawon. Salajengipun Mas Lukman mendhet arta saking degan menika ingkang salajengipun mendhet jajan, lajeng jajan saha arta menika dipunparingi masarakat ingkang mriksani. Salajengipun gantosan *bobodoran* ingkang mendhet. Ing ngandhap menika gambar nalika *bobodoran sulap*.

Gambar 26. Nalika *bobodoran* mendhet *pembalut*
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Lare alit ingkang mriksani *sulap* menika bengok-bengok nyuraki *bobodoran*. Amargi nalika ingkang *sulap bobodoran* medalipun *pembalut.* Lajeng pembalut menika dipunparingi kaliyan lare alit ingkang wonten ing sisihipun panggung. Sesampunipun *sulap* degan ingkang dalemipun wonten jajan, arta, lan *pembalut.* Dipunlajengaken *sulap memotong tangan menggunakan alat.* Ing ngandhap menika gambar *sulap*ipun.

Gambar 27. *Sulap memotong tangan* mawi alat
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Piranti *sulap memotong tangan* menika anggsal tumbas, dados menawi asta ingkang dipunlebetaken wonten piranti *sulap* menika astanipun boten pedhot, amargi sampun diatur kaliyan Mas Lukman. Ananging menawi godhong-godhongan ingkang dipunlebetaken wonten ing piranti *sulap*, godhong menika kapotong dados kalih.

Ingkang salajengipun *sulap memotong semangka.* Inggih menika salah satunggaling *sulap* ingkang kagolong langkung bahaya menawi dipunbandingaken kaliyan *sulap* sanesipun, amargi nalika Mas Lukman kleru sasaran, samangke *bobodorani*pun ingkang kena. Jarak antawisipun *bobodoran* kaliyan semangka menika caket. Ing ngandhap menika gambar nalika Mas Lukman saweg madosi semangka.

Gambar 28. ***Sulap memotong semangka***
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Sulap memotong semangka ugi trik ingkang dipunginakaken Mas Lukman kangge ngehibur utawi kangge ndamel masarakat ingkang mriksani tegang. *Sulap* menika dipunwiwiti kanthi nunjukaken kacamripat dening masarakat panyengkuyung kangge mastikaken menawi kacamripat menika boten katingal utawi rapet, Mas Lukman mendhet satunggal lare kangge *sampel* utawi kangge *memastikan* bilih kacamripat menika rapet boten katingal menapa-menapa menawi dipunginakaken. Salajengipun kacamripat saha kain werni cemeng diangge Mas Lukman, nalika ngginakaken kain cemeng lajeng jempol Mas Lukman mbikak kacamripat sakedik supados Mas Lukman katingal anggenipun mbelah semangka, lajeng Mas Lukman diputer-puter saha mendhet samurai utawi pedang lajeng Mas Lukman madosi semangka. *Posisi* semangka menika wonten ing sisihipun *bobodoran* supados

anggenipun Mas Lukman mbelah semangka masarakat ingkang ningali tegang.

Sedaya *sulap* ingkang sampun dipunandharaken wonten ing inggil namung trik ingkang dipunginakaken Mas Lukman, pasugatan *sulap* menika kangge hiburan pelengkap kesenian Burok kemawon. Panutup kesenian Burok ingkang samenika beda kaliyan jaman rumiyin. Rumiyin panutup pasugatanipun ngangge atraksi drama singkat. Ingkang sedaya pasugatan menika namung ngangge ngehibur masarakat panyengkuyung.

2. *Sintren*

Sintren minangka wujud seni tradhisi ingkang boten namung misuwur ing daerah Kabupatenn Brebes kemawon ananging ugi tlatah sanesipun kadosta, Indramayu, Cirebon, Tegal, Pemalang, saha Pekalongan. Wonten ing daerah Pekalongan saha Pemalang *sintren* menika dipunsebat kaliyan lais. Miturut RS Pardiyo (lumantar Tansidik, 2010: 53) ngandharaken bilih wiwit taun 1800, *sintren* menika sampun ngalami *pertumbuhan* ingkang langkung wigati. Ing taun 1920 dumugi 1930 *dinamika kegairahan sintren* wonten malih. Nalika masa pendudukan Jepang *sintren* menika ngalami *kemerosotan,* buktinipun inggih menika langkung kirangipun kelompok *sintren* ing Kabupaten Brebes. Kirangipun kelompok *sintren* menika dipuntingali saking langkung sakedik masarakat Kabupaten Brebes ingkang nganggap *sintren*, pasaengan saking wujud seni *modern* sanesipun. kadosta, tarling dangdut utawi organ tunggal. Lajeng *sintren* samenika wonten ing Kabupaten Brebes

dipundadosaken kesenian wonten ing pasugatan kesenian Burok. *Sintren* menika dipunginakaken wonten ing salebeting kesenian Burok namung kangge pelengkap pasugatan kesenian Burok.

Wonten mapinten-pinten pangertosan utawi istilah *sintren* saking *etimologi* basanipun. *Sintren* saking tembung *"si"* saha *"putren"* dados *si putren (sang putri). Sang putri* menika *merunjuk pada putri jelmaan* inggih menika tiyang estri ingkang dipunlebeti roh bidadari sahengga tiyang estri menika dados *jelmaan sang bidadari.* Miturut Sugianto (lumantar Tansidik, 2010: 53) ngandharaken bilih asal istilah *sintren* menika saking tembung *"si"* saha *"tren". Si* nedahaken tembung *sandang* utawi *sebutan* ingkang tegesipun *ia* utawi *dia*. *Tren* menika saking tembun *'tri'* ingkang nedahaken tembung putri ingkang angsal ater-ater *'an'*. sahengga tembung *sintren* saking tembung *"si-putri-an"* ingkang tegesipun pelaku tiyang estri.

Ananging wonten istilah *sintren* sanesipun inggih menika asalipun saking tembung *"sindiran"* tembung ingkang sampun ewah dados *"sitiran"* lajeng ewah malih dados *sintren.* Tembung *Sindiran*, amargi wonten ing pasugatan menika wonten kalih paraga ingkang dados *bodor*. *Bodor* inggih menika *pelawak* utawi *badut* ingkang tugasipun nyindir *melalui joke-joke* dhateng masarakat panyengkuyung.

Secara prinsip, wujud kesenian *sintren* inggih menika pasugatan ingkang dipunginakaken kangge mangertosi unsur *magis* saking paraga ingkang dados *sintren* menika, paraga menika dipunlebetaken roh halus *atas*

panggilan pawang. Pasugatan *sintren* menika dipunginakaken kangge nyuwun diparingi jawah.

Ananging samenika sampun ewah gingsiring jaman, kesenian *sintren* dipundadosaken satunggal wonten ing salebeting kesenian Burok. Wonten ing grup kesenian Burok Mekar Budaya *sintren* menika kangge panutup pasugatan kesenian Burok. Pasugatan *sintren* menika dipunsarengi kaliyan *sulap*. Paraga ingkang dados *sintren* inggih menika anis saking grup Burok Taruna Muda.

Papan pasugatan *sintren* kaliyan *sulap* wonten ing pelataran dalemipun Bapak Casrudin. Paraga *sintren* menika sampun mapan wonten ing sandingipun kotak. Kotak menika ingkang samangke dipunginakaken kangge nglebetaken paraga *sintren*. *Pesulap* maringi mantra kangge paraga *sintren* supados *sintren* menika semaput, menika namung trik, aslinipun mboten semaput. Sabibaripun dipunparingi mantra *sintren* menika boten sadar, lajeng dipunlebetaken wonten ing kotak ingkang sampun dipunsamektakaken, lajeng dipuntutup kangge *banner*. Lajeng *sintren* menika dipuntengge dumugi *pesulap* menika sampun rampung anggenipun *sulap*. Nembe kotak menika dipunbika, lajeng paraga *sintren* ingkang saderengipun dipunlebetaken wonten kotak boten ngangge *aksesoris* punapa-punapa namung ngginakaken rasukan biasa, sasampunipun dipunlebetaken wonten ing kotak ngginakaen *aksesoris* kadosta, kacamripat ingkang wonten gantungan bunder-bunder werni abrit, mahkota, saha slendang. Ing ngandhap menika gambar nalika pe*sulap* maringi mantra kangge *sintren*.

Gambar 29. Nalika pe*sulap* maringi mantra
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Sintren menika medal saking kotak lajeng njoged- njoged. *Sintren* menika boten namung njoged wonten ing papan pasugatan kemawon, ananging *sintren* menika mlebet wonten ing dalemipun Bapak Casrudin ingkang gadhah hajatan menika kangge nyuwun saweran. lajeng menawi sampun dipunparingi saaweran *sintren* menika wangsul malih wonten ing papan pasugatan. *Sintren* menika njoged mawi dipuniringi lagu dangdut. Nalika lagu sampun telas *sintren* menika langsung semaput, lajeng dipunbekta kaliyan paraga sanesipun wonten ing dalemipun Ibu Aya, papan ingkang dipunangge paraga kesenian Burok kangge make up. Ing ngandhap menika gambar *sintren* nalika sampun medal saking kotak

Gambar 30. Nalika *sintren* sampun medal saking kotak
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Sedaya ingkang dipunginakaken wonten ing pasugatan *sintren* menika namung *trik*, paraga *sintren* semaput menika namung rekayasa. Prosesi lampahing kesenian Burok dipuntutup kaliyan pasugatan *sintren* kalawau, pasugatan menika rampung kinten-kinten tabuh 17.00 WIB. Anggenipun nutup kesenian Burok boten wonten acara ingkang khusus, namung pasugatan *sintren* ingkang dipundadosaken kangge acara panutup. Masarakat panyengkuyung ugi ndherek bubar saking dalemipun Bapak Casrudin.

3. Paedahipun Kesenian Burok Mekar Budaya

Kesenian Burok wonten ing Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes taksih dipunlampahi dening masarakat penyengkuyung. Menawi wonten masarakat ingkang badhe ngawontenaken adicara khitanan taksih ngginakaken kesenian Burok menika. Boten namung masarakat Desa

Sarireja kemawon ingkang taksih nglampahi keseniann Burok menika ananging masarakat pundikemawon taksih ngginakaken kesenian Burok.

Kesenian Burok Mekar Budaya menika boten namung dipunpentasaken wonten ing Desa Sarireja kemawon. Kesenian Burok Mekar Budaya menika sampun misuwur wonten ing daerah sanesipun, taksih dipuntindakaken dumugi samenika dening para masarakat amargi kesenian menika ugi gadhahi paedah-paedah ingkang sae tumrap masarakat penyengkuyung. Paedah-paedah ingkang wonten ing kesenian Burok inggih menika paedah *religious, spiritual, sosial,* paedah kangge nglestantunaken kesenian menika, paedah *ekonomi* saha paedah kangge *hiburan.* Saking panaliti ingkang sampun kalampahan, pramila saged kaandharaken paedahipun kesenian Burok wonten ing ngandhap menika.

1. Paedah *Spiritual*

Paedah *spiritual* inggih menika gegayutanipun masarakat dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos utawi kaliyan para leluhur. Wujud paedahipun wonten ing lampahing Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes menika salah satunggalipun gayut kalian masarakat mliginipun ingkang gadhahi adicara khitanan ngucap raos syukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos ingkang sampun maringi rejeki kangge nglampahi acara menika saha supados tansah pinaringan kaslametan dhateng bujang sunat ingkang badhe dikhitant supados dados lare ingkang bekti marang tiyang sepuh, kaluwarga, masarakat, saha

agama. Khitanan menika ugi salah satunggaling ajaran agama Islam ingkang wonten *hadist*ipun inggih menika wonten ing ngandhap menika.

> *"Miturut hadits riwayat Bukhary & Muslim, bahwa fithroh itu ada lima: khitan, mencukur rambut kemaluan, mencabut bulu ketiak, memotong kuku, dan memotong kumis."*

Saking hadits wonten ing inggil, bilih sumpitan salah satunggaling *fithroh* ingkang kedah dipunlaksanakaken kangge tiyang jaler supados kangge njangkepi salah satunggaling kewajiban.

Pasugatan kesenian Burok ugi gadhahi unsur kaendahan, lajeng ndamel masarakat panyengkuyung ngraosaken bungah, remen, amargi arang wonten *hiburan*. Gayutipun masarakat panyengkuyung kaliyan kesenian Burok inggih menika maringi kanikmatan, saha masarakat saged ngraosaken bungah. Maringi kanikmatan kangge manungsa ugi salah satunggaling ibadah ingkang dipunajaraken wonten ing agama Islam. Salajengipun inggih menika wujud saking sirah Burok ayu ingkang ngginakaken panutup sirah ingkang sami kaliyan jilbab, menika wonten gayutipun kaliyan agama Islam bilih tiyang estri ingkang muslim kedah ngginakaken jilbab.

Andharan menika dipunsengkuyung dening andharanipun *informan* (07) kados wonten ing ngandhap menika.

> *"Nganggap kesenian Burok, biar anak saya seneng, temen-temennya, sodara-sodara saya juga banyak sih yang nganggap burok, ya itung-itung sedekah aja Mba,"* (CLW 07)

> "Nanggap kesenian Burok, supados putra kula ngraosaken bungah, kanca-kancanipun saha saderek-sederek kula nggih kathah ingkang nanggap Burok, ugi kangge sedekah mba." (CLW 07)

Andharan menika dipunsengkuyung dening andharanipun *informan* (01) kados wonten ing ngandhap menika.

> *"Kesenian* Burok *ini dulunya juga digunakan untuk meminta doa kepada Yang Maha Kuasa supaya diberikan keberkahan dan hasil yang banyak untuk para petani, supaya diberikan hujan juga. Tetapi dengan berkembangnya jaman yang sekarang ini kesenian* Burok *cuman digunakan untuk orang hajatan sunatan, nikahan, tujuh belasan dan merayakan kemenangan pemilihan kepala desa sebagai tanda syukur sudah diberikan rejeki, disisi lain juga sebagai hiburan untuk masarakat setempat. Sudah banyak yang menggunakan kesenian* Burok *"Mekar Budaya" ini mba, rata-rata banyak orang yang mempunyai nadar kalau anaknya sunatan mau tak anggapin* Burok*."* (CLW 01)

> "Kesenian Burok rumiyunipun dipunginakaken kangge nyuwun dongan dhateng Yang Maha Kuasa supados dipunparingi kaberkahan, dipunparingi jawah saha asil langkung kathah kangge petani, ananging nalika sampun ewahing jaman kesenian Burok samenika dipunginakaken kangge hajatan *khitanan, nikahan, tujuh belasan dan merayakan kemenangan pemilihan kepala desa* kangge tanda syukur sampun dipunparingi rejeki, saha sarana *hiburan* kangge masarakat. Kesenian Burok menika sampun kathah dipunginakaken wonten pundikemawon biasanipun wonten ing acara hajatan ingkang sampun gadhah nadar badhe nanggap kesenian Burok." (CLW 01)

Miturut andharan ingkang sampun dipunandharaken ing nginggil menika, saged dipunpendhet dudutan bilih kesenian Burok Mekar Budaya menika gadhah paedah *spiritual*. Paedah *spiritual* menika saged katingal saking kathahipun masarakat ingkang taksih nganggap kesenian menika dados masarakat taksih ngucap syukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Pengasih ingkang sampun paring rezekinipun.

2. Paedah *Sosial*

Paedah *sosial* wonten ing Kesenian Burok inggih menika gayut kaliyan *interaksi* utawi sarana *komunikasi* masarakat. Paedah *sosial* menika

dipunginakaken kangge sarana pasrawungan masarakat Desa Sarireja, ingkang saged dipuntingali nalika kesenian menika dipunwiwiti lajeng masarakat saking Dhusun Kubangsari, Centilan saha Benda nderek nyengkuyung wonten ing papan pasugatan. Saking Desa Kubangputat mliginipun Dhusun Karangmangu ugi wonten ingkang mriksani kesenian menika. Masarakat ingkang mriksani Kesenian Burok wiwit prosesi awal lajeng samangke nderek arak-arakan Burok kanthi nglilingi Desa Sarireja dumugi Dhusun Karangmangu. Wonten masarakat ingkang namung ngantosi arak-arakan wonten ing jawi griyanipun.

Paedah Kesenian Burok minangka sarana kangge njembaraken paseduluran saha kekancan. Kathahipun panyengkuyung Kesenian Burok katingal saking ingkang mirsani kesenian ingkang asipat kangge *hiburan*. Amargi kesenian menika kabuka kangge umum satemah boten namung saking masarakat Desa Sarireja kemawon ingkang nyengkuyung, ananging ugi saking njawi Desa Sarireja kadosta masarakat saking Desa Kubangputat wonten ingkang nderek mriksani kesenian burok.

Kesenian Burok menika ugi boten saged dipunpisah antawisipun paraga saha warga masarakat. Menawi boten wonten masarakat ingkang nyinom, panggung dorong utawi panggung musik kesenian Burok menika boten kalampahan. Amargi ingkang ndorong panggung menika tiyang ingkang saweg nyinom wonten ing acara menika. Paraga lan masarakat sami paring pambiyantu gotong royong kangge kalancaran kesenian menika.

Kangge paraganipun gadhahi paedah *sosial* inggih menika supados kekancananipun langkung erat, nambah paseduluran amargi kadangkala wonten paraga saking grup kesenian Burok sanesipun. Kesenian menika ugi saged nambah kagiyatan kangge kawula mudha, mboten namung nyambut damel wonten sabin, kuli bangunan, saha dagang kemawon.

3. Paedah kangge Nglestantunaken Tradhisi

Kesenian Burok gadhah paedah minangka sarana kangge nglestantunaken kesenian ingkang sampun wonten wiwit jaman rumiyin. Minangka paedah nglestantunaken tradhisi, mila samenika masarakat Desa Sarireja utawi masarakat sanesipun taksih ngawontenaken kesenian menika. Kesenian menika saged ndadosaken raketing paseduluran tumrap masarakat sanesipun. Wonten ing kesenian pundi kemawon gadhahi ancas mujudaken raos puji syukur dening Gusti ingkang Akarya Jagad ingkang sampun paring rejeki, katentreman, karaharjan, kawilujengan dhumateng sedaya masarakat.

Sanadyan kathah saking masarakat ingkang boten ngertos wiwit kapan anggenipun kesenian Burok menika dipunwiwiti, ananging masarakat taksih gadhah antusias kangge nanggap saha nyengkuyung kesenian Burok dumugi samenika. Kesenian Burok ditanggap boten namung wonten ing Desa Sarireja kemawon, kathah ugi saking daerah sanesipun. Ingkang nyengkuyung kesenian menika ugi taksih kathah, wiwit lare alit dumugi ibu-ibu saha bapak-bapak saking tangga desa ugi ndherek mriksani kesenian Burok menika,

menika mratandhani bilih kesenian Burok minangka salahsatunggaling budaya ingkang boten pareng ical kawontenanipun.

4. Paedah *Hiburan*

Kesenian Burok gadhah paedah maringi *hiburan.* supados masarakat ingkang ningali prosesi kesenian menika saged kahibur amargi wonten ing Desa Sarireja jarang wonten *hiburan*. *Hiburan* menika saged paring kabagyan kangge masarakat saking lare alit dumugi tiyang enem, amargi kesenian menika kathah boneka-boneka kadosta *upin-ipin*, ingkang saged dadosaken lare alit remen lan betah wonten ing papan adicara menika. Menawi kangge tiyang enem kangge *hiburan* amargi wonten orkes dangsutipun.

Kathah masarakat ingkang mriksani pentas kesenian Burok, boten namung saking Desa Sarireja kemawon ananging ugi wonten saking tangga desa, wonten lare alit saha tiyang enem aslinipun saking Dhusun Karangmangu dhateng wonten papan ingkang ngawontenaken adicara menika namung kangge mriksani kesenian Burok. Saking kesenian Burok menika masarakat saged *apresiasi* kabudayan ingkang taksih dipuntindakaken ngantos samenika ingkang nggadhahi nilai-nilai moral saha *hiburan* ingkang saged damel bungah masarakat ingkang dhateng kangge mirsani kesenian menika.

5. Paedah *Ekonomi*

Paedah *ekonomi* menika paedah ingkang gayut kaliyan *keuangan.* Inggih menika kangge ningkataken *pendapatan* paraga Burok. Ananging nalika kesenian Burok menika dipunginakaken wonten ing acara *perayaan kemenangan kepala desa, perayaan ulang tahun Repoblik Indonesia* lan *perayaan ulang tahun* Kabupaten Brebes, mboten dibayar.

Kesenian Burok dibayar miturut caket tebihipun daerah ingkang badhe nanggap kesenian menika. andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01.

> *"Dulu ke Jakarta itu sekitar 12 juta, soalnya buat transportasinya yang mahal, kalo cuman di daerah sendiri itu sekitar 7 juta. Setiap pemain itu dibayar beda-beda mba, pemusik 170.000 ribu, barongsai 60.000, kuda lumping 50.000, burok 70.00 ribu."* (CLW 01)

> "Rumiyin ditanggap wonten ing Jakarta kanthi *harga* 12 juta, amargi kangge *transportasinipun* ingkang awis, menawi ditanggap wonten ing daerah piyambak menika namung 7 juta. Saben paraga menika dibayar beda-beda mba, pemusik Rp 170.000, *barongsai* Rp 60.000, *kuda lumping* Rp 50.000, *Burok* Rp. 70.000." (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 07.

> *"Dulu itu masih 2 juta, tapi kalo sekarang semakin bertambahnya pemain itu udah hampir 7 jutaan."* (CLW 07)

> "Rumiyin menika taksih 2 juta, ananging menawi samenika langkung kathah paraganipun dados 7 juta." (CLW 07)

Saking andharan wonten ing inggil saged dipunpendhet dudutan, bilih bayaran kangge kesenian Burok menika miturut tebih caketipun saben daerah ingkang badhe nanggap kesenian menika. Menawi tebih menika dibayar 12 juta, amargi kangge *transportasinipun* ingkang awis. Menawi ditananggap wonten ing daerah piyambak menika namung 7 juta. Saben paraga dibayar

beda-beda pemusik Rp 170.000, *barongsai* Rp 60.000, *kuda lumping* Rp 50.000, *Burok* Rp. 70.000.

Saking asiling pirembagan ing nginggil saged kadudut bilih mula bukanipun kesenian Burok kinten-kinten nalika abad 20, ananging kathah ingkang *menafsirkan* bilih kawontenan Burok menika nalika jumenengipun Kasultanan. Dipunrembaka dening Sunan Kalijaga inggih menika kangge narik kawigatosan masarakat supados kempal kangge mirengaken *da'wah* Agama Islam. Kesenian Burok salah satunggalinng kesenian ingkang dados sarana pambuka acara *silaturahmi* lan *komunikasi* kaliyan masarakat. Wonten mapinten-pinten *versi* asal-usulipun Burok inggih menika Burok saking cariyosipun Nabi Muhammad SAW nalika beliau nindhakaken Isra Mi'raj ingkang ngginakaken kendaraan *kuda bersayap yang berkepala perempuan cantik* ingkang dipunsebat kaliyan Burok, tembung Burok wonten ing salebeting Ayat Al Quran dipunsebat kaliyan *kilat.* Wonten ugi ingkang ngandharaken saking basa Arab *Baburahmah* tegesipun *pintu keselamatan*. Lajeng Burok menika dipundadosaken kesenian tradhisional kaliyan masarakat Cirebon saha masarakat Kabupaten Brebes.

Kesenian Burok wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja dipunrintis kaliyan Bapak Cewod ingkang maringi nami grup kesenian Burok inggih menika kesenian Burok Mekar Budaya. Nalika taun 2010 kesenian Burok Mekar Budaya gentos pimpinan inggih menika ingkang waunipun Bapak Cewod samenika gantos Bapak Surip dumugi samenika kesenian Burok Mekar Budaya taksih pimpinanipun Bapak Surip. Nalika pimpinanipun Bapak Surip kesenian Burok Mekar Budaya kathah ngalami pangrembaka dados kesenian ingkang *modern,* inggih menika dipuntingali

saking piranti musikipun samenika sampun ngginakkaen *gitar melodi, gitar bas, keyboard, kendang, tamboring, seruling, kicrik* saha *drum,* saha dipunbekta mawi panggung dorong. Kesenian Burok samenika ugi kathah *boneka-boneka* sanesipun inggih menika *singa gotong, peksi gotong, naga gotong* ugi wonten pasugatan *kuda lumping, barongsai, sulap* lan *sintren*. Sedaya menika namung kangge pelengkap pasugatan kemawon.

Lampahing kesenian Burok angliputi tigang *tahap* inggih menika *tahap* pambuka, *inti,* saha *tahap* panutup. Pasugatan saking kesenian Burok dipunwiwiti kanthi pambeksa. *Inti* saking pasugatan kesenian Burok wonten mapinten-pinten pasugatan kadosta *tarian kuda lumping, atraksi barongsai,* Burok ayu *saha boneka-boneka sanesipun (singa gotong, naga gotong, peksi gotong, saha upin-ipin)* dipunlajengaken arak-arakan kanthi ngulilingi Desa Sarireja dumugi Dhusun Karangmangu ingkang dipunsengkuyung kaliyan masarakat. Tahap ingkang pungkasan inggih menika panutup wonten pasugatan *sulap* saha *sintren*.

Kesenian Burok wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja menika gadhah paedah kangge masarakat inggih menika paedah *spiritual, hiburan, ekonomi, sosial,* saha paedah kangge nglestantunaken tradhisi kesenian Burok menika. Paedah *spiritual* wonten ing kesenian Burok menika kangge ngucap raos syukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos ingkang sampun maringi rejeki kangge nglampahi acara menika saha supados tansah pinaringan kaslametan dhateng bujang sunat ingkang badhe dikhitan dados lare ingkang bekti marang tiyang sepuh, kaluwarga, masarakat, saha agama.

Paedah *hiburan* saking kesenian Burok inggih menika maringi kabagyan dhateng masarakat ingkang nyengkuyung kesenian menika. Paedah *ekonomi* menika paedah ingkang gayut kaliyan *keuangan.* Inggih menika kangge ningkataken *pendapatan* paraga Burok. Paedah *sosial* wonten ing kesenian Burok inggih menika supados sami paring pambiyantu gotong royong antawisipun paraga kaliyan masarakat kangge kalancaran kesenian menika, saha sarana kangge njembaraken paseduluran saha kekancan kangge paraga utawi panyengkuyung kesenian menika. Paedah kangge nglestantunaken tradhisi inggih menika supados tradhisi ingkang awujud kesenian Burok menika boten ical tetep dipunlestantunaken dening masarakat. Boten namung masarakat Desa Sarireja kemawon ananging ugi saking daerah sanesipun ndherek nglestantunaken kesenian Burok.

BAB V
PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten ingkang sampun dipuntindakaken wonten ing Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupatemn Brebes saged dipunpendhet dudutan inggih menika.

1. Mula bukanipun kesenian Burok kinten-kinten nalika abad 20, ananging kathah ingkang *menafsirkan* bilih kawontenan Burok menika nalika jumenengipun Kasultanan. Burok menika dipunrembaka dening Sunan Kalijaga inggih menika ngajak masarakat kempal kangge mirengaken *da'wah* Agama Islam. Rumiyinipun inggih menika saking cariyosipun Nabi Muhammad SAW nalika beliau nindhakaken Isra Mi'raj ingkang ngginakaken kendaraan *kuda bersayap yang berkepala perempuan cantik* ingkang dipunsebat kaliyan Burok, tembung Burok wonten ing salebeting Ayat Al Quran dipunsebat kaliyan "*kilat.*" Wonten ugi ingkang ngandharaken saking basa Arab "*Baburahmah*" tegesipun *pintu keselamatan.* Langkung dangu kesenian menika dipunremeni masarakat, boten namung masarakat daerah Cirebon kemawon ananging ugi daerah Kecamatan Brebes. Sahengga Burok menika dipundadosaken kesenian tradhisional dening masarakat Cirebon saha masarakat Brebes, dumugi samenika kathah masarakat ingkang ngginakaken kesenian Burok. Ancasipun ngginakaken kesenian Burok inggih menika supados lare ingkang dipunkhitan slamet donya akherat dados putra ingkang bekti

marang Gusti Ingkang Maha Kuaos, agama lan tiyang sepuh, kangge syukuruan amargi sampun diparingi rezeki dhumateng Gusti Ingkang Maha Pemberi Rezeki, saha kangge nglestantunaken kesenian Burok wonten ing Desa Sarireja.

2. Lampahing kesenian Burok wonten tigang tahap inggih menika pambukaan, *inti* pasugatan saha panutup pasugatan. Pasugatan saking kesenian Burok dipunwiwiti kanthi pambeksa. *Inti* saking pasugatan kesenian Burok wonten mapinten-pinten pasugatan kadosta *tarian kuda lumping, atraksi barongsai,* Burok ayu *saha boneka-boneka sanesipun (singa gotong, naga gotong, peksi gotong, saha upin-ipin)* dipunlajengaken arak-arakan kanthi ngulilingi Desa Sarireja dumugi Dhusun Karangmangu ingkang dipunsengkuyung kaliyan masarakat. Tahap ingkang pungkasan inggih menika panutup wonten pasugatan *sulap* saha *sintren*.
3. Paedah kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, kabupaten Brebes inggih menika wonten paedah *spiritual, hiburan, ekonomi, sosial,* saha paedah kangge nglestantunaken tradhisi kesenian Burok. paedah *spiritual* wonten ing kesenian Burok kangge ngucap raos syukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos ingkang sampun maringi rejeki kangge nglampahi acara menika saha supados tansah pinaringan kaslametan dhateng bujang sunat ingkang badhe dikhitan dados lare ingkang bekti marang tiyang sepuh, kaluwarga, masarakat, saha agama. Paedah *hiburan* saking kesenian

Burok inggih menika maringi kabagyan dhateng masarakat ingkang nyengkuyung kesenian menika. Paedah *ekonomi* menika paedah ingkang gayut kaliyan *keuangan.* Inggih menika kangge ningkataken *pendapatan* paraga Burok. Paedah *sosial* wonten ing kesenian Burok inggih menika supados sami paring pambiyantu gotong royong antawisipun paraga kaliyan masarakat kangge kalancaran kesenian menika, saha sarana kangge njembaraken paseduluran saha kekancan kangge paraga utawi panyengkuyung kesenian menika. Paedah kangge nglestantunaken tradhisi inggih menika supados tradhisi ingkang awujud kesenian Burok menika boten ical tetep dipunlestantunaken dening masarakat. Boten namung masarakat Desa Sarireja kemawon ananging ugi saking daerah sanesipun ndherek ngginakaken kesenian Burok.

B. Pramayogi

Kesenian Burok Mekar Budaya wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes menika salah satunggaling kabudayaan tradhisional ingkang dipungadhahi dening masarakat Desa Sarireja, kesenian menika sampun wonten wiwit rumiyin dumugi samenika taksih wonten ingkang nanggap kesenian Burok, saha penyengkuyungipun ugi kathah. Awit saking menika kedah dipunlestantunaken supados tetep lesatantun boten ical amargi ewah gingsiripun jaman. Amargi sampun kathah lare alit ingkang remen kaliyan permainan ingkang wonten ing *handpone.* Pramila panaliti paring pramayogi bilih kesenian Burok Mekar Budaya

menika perlu dipunrembaka malih inggih menika saking segi boneka-bonekanipun dipundamel malih kados jaman rumiyin inggih menika wonten *egrang, gajah, raksasa* supados kesenian menika katingal sae saha lengkap. Perlunipun dipundamel buku babagan kesenian Burok ingkang wonten ing daerah Kabupaten Brebes, Saha perlu kawigatosan saking pamarintah.

C. Implikasi

Asiling panaliten Kesenian Burok wonten ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes menika gadhah ancas kangge ngandharaken mula bukanipun kesenian Burok, lampahing kesenian Burok saha paedahipun kesenian Burok. Kesenian Burok menika ugi salah satunggaling tradhisi ingkang awujud kesenian wonten ing Desa Sarireja ingkang dipunginakaken kangge nyenyuwun saha muji syukur dhumateng Gusti Allah Ingkang Maha Kuwaos ingkang sampun paring rejeki mliginipun kangge masarakat ingkang gadhahi acara khitanan, saha supados paring kaslametan kangge bujang sunat mugi khitananipun kalampahan kanthi lancar.

KAPUSTAKAN

Bungin, Burhan. 2005. *Analisis Data Penelitian Kualitatif Pemahaman Filosofis dan Metodologis ke Arah Penguasaan Model Aplikasi.* Jakarta: PT RajaGrafindo Persada.

Danandjaja James. 1994. *Foklor Indonesia. Jakarta*: Pustaka Utama Grafiti.

Danim, Sudarwan. 2002. *Menjadi Peneliti Kualitatif.* Bandung: CV Pustaka Setia.

Dewi Lisa Nurul Anisa. 2014. *Kesenian Badui wonten ing Dhusun Klawisen, Desa Margoagung, Kecamatan Seyegan, Kabupaten Sleman*. Skripsi S1. Yogyakarta : Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

Endaswara, S .2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan.* Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

_____ .2006a. *Metodologi Penelitian Kebudayaan.* Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

_____ .2006b. *Metodologi Penelitian Kebudayaan.* Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

_____ .2009. *Metode Penelitian Folklor; Konsep, Teori, dan Aplikasi.* Yogyakarta: MedPres.

_____ . 2010. *Foklor Jawa. Macam, Bentuk, daan Nilainya.* Jakarta: Penaku.

Gazalba, Sidi. 1968. *Pengantar Kebudayaan sebagai Ilmu.* Djakarta: Pustaka Antara.

Herdiansyah, Haris. 2013. *Wawancara, Observasi, Dan Focus Groups Sebagai Instrumen Penggalian Data Kualitatif.* Jakarta: PT RajaGrafindo Persada.

Herimanto. 2011. *Ilmu Sosial & Budaya Dasar*. Jakarta: PT Bumi Aksara

Kayam, U. 1981. *Seni, Tradisi, Masyarakat.* Jakarta: PT Djaya Pirusa

Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa.* Jakarta: Balai Pustaka.

_____ . 1990. *Pengantar Ilmu Antropolgi.* Jakarta: PT Rineka Cipta.

_____ . 1994. *Kebudayaan Metalis dan Pembangunan.* Jakarta: PT Gramedia.

Moleong. 2014. *Metode Penelitian Kualitatif.* Bandung: PT Remaja Rosdakarya.

Purwadi. 2009. *Folklor Jawa.* Yogyakarta: Pura Pustaka.

Poerwadarminta. 1939. *Boesastra Djawa.* Batavia: J. B. Wolters.

Rimbang, Anggit Winulang. 2016. *Kesenian Brendung ing Desa Sarwodadi, Kecamatan Comal, Kabupaten Pemalang: Kawontenan saha Ginanipun Tumrap Masarakat*. Skripsi S1. Yogyakarta : Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

Suharti, dkk. 2006. *Apresiasi Budaya*. Diktat Mata Kuliah Apresiasi Budaya pada Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

Sukardi. 2006. *Penelitian Kualitatif-Naturalistiik dalam Pendidikan.* Jakarta: Usaha Keluarga.

_____. 2014. *Metode Penelitian Pendidikan. Kompetensi dan Praktiknya.* Jakarta: Bumi Aksara.

Sulasman. 2013. *Teori-teori Kabudayaan.* Bandung: CV Pustaka Setia.

Tansidik, Atmo. 2010. *Pengkajian Tradisi, Dekumentasi Seni dan Folklorn di Kabupaten Brebes Jawa Tengah.* Brebes.

Tim Penyusun. 2017. *Suplemen Pedoman Tugan Akhir TAS/TAKS/TABS.* Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

Tim Penyusun. 2017. *Panduan Tugas Akhir.* Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

Tohirin. 2012. *Metode Penelitian Kualitatif Dalam Pendidikan Dan Bimbingan Konseling.* Jakarta: PT RajaGrafindo Persada.

Widyosiswoyo, Suparno. 2004. *Ilmu Budaya Dasar.* Jakarta: Ghalia Indonesia.

LAMPIRAN

CATATAN LAPANGAN OBSERVASI 01

(CLO 01)

Dinten/ Tanggal : Senin, 25 Desember 2017

Wekdal : 16.00 WIB

Papan : Dalemipun Bapak Carik

Topik : Gambaran Desa Sarireja

Andharan :

1. Kahanan *Geografi*

Ing Dusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes wonten kesenian Burok inggih menika kesenian bueok Mekar Budaya. Desa Sarireja kaperang dados tigang dhusun, inggih menika Dhusun Kubangsari, Dhusun Centilan saha Dhusun Benda. Desa Sarireja menika kanthi *administrative* gadhah watesan kaliyan Desa sanesipun. Watesan Desa Sarireja inggih menika.

e. Sisih eleripun kanthi dipunwatesi kaliyan Desa Luwunggede, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes,
f. Sisih wetanipun kanthi dipunwatesi kaliyan Desa Kubangputan saha Desa Cimunding, Kecamatan Banjarharjo, Kabupaten Brebes,
g. Sisih kilenipun kanthi dipunwatesi kaliyan Desa Negla, Kecamatan Losari, Kabupaten Brebes,
h. Sisih kidulipun kanthi dipunwatesi kaliyan Desa Cibuniwangi, Kecamatan Banjarharjo, Kabupaten Brebes.

Desa Sarireja menika desa ingkang mapan wonten ing Kabupaten Brebes sisih kilen.Tebihipun Kabupaten Brebes dumugi Desa Sarireja inggih menika ± 36 km, dene saking Kecamatan Brebes dumugi Desa Sarireja tebihipun inggih menika ± 10 km. Saking *pusat pemerintahan Provinsi* dumugi Desa Sarireja tebihipun inggih menika ± 195 km, dene saking *ibu kota Negara* dumugi Desa Sarireja tebihipun inggih menika ± 370 km. Piranti *transportasi* saking Desa Sarireja dumugi Kecamatan Tanjung saged

ngginakaken sepedha montor, mobil saha angkutan umum. Margi wonten ing Desa Sarireja inggih menika kirang sae kathah jlegonganipun, ananging wonten ing kecamatan saha Kabupaten Brebes marginipun sampun sae ananging asring macet wonten ing kota brebes amargi kangge medal mlebetipun mobil saking pintu toll.

Desa Sarireja wiyaripun inggih menika 299 Ha. Miturut *geografis* Desa Sarireja menika wonten ing *ketinggian* saking *permukaan air laut* inggih menika 30 Mdpl, kathahipun *curah hujan* 2000/ 3100 mm, saha kahanan *suhu udara* inggih menika 26 – 32 °C. Desa Sarireja dipunperang dados tiga dhusun inggih menika Dhusun Kubangsari, Dhusun Benda saha Dhusun Cantilan. Dhusun Kubangsari kalebet Dhusun ingkang wonten kesenian Burok. Dene saking tiga dhusun menika dipunperang dados 2 RW saha 18 RT.

Lokasi panaliten ingkang dipunlampahi inggih menika wonten ing Dhusun Kubangsari RT 07 RW 11 Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes. Supados langkung gampil anggenipun mangertosi papan panaliten kesenian Burok saged dipuntingali saking denah ing ngandhap menika.



Gambar 01. *Denah* Desa Sarireja
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

2. Kahanan *Demografi*

a. Penduduk

Saking *data administratif* wonten ing kelurahan Desa Sarireja taun 2017, warga utawi *penduduk* Desa Sarireja cacahipun wonten 5448 jiwa ingkang kaperang saking *penduduk* kakung 2584 jiwa saha estri 2864 jiwa, ingkang sedaya *penduduk berwarga Negara* asli. *Data* cacahipun *penduduk* wonten ing Desa Sarireja saged katingal saking *data monografi* taun 2017 miturut kelompok yuswanipun ing ngandhap menika.

No	Kelompok Yuswa	Cacahipun
1.	0 – 5 taun	494
2.	6 – 10 taun	403
3.	11 – 15taun	364
4.	16 – 20 taun	328
5.	21 – 25 taun	399
6.	26 – 30 taun	389
7.	31 taun +	3071
Cacahipun		5448

Tabel 1. **Cacahipun *penduduk* Desa Sarireja miturut yuswa**
Sumber: *Data administratife* kelurahan Desa Sarireja
per Desember 2017

b. Padamelan

Miturut *data administratif* wonten ing kelurahan Desa Sarireja taun 2017 sampun dipunserat *data* padamelan masarakat saking sedaya masarakat ingkang sampun utawi dereng nyambut damel. Wonten 10 jinis padamelan ing Desa Sarireja inggih menika buruh tani, buruh bangunan, petani, buruh pabrik, wiraswasta, buruh harian lepas, pedagang, nelayan, PNS, pengusaha. Masarakat Desa Sarireja kathahipun nyambut damel dados buruh tani amargi sabin wonten ing Desa Sarireja langkung jembar. Dene *tabel* padamelan masarakat miturut jinising padamelanipun saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

No	Jinising Padamelan	Cacahipun
1.	Dereng nyambut damel	998
2.	Buruh tani	407
3.	Petani	987
4.	Buruh pabrik	157
5.	Wiraswasta	39
6.	Buruh harian lepas	779
7.	Pedagang	278
8.	Nelayan	2
9.	PNS	14
10.	Pengusaha	5
11.	*Lain-lain*	337
Cacahipun sedaya		4003

***Tabel* 2. Cacahipun *penduduk* Desa Sarireja miturut jinising padamelan**
Sumber: *Data administratif* kelurahan Desa Sarireja

c. Kahanan sosial budaya masarakat

Miturut *data administratif* wonten ing kelurahan Desa Sarireja taun 2017 sampun dipunserat *data tingkat* pendidikan. ing Desa Sarireja papan panggenan kangge ngudi kawruh inggih menika wonten PAUD, TK, SD, saha MI. SD kaperang dados kalih inggih menika SD Negeri Sarireja 01 ingkang jejeripun wonten sekolahan PAUD papanipun wonten ing Dhusun Benda saha SD Negeri Sarireja 02 ingkang jejeripun wonten sekolahan TK papanipun wonten ing Dhusun Kubangsari. Sekolah MI menika sekolah ingkang dipuntindakaken kanthi wekdal sonten papanipun wonten ing Dhusun Benda. Dene tabel *data* pendidikan masarakat Desa Sarireja Kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

No	Pendidikan	Cacahipun
1.	Boten tamat SD	897
2.	Tamat SD	1.598
3.	Tamat SLTP	921
4.	Tamat SLTA	312
5.	Tamat DI, DII, DIII	42
6.	Tamat SI, SII, SIII	12
Cacahipun sedaya		3782

***Tabel* 3. Cacahipun *penduduk* Desa Sarireja miturut *tingkat* pawiyatan Sumber: *Data administratif* kelurahan Desa Sarireja per Desember 2017**

d. *Sistem Religi*

Sistem religi masarakat Desa Sarireja miturut *data administratif* taun 2017 inggih menika sedaya masarakat Desa Sarireja ngrasuk agami Islam, ingkang gadhahi kegiatan keagamaan kadosta pengajian-pengajian kangge ibu-ibu saben dinten Jum'at, yasinan kangge bapak-bapak saben malem jum'at, *peringatan* kangge Isra Mi'raj, maulid Nabi, saha wonten kegiatan ngaji lare-lare ingkang dipuntindhakaken ba'da magrib wonten ing masjid-masjid saha mushola-mushola. Mula kathah madeg mushola saha masjid. Masjid ing Desa Sarireja wonten 3 inggih menika mapan wonten ing Dhusun Kubangsari ingkang naminipun Masjid Baitulatiq, Masjid Baitul Izzah, dene masjid ingkang satunggalipun mapan wonten ing Dhusun Benda naminipun Masjid Al- Furqon. Mushola ing dhusun Kubangsari wonten 6, ing Dhusun Benda wonten 1 saha ing Dhusun Centilan wonten 2 mushola.

Catetan Refleksi 01

1. Desa Sarireja kaperang dados tiga Dhusun, salah satunggalipun inggih menika Dhusun Kubangsari

2. Sisih eleripun dipunwatesi kaliyan Desa Luwunggede, sisih wetanipun dipunwatesi kaliyan Desa Kubangputan saha Desa Cimunding, sisih kilenipun, dipunwatesi kaliyan Desa Negla, sisih kidulipun dipunwatesi kaliyan Desa Cibuniwangi
3. Ing Dhusun Kubangsari, Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes wonten kesenian tradhisional Burok Mekar Budaya

CATATAN LAPANGAN OBSERVASI 02

(CLO 02)

Dinten/ Tanggal	: Kamis, 23 Juni 2017
Tabuh	: 10.49 WIB
Papan	: Dalemipun Ibu Aya
Topik	: Cecawis kostum kesenian Burok
Andharan	:

Saderengipun pasugatan dipunwiwiti, para paraga kempal wonten ing dalemipun Ibu Aya inggih menika tangganipun Bapak Casrudin, kangge nyamektakaken menapa kemawon ingkang badhe dipuntindhakaken nalika pasugatan. Salah satunggalipun inggih menika para paraga sami gantos kostum saha *make up an.* kostum paraga kesenian Burok menika beda-beda. ing ngandhap menika gambar kostum paraga kesenian Burok.

Gambar 2. Kostum pambeksa werni abrit
Suber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Katrangan:

1. Rasukan abrit *kombinasi* werni pethak
2. *Aksesoris* dipunginakaken wonten ing asta
3. Kathak dawa werni abrit
4. Mahkota
5. *Aksesoris sabuk*
6. Slendang

Ingkang ngginakaken kostum werni abrit cacahipun wonten 12 tiyang inggih menika paraga *singa gotong. Singa gotong* menika wonten kalih, dados cacahipun wonten 8 paraga, saha ingkang bekta *naga gotong* 4 tiyang. Sedaya ingkang ngangge kostum werni abrit inggih menika 12 tiyang. Ing ngandhap menika gambar kostum werni abrit tua.

Gambar 3. Kostum paraga werni abrit tua

Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Kostum ing inggil werni abrit tua dipuangge dening paraga pambeksa saha *peksi gotong* cacahipun wonten 4 tiyang. Kostum ingkang dipungangge dening pambeksa beda kaliyan kostum *kuda lumping* lan *sulap*. Menawi pemusik saha biduan boten wonten kostumipun namung ngangge rasukan piyambakipun. Paraga Burok ayu saha *barongsai* ugi namung ngangge kostum kathok kemawon. Gambar kostum *kuda lumping* saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

Gambar 4. Kostum paraga *kuda lumping*
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Katrangan:

1. Rasukan paraga kuda lumping werni pethak dipunkombinasi hiasan warni biru saha wonten hiasan rendanipun
2. *Rok mini* werni pethak dipunkombinasi werni biru tua wonten rendanipun werni emas
3. Dasi paraga *kuda lumping*

Kostum ingkang dipunbekta piyambak inggih menika *manset, stagen, sepatu, kacamripat* . Para paraga kesenian Burok ngangge kostum wonten ing dalemipun Ibu Aya inggih menika tangganipun Bapak Casrudin.

Gambar paraga ngangge kostum, saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

Gambar 5. Persiapan para paraga kesenian Burok
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Menika saperangan paraga ingkang nembe nggantos kostum wonten ing dalemipun Ibu Aya, paraga menika ngginakaken kostum piyambak. ingkang boten ngginakaken kostum inggih menika pemusik saha biduan ingkang namung ngginakaken rasukan piyambakipun.

Catatan Refleksi 02

1. Papan kangge nggantos kostum inggih menika wonten ing dalemipun Ibu Aya.
2. Kostum paraga kesenian Burok beda-beda inggih menika kostum pambeksa ingkang samangke ugi dados paraga gotong *boneka-boneka (peksi, naga, singa gotong)* werni abrit saha abrit tua. Kostum *kuda lumping* werni pethak dipunkombinasi werni biru.

CATATAN LAPANGAN OBSERVASI 03
(CLO 03)

Dinten, surya kaping : Kamis, 23 Juni 2017
Wekdal : 13. 58 WIB
Papan : Sangajengipun dalemipun Bapak Casrudi
Topik : Lampahing kesenian Burok
Andharan :

Sasampunipun paraga kesenian Burok ngginakaken kostum, pentas kesenian Burok dipunwiwiti. Pentasipun dipuntindakaken wonten ing latar lan margi sangajengipun dalemipun Bapak Casrudin, nalika arak-arakan dipuntindakaken wonten ing margi Desa Sarireja. Wonten tigang tahap saking kesenian Burok inggih menika pambuka, *inti*, lan pantup.

a. Pambuka pasugatan

Pentas kesenian Burok dipunwiwiti kaliyan pasugatan pambeksa, papanipun wonten ing pelataran sangajengipun dalemipun Bapak Casrudin. Paraga pambeksa menika cachipun wonten 10 tiyang ingkang sedaya jaler saha taksih kawula mudha. Sedaya sampun boten sekolah, sampun sami nyambut damel. Menawi wonten salah satunggaling paraga saking kesenian Burok Mekar Budaya boten saged ndherek pentas saged dipungantos kaliyan paraga saking grup sanesipun inggih menika saking grup Burok Taruna Budaya saha Mitra Budaya. Sesampunipun pasugatan pambeksa dipunlajengaken tahap *inti*, inggih menika wonten pasugatan *kudalumping*, *barongsai*, Burok Ayu, lan arak-arakan. Lajeng acara panutup wonten pasugatan *sulap saha sintren.*

b. *Inti* Pasugatan

Acara *inti* wonten ing kesenian burok wonten 4 pasugatan inggih menika pasugatan *kuda lumping, barongsai, burok ayu* lan *boneka-boneka* sanesipun, saha arak-arakan.

1. Pasugatan *Kuda lumping*

Paraga *kuda lumping* cacahipun wonten sekawan tiyang, ingkang sedaya estri. Salah satunggaling saking paraga menika, ingkang samangke ugi dados paraga *sintren* wonten ing pasugatan penutup. Ing ngandhap menika gambar *posisi* kuda lumping nalika pentas wonten ing papan pasugatan.

Gambar 6. Paraga *kuda lumping* nalika njoged
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Pasugatan *kuda lumping* boten namung jogged wonten ing margi kemawon, ananging ugi njoged nyuwun saweran wonten ing dalemipun ingkang gadhah hajatan. Paraga kuda lumping njoged kaliyan bekta jaranan lajeng wonten ing tengah-tengah pasugatan paraga mlebet wonten ing dalemipun Bapak Casrudin. Ancasipun inggih menika kangge mendhet amplop utawi nyuwun saweran, sedaya paraga kuda lumping diparingi amplop, anggenipun mbekta amplop menika dipuncokot boten dipuncepeng,

amargi astanipun mbekta jaranan. amplop menika kaisi arto ± 20.000.- ingkang samangke arto menika kangge paraganipun. Ing ngandhap menika gambar paraga *kuda lumping* nalika mlebet wonten dalemipun Bapak Casrudin.

Gambar 7. Paraga *kuda lumping* mlebet wonten ing dalemipun Bapak Casrudin
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

2. Pasugatan *Barongsai*

Barongsai inggih menika kesenian tradhisional saking masarakat Cina ingkang gadhah makna bilih *barongsai* menika saged kangge *menolak bala, pembawa rezeki* saha *mengusir roh jahat.* ananging wonten ing kesenian Burok Mekar Budaya *barongsai* menika dipunginakaken namung kangge pelengkap pasugatan kesenian kemawon supados masarakat langkung remen kaliyan kesenian Burok. Ing ngandhap menika gambar atraksi barongsai.

Gambar 8. *Atraksi barongsai*
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Cacahipun paraga *barongsai* wonten 4 tiyang ingkang sedaya jaler. Satunggal *barongsai* wonten 2 tiyang, paraga menika anggenipun mbekta *barongsai* mlebet wonten ing *kerangka barongsai*. Paraga ingkang ngajeng mbekta sirahipun *barongsai* ingkang samangke dipunobah-obah sirahipun, menawi paraga ingkang wingking menika nyepeng badanipun paraga ingkang wonten ngajeng. Satunggal paraga wonten ing posisi ngajeng setunggal malih wonten ing wingking. Ing ngandhap menika gambar atraksi saking *barongsai*.

Gambar 9. *Atraksi barongsai*
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

3. Pasugatan Burok ayu

Sabibaripun pasugatan *barongsai*, dipunlajengaken pasugatan *burok ayu* ingkang langsung mlebet wonten ing papan pasugatan. Burok ayu cacahipun wonten kalih, ananging paraganipun wonten sekawan tiyang. Amargi satunggal Burok ayu dibekta kaliyan kalih tiyang. Anggenipun bekta Burok ayu paraga menika mlebet wonten ing kerangka, paraga ingkang ngajeng bekta kayon kangge nyangga sirah burok saha kangge ngobah-ngobah perangan sirah burok menika, paraga ingkang wingking *posisini*pun sami kaliyan posisi ruku, astanipun paraga winging nyepeng wonten ing pinggang paraga ngajeng. *Posisi* burok ayu saderengipun njoged inggih menika dipunwiwiti kanthi *membungkukan badan*. Ing ngandhap menika gambar Burok ayu nalika maringi kurmat dening tuan hajat saha masarakat ingkang nyengkuyung acara menika.

Gambar 10. Pasugatan *burok ayu* nalika maringi kurmat
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Sirah Burok ayu menika sami kaliyan rukuh, *posisi* menika kangge maringi kurmat dhateng tuan hajat saha masarakat ingkang mriksani kesenian menika, maknanipun bilih wonten ing ajaran Islam, umat muslim kedah *saling menghormati, menghargai sesama manusia*. Dipunlajengaken

njoged kanthi dipuniringi lagu dangdut. Gerakan ingkang dipunginakaken Burok ayu namung njoged biasa kadangkala atraksi *guling-guling*, kathahipun gerakan biasa. Ing ngandhap menika gambar Burok ayu nalika *atraksi*.

Gambar 11. Pasugatan Burok ayu Mekar Budaya nalika atraksi
Sumber: Dekumentasi Desi Lisufiana

Temtunipun paraga Burok ayu kedah gadhah kekiyatan langkung kathah amargi boten namung bekta *kerangka* Burok ayunipun kemawon, paraga Burok ayu ugi nindhakaken *atraksi* ugi mbekta bujangsunat ngulilingi Desa Sarireja. Nalika arak-arakan Burok ayu namung mlampah biasa. Saderengipun arak-arakan Burok ayu menika ngambung bujang sunat ingkang sampun lenggah sami jejer kaliyan kancanipun, ancasipun inggih menika maringi selamet kangge bujang sunat ingkang badhe dipun*khitanan*. Bujang sunat menika dipunrias saha ngangge kostum kadosta gatot kaca. Bujang sunat menika kados *raja* cilik ingkang samangke numpak Burok ayu lajeng diarak saha wonten masarakat panyengkuyungipun ingkang ndherek ngarak kesenian burok menika. Ing ngandhap menika gambar Burok ayu ngambung bujang sunat saha kanca-kancanipun bujang sunat.

Gambar 12. Pasugatan *burok ayu* nalika ngambung bujang sunat
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Sabibaripun Burok ayu ngambung bujang sunat dipunlajengaken kaliyan pasugatan Burok ayu malih mawi dipuniringi lagu sanesipun. Burok ayu tetep wonten ing papan pasugatan lajeng samenika bujang sunat nunggang Burok ayu saha kanca-kancaipun ugi nderek nunggang, wonten ingkang nunggang *kuda gotong*, *singa gotong*, peksi gotong, dipunbiyantu kaliyan tiyang ingkang saweg nyinom wonten ing acara *khitanan* menika. Ing ngandhap menika gambar nalika bujang sunat numpak burok ayu.

Gambar 13. Bujang sunat numpak burok ayu
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Sesarengan kaliyan bujang sunat numpak Burok ayu, kaluwarga ingkang nanggap Burok menika nyawer bujang sunat. Nyawer utawi saweran inggih menika ngucalke arta recehan marang bujang sunat lajeng arta menika dipendhet masarakat ingkang derek arak-arakan kanthi cara rebutan. Saweran menika ugi tradhisi wonten ing Desa Sarireja ingkang gadhahi ancas sami paring rejeki mring sesami. Rumiyin ingkang dipunsawer menika arta recehan, wos, irisan kunir ananging samenika katambahan sabun, sampo, permen, molto.

Lajeng *kuda gotong, singa gotong, peksi gotong, barongsai, upin-ipin* nderek njoged wonten ing papan pertunjukan. *Singa gotong* wonten ing kesenian Burok Mekar Budaya wonten kalih inggih menika werni kuning saha werni pethak totol-totol, ingkang kadamel saking kayu dipunukir supados sami kaliyan kewan aslinipun, lajeng dipuntempleki bulu-bulu, wonten hiasan sangsanganipun supados langkung menarik kangge bocah-bocah, perangan ngandhap wonten kayu panjangipun kirang langkung 1 m ingkang ginanipun kangge manggul *singa, peksi* saha *naga* menika. ing ngandhap menika gambar peksi gotong werni ijem.

Gambar 14. Peksi gotong ingkang werni ijem
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Gerakan ingkang dipunginakaken inggih menika namung gerakan biasa, amargi kangge njagi keseimbangan supados *peksi* gotongipun boten dhawah. Ingkang numpak peksi gotong menika lare alit ingkang nyengkuyung kesenian burok, menawi ingkang numpak burok utawi *boneka-boneka* sanesipun tiyang sanes utawi tiyang ingkang nyengkuyung kesenian menika kedah maringi amplop. Salajengipun ing ngandhap menika gambar singa gotong werni kuning.

Gambar 15. *Singa gotong* werni kuning
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Gambar wonten ing nginggil menika *singa gotong* werni kuning, sedaya paraga sampun boten sekolah namung lulusan saking MTs wonten ugi ingkang lulusan SD. Sedaya paraga menika sampun sami makarya inggih menika wonten ingkang dados buruh bangunan, buruh tani saha wonten ingkang nyambut ndamel dados *video shooting* wonten ing acara menapa kemawon. *Singa gotong* ing kesenian Burok Mekar Budaya wonten kalih ingkang setunggalipun werni pethak totol-totol. Ing ngandhap menika gambar *singa gorong* werni pethak totol-totol.

Gambar 16. *Singa gotong* werni pethak totol-totol
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Paraga *singa gotong* ingkang werni pethak totol-totol inggih menika yuswanipun langkung dewasa tinimbang paraga sanesipun, sedaya paraga menika rumiyinipun namung lulusan SD dipunlajengaken makarya wonten ing Jakarta dados kuli, wonten ugi ingkang dagang. Paraga *singa gotong* werni pethak totol-totol menika sampun gadhah istri sedaya. Gerakan ingkang dipunginakaken sami inggih menika gerakan bebas ananging kompak, satunggal paraga kaliyan paraga sanesipun gerakanipun sami supados saged njagi keseimbangan anggenipun mbekta singa gotong menika. ingkang numpak inggih menika kanca-kancanipun bujang sunat.

Salajengipun inggih menika *naga gotong* ingkang cacahipun namung satunggal, ananging ukuranipun langkung ageng menawi dipunbandingaken kaliyan singa gotong. Sanadyan cacahipun wonten satunggal ananging sirah *naga* menika wonten sekawan. *Naga gotong* menika kadamel saking kayu sami kaliyan *singa gotong* ingkang dipuntempleki mawi kain, wonten renda-rendanipun, dipungambar supados mirip kaliyan kewan *naga* aslinipun, saha *naga* ingkang wonten ing ngajeng dipunsukani sangsangan. Ing ngandhap menika gambar *naga gotong* nalika arak-arakan.

Gambar 17. *Naga gotong* nalika arak-arakan
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Paraga ingkang bekta *singa* saha *naga gotong* menika sami kaliyan paraga pambeksa. *Singa* utawi *naga gotong* dibekta kaliyan 4 paraga dados sedaya paraga ingkang bekta menika cacahipun wonten 12 tiyang ingkang sedaya jaler. Samangke bocah-bocah nunggang *singa, peksi* saha *naga gotong* mliginipun kangge kanca-kancanipun utawi seduluripun Bapak Casrudin. Ananging ugi wonten saking masarakat ingkang mriksani kesenian menika, putranipun nangis pengen numpak burok lajeng menawi numpak burok menika kedah maringi amplop kangge paraganipun.

Paraga menika njoged mawi iringan musik dangdut, gerakanipun paraga setunggal kaliyan paraga sanesipun sami-sami ngepasaken dados gerakanipun *serempak.* Sedaya paraga kedah saged ngatur *keseimbangan*, supados lare ingkang numpak *singa*, peksi utawi *naga gotong* menika boten dhawah. *Naga gotong, peksi gotong* saha *singa ngotong* wonten ing kesenian Burok Mekar Budaya menika boten gadhah makna punapa, ananging kangge pelengkap pasugatan kesenian Burok kemawon, supados kesenian menika langkung menarik saha langkung kathah masarakat

mliginipun lare-lare alit ingkang remen kaliyan kesenian Burok menika. Ing ngandhap menika gambar *upin-ipin* saking kesenian Burok Mekar Budaya.

Gambar 18. *Upin-ipin* nalika arak-arakan
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Wonten ing pasugatan Burok ayu, *boneka upin-ipin* ugi nderek njoged. *Upin- ipin* wonten ing kesenian Burok Mekar Budaya sami kaliyan *boneka-boneka* sanesipun inggih menika boten wonten maknaipun ananging namung kangge *pelengkap* pasugatan kesenian kemawon supados masarakat langkung remen kaliyan kesenian Burok.

Wujud upin-ipin wonten ing kesenian Burok Mekar Budaya cacahipun wonten kalih inggih menika *si upin* kaliyan *si ipin* ingkang nggambaraken wujud saking *film kartun upin ipin*, kadamel saking *gabus* dipunkombinasi kaliyan kain werni kuning, celanaipun werni abrit lajeng *si ipin* menika wonten jambulipun dipundamel supados sami kaliyan *upin ipin* ingkang wonten ing *film kartun*.

4. Arak-arakan

Arak-arakan sami kaliyan kirab inggih menika mlampah kanthi sesarengan utawi iring-iringan kanhti teratur wonten ing salebeting acara

adat saha acara sanesipun. Arak-arakan menika dipuntindakaken wonten ing margi Desa Sarireja, Kecamatan Tanjung, Kabupaten Brebes.

Arak-arakan dipuntindakaken nalika pasugatan wonten ing salebeting kesenian Burok menika sampun dipuntampilaken sedaya kadosta pasugatan pambeksa, *tarian kuda lumping*, *tarian barongsai*, *tarian burok ayu*, *naga gotong*, *singa gotong* saha *boneka upin-ipin* dipunlajengaken arak-arakan. Rute kangge nglampahi arak-arakan inggih menika saking dalemipun Bapak Casrudin ingkang gadhahi acara hajatan lajeng ngulilingi Dhusun Kubangsari, Dhusun Centilan Dhusun Benda dumugi Dhusun Karangmangu. Menawi sampun dugi Dusun Karangmangu lajeng wangsul malih wonten ing dalemipun Bapak Casrudin. Ing ngandhap menika gambar kesenian Burok Mekar Budaya nalika araak-arakan.

Gambar 19. Arak-arakan kesenian Burok Mekar Budaya
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Anggenipun nglampahi arak-arakan boten urut, *barongsai*, *upin-ipin* asring wonten ing ajeng piyambak, dipunlajengaken kaliyan Burok ayu, *naga gotong*, pambeksa saking *kudalumping*, peksi gotong ingkang werni ijem, *naga gotong* werni kuning, *naga gotong* werni pethak wonten totol-totolipun werni cemeng lajeng wonten ing wingking inggih menika

panggung musik, dipundorong kaliyan tiyang ingkang saweg nyinom wonten ing acara hajatan menika. ing ngandhap menika gambar panggung dorong nalika arak-arakan.

Gambar 20. Panggung dorong nalika arak-arakan
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Panggung musik utawi panggung dorong menawi arak-arakan dipundorong saha dipuntarik kirang langkung 15 tiyang, supados panggung menika saged mlampah nderek arak-arakan. Kesenian burok diiringi mawi ngginakaken musik dangdut. Ingkang wonten ing panggung dorong inggih menika penabuh *keyboard*, penabuh gendang, suling, kecrik, *gitar melodi*, *gitar bas*, *drum*, *sound sistem* saha biduan. Lajeng ingkang ndorong panggung menika tiyang ingkang saweg nyinom wonten ing acaranipun Bapak Casrudin.

Salajengipun nalika arak-arakan menika ngantos ing Dhusun Kubangsari RT 01, RW 01 wonten sedulur saking Bapak Casrudin nyawer bujang sunat utawi bocah ingkang badhe dipunkhitan. Ing ngandhap menika gambar nalika bujang sunat *disawer*.

Gambar 21. Saweran Bujang Sunat
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Ingkang mendhet saweran menika boten namung bocah-bocah kemawon, ibu-ibu ugi wonten inggkang ndherek rebutan mendhet arta saweran. Masarakat Desa Sarireja sanget *antusian* mirsani kesenian burok menika. boten saking Desa Sarireja kemawon, ananging ugi wonten saking njawi papan menika. kesenian menika narik kawigatosanipun masarakat kathah, satemah kathah masarakat ingkang saking njawi Desa Sarireja kadosta lare-lare saking Dhusun Karangmangu tumut mirsani kesenian menika saha ndherek arak-arakan keliling Desa Sarireja dumugi Dhusun Karangmangu. Kathah masarakat Desa Sarireja ingkang namung nengge arak-arakan kesenian burok menika wonten ing jawi dalemipun piyambak-piyambak, amargi arang wonten hiburan ing Desa Sarireja, saben dintenipun namung wonten ing sabin. Wontenipun kesenian Burok menika ndadosaken para masarakat ngraos bingah. Kesenian Burok ing Desa Sarireja ugi gadhah ancas kangge nepangaken budaya utawi tradhisi menika dhateng lare alit, supados kesenian menika saged lestantun satemah boten kagerus kemajuanipun jaman.

c. Panutup pasugatan

Sabibaripun arak-arakan wonten acara panutup inggih menika pasugatan *sulap* lan *sintren*. *Sulap* wonten ing kesenian Burok Mekar Budaya namung ngginakaken *trik*.

1. *Sulap*

Sulap ingkang dipuntindakaken wonten gangsal ingggih menika, *sulap rokok sebatang* dalemipun wonten artanipun, toya akua ingkang werninipun dados ijem, degan ing dalemipun wontenarta, jajan, lan *pembalut, pemotong tangan menggunakan alat,* saha *membelah semangka.* Sedaya *sulap* menika namung ngangge trik. Ing ngandhap menika gambar *sulap rokok sebatang* dalemipun wonten yatranipun

Gambar 22. *Sulap* rokok *sebatang* dalemipun wonten yatranipun
Sumber: Dokumentasi Desi lisufiana

Gambar wonten ing inggil menika *sulap rokok sebatang* dalemipun wonten artanipun. Trikipun inggih menika kertas ingkang dibekta kaliyan *bobodoran* ingkang werni biru menika dipunlebetaken wonten ing kotak, kotakipun dipunbekta Mas Lukman, astanipun Mas Lukman wonten ing inggil mratandani bilih Mas Lukman saweg nindhakaken mantra supados

*sulap*ipun saged kasil, lajeng kotak menika dipunbika, kertas ingkang kalawau dipunlebetaken samenika gantos dados satunggal bungkus rokok. Saderengipun kotak menika sampun wonten rokokipun. Saha satunggal bungkus rokok menika sampun dipunbika, lajeng pendhet satunggal batang rokok ingkang samangke dipunangge *sulap*. Saperangan tembako wonten ing rokok menika dipungantos kaliyan arta kalihewu, lajeng dipunlebetaken malih tembako sakedik supados arta menika boten katingal. Sasampunipun tembako dipungantos kaliyan arta kalihewuan, rokok menika dipunlebetaken malih wonten ing bungkusipun, bungkus rokok ingkang kalawau dipunbika lajeng dipuntutup malih ngginakaken lem supados bungkus menika boten katingal menawi sampun dipunbika.

Sabibaripun rokok menika dipunpendhet lajeng dipunsuwuni mangertos kaliyan masarakat ingkang mriksani bilih rokok menika taksih utuh, lajeng dipunbika saha dipunpendhet satunggal batang rokok. Satunggal batang rokok menika dipunbika, lajeng wonten artanipun. Arta menika *disawer* wonten ing masarakat panyengkuyung kangge rebutan. Boten namung Mas Lukma kemawo ingkang nindakaken *sulap, bobodoran* menika ugi nderek *sulap*, ananging *sulap*ipun boten kasil, amargi rokok ingkang sampun direkayasa namung satunggal. *Sulap* ingkang dipuntindhakaken namung trik saking Mas Lukman. Salajengipun *sulap* toya akua ingkang werninipun dados ijem. *Sulap* toya akua ingkang werninipun dados ijem menika sami mawon namung trik ingkang dipunginakaken Mas Lukman. Trikipun inggih menika wonten botol *akua* kalih, wonten tutup botol satunggal malih ingkang dipunparingi *pewarna* werni ijem, kadamel saking *pewarna cair dicampur* trigu supados pewarna menika nempel wonte ing tutup botol. Lajeng tutup botol menika dipunsimpen wontenn ing kotak *sulap* supados masarakat ingkang ningali boten mangertos, ingkang samangke tutup botolipun dipungantos kaliyan tutup botol ingkang sampun wonten pewarnanipun. *Akua* menika dipunbika, tutupipun dipunsimpen wonten ing kotak *sulap* lajeng toyanipun dipununjuk sakedik dening Mas Lukman. Tutup malih *akua* menika, ananging Mas

Lukman anggenipun mendhet tutup *akua* inggih menika ingkang sampun wonten *pewarnanipun*. Kocok-kocok *akua* menika ngantos werni toyanipun gantos werni ijem. Ananging ingkang dipuntindhakaken bobodoran boten gantos werni toyanipun amargi tutupipun boten dipungantos. Masarakat ingkang ningali sami penasaran kaliyan *sulap* Mas Lukman. Ing ngandhap menika gambar toya akua ingkang werninipun dados ijem.

Gambar 23. Toya akua ingkang werninipun dados ijem

Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Sabibaripun toya akua ingkang werninipun dados ijem dipunlajengaken kaliyan *sulap* degan dalemipun wonten jajan, arta lan *pembalut.* Saderengipun *sulap* menika dipuntindakaken wonten ing papan pasugatan, Mas Lukman sampun nyamektakaken degan ingkang taksih enem, perangan degan inggil menika dipunbika sakedik lajeng jajan, pembalut saha arta dipunlebetaken wonten ing degan menika. Sasampunipun sedaya menika dipunlebetaken lajeng dipuntutup malih lan dipaku supados boten copot. Salajengipun nalika *sulap* wonten ing panggung degan menika dipunparingi pirsa masarakat ingkang ningali. Mas Lukman *memastikan* masarakat ingkang ningali supados pitados bilih

kelapa kasebat taksih utuh, lajeng degan menika dipunbika mawi cundrik, Mas Lukman komat kamit maos mantra. Ing ngandhap menika gambar nalika Mas Lukman komat kamit.

Gambar 24. Nalika Mas Lukman saweg komat kamit
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Mas Lukman menika komat-kamit supados masarakat ingkang mriksani percaya kaliyan *sulap* menika, aslinipun boten ngangge doa khusus namung *trik* kemawon. Salajengipun Mas Lukman mendhet arta saking degan menika ingkang salajengipun mendhet jajan, lajeng jajan saha arta menika dipunparingi masarakat ingkang mriksani. Ingkang salajengipun gantosan *bobodoran* ingkang mendhet. Ing ngandhap menika gambar nalika *bobodoran sulap*.

Gambar 25. Nalika bobodoran mendhet *pembalut*
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Lare alit ingkang mriksani *sulap* menika bengok-bengok nyuraki *bobodoran*. Amargi ingkang mendhet *bobodoran* medalipun *pembalut.* Lajeng *pembalut* menika dipunparingi kaliyan lare alit ingkang wonten ing sisihipun panggung. Sesampunipun *sulap* degan dalemipun wonten jajan, arta lan *pembalut.* Dipunlajengaken *sulap memotong tangan menggunakan alat.* Ing ngandhap menika gambar *sulap*ipun.

Gambar 26. *Sulap memotong tangan* mawi alat
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Piranti *sulap memotong tangan* menika anggsal tumbas, dados menawi asta ingkang dipunlebetaken wonten piranti *sulap* menika astanipun boten pedhot, amargi sampun dipunatur kaliyan Mas Lukman. Ananging menawi godhong-godhongan ingkang dipunlebetaken wonten ing piranti *sulap*, godhong menika kapotong dados kalih. Ingkang salajengipun *sulap memotong semangka. Sulap memotong semangka* menika salah satunggaling *sulap* ingkang kagolong langkung bahaya menawi dipunbandingaken kaliyan *sulap* sanesipun, amargi nalika Mas Lukman salah sasaran samangke *bobodorani*pun ingkang kena. Jarak antawisipun *bobodoran* kaliyan semangka menika caket. ing ngandhap menika gambar nalika Mas Lukman saweg madosi semangka.

Gambar 27. *Sulap memotong semangka*
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Sulap memotong semangka ugi trik ingkang dipunginakaken Mas Lukman kangge ngehibur utawi kangge ndamel masarakat ingkang mriksani tegang. *Sulap* menika dipunwiwiti kanthi nunjukaken kacamripat dening masarakat panyengkuyung kangge mastikaken menawi kamamripat menika boten katingal utawi rapet, Mas Lukman mendhet satunggal lare kangge

sampel utawi kangge *memastikan* bilih kacamripat menika rapet boten katingal menapa-menapa menawi dipunginakaken. Salajengipun kacamripat saha kain werni cemeng dipunangge Mas Lukman, nalika ngginakaken kain cemeng lajeng jempol Mas Lukman mbikak kacamripat sakedik supados Mas Lukman katingal anggenipun mbelah semangka. lajeng Mas Lukman diputer-puter saha mendhet samurai utawi pedang lajeng Mas Lukman madosi semangka menika wonten pundi. Posisi semangka menika wonten ing sisihipun bobodoran supados anggenipun Mas Lukman mbelah semangka masarakat ingkang ningali tegang.

Sedaya *sulap* ingkang sampun dipunandharaken wonten ing inggil namung trik ingkang dipunginakaken Mas Lukman, pasugatan *sulap* menika kangge hiburan pelengkap kesenian Burok kemawon. Panutup kesenian Burok ingkang samenika beda kaliyan jaman rumiyin. Rumiyin panutup pasugatanipun ngangge atraksi drama singkat. Ingkang sedaya pasugatan menika namung ngangge ngehibur masarakat panyengkuyung.

2. *Sintren*

Secara prinsip, wujud kesenian *sintren* inggih menika pasugatan ingkang dipunginakaken kangge mangertosi unsur *magis* saking paraga ingkang dados *sintren* menika, paraga menika dipunlebetaken roh halus *atas panggilan pawang.* Pasugatan *sintren* menika dipunginakaken kangge nyuwun diparingi jawah. Ananging samenika sampun ewah gingsiring jaman, kesenian *sintren* dipundadosaken satunggal wonten ing salebeting kesenian Burok. Wonten ing grup kesenian Burok Mekar Budaya *sintren* menika kangge panutup pasugatan kesenian Burok. Pasugatan *sintren* menika dipunsarengi kaliyan *sulap*. Paraga ingkang dados *sintren* inggih menika anis saking grup Burok Taruna Muda.

Papan pasugatan *sintren* kaliyan *sulap* wonten ing pelataran dalemipun Bapak Casrudin. Paraga *sintren* menika sampun mapan wonten ing sandingipun kotak. Kotak menika ingkang samangke dipunginakaken kangge nglebetaken paraga *sintren*. *Pesulap* maringi mantra kangge paraga

sintren supados *sintren* menika semaput. Sabibaripun dipunparingi mantra *sintren* menika boten sadar, lajeng dipunlebetaken wonten ing kotak ingkang sampun dipunsamektakaken, lajeng dipuntutup kangge *banner*. Lajeng *sintren* menika dipuntengge dumugi *pesulap* menika sampun rampung anggenipun *sulap*. Nembe kotak menika dipunbika, lajeng paraga *sintren* ingkang saderengipun dipunlebetaken wonten kotak boten ngangge *aksesoris* punapa namung ngginakaken rasukan biasa, sasampunipun dipunlebetaken wonten ing kotak ngginakaen *aksesoris* kadosta, kacamripat ingkang wonten gantungan bunder-bunder werni abrit, mahkota, saha slendang. Ing ngandhap menika gambar nalika pe*sulap* maringi mantra kangge *sintren*.

Gambar 28. Nalika pe*sulap* maringi mantra
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Sintren menika medal saking kotak lajeng kanthi njoged. *Sintren* menika boten namung njoged wonten ing papan pasugatan kemawon, ananging *sintren* menika mlebet wonten ing dalemipun Bapak Casrudin ingkang gadhah hajatan menika kangge nyuwun saweran. lajeng menawi sampun dipunparingi saaweran *sintren* menika wangsul malih wonten ing papan pasugatan. *Sintren* menika njoged mawi dipuniringi lagu dangdut.

Nalika lagu sampun telas *sintren* menika langsung semaput, menika namung semaput rekayasa mawon. lajeng dipunbekta kaliyan paraga sanesipun wonten ing dalemipun Ibu Aya, papan ingkang dipunangge paraga kesenian Burok kangge make up. Ing ngandhap menika gambar *sintren* nalika sampun medal saking kotak.

Gambar 29. Nalika *sintren* sampun medal saking kotak
Sumber: Dokumentasi Desi Lisufiana

Prosesi lampahing kesenian Burok dipuntutup kaliyan pasugatan *sintren* kalawau, pasugatan *sintran* menika namung rekayasa utawi *trik* ingkang dipunginakaken dening paraga kesenian Burok, sedaya menika boten wonten unsur mistisipun. Pasugatan menika rampung kinten-kinten tabuh 17.00 WIB. Anggenipun nutup kesenian Burok boten wonten acara ingkang khusus, namung pasugatan *sintren* ingkang dipundadosaken kangge acara panutup. Masarakat panyengkuyung ugi ndherek bubar saking dalemipun Bapak Casrudin.

Cathetan *Refleksi* 03

1. Pentas kesenian Burok dipuntindakaken wonten ing latar lan margi sangajengipun dalemipun Bapak Casrudin.
2. Paraganipun wonten pambeksa, *kuda lumping, barongsai,* Burok ayu, pemusik saha pendorong panggung dorong.
3. Pentas kesenian Burok wonten tigang tahap inggih menika tahap pambuka, *inti,* lan panutup.

CATATAN LAPANGAN WAWANCARA 01
(CLW 01)

Asma : Bapak Surip
Yuswa : 59 taun
Padamelan : Wirausaha
Tanggal : 22 Juni 2017

Desi : *"Kesenian Burok itu apa? dan bagaimana sejarah dari kesenian Burok."*

Bapak Surip : *"Dulunya kesenian burok ini berasal dari cerita Nabi Muhammad yang menggunakan kendaraan yang disebut dengan burok untuk melakukan Isra Mirja, dan juga digunakan untuk berdakwah bagi para ulama. Kemudian burok dijadikan sebagai kesenian tradsi didaerah Cirebon sampai perbatasan Jawa tengah dan Jawa barat. Dulunya kesenian burok digunakan pada saat musim kemarau untuk dijadikan sebagai sarana untuk meminta hujan dan meminta hasil yang banyak bagi petani. Tetapi dengan berkembangnya jaman yang sekarang ini kesenian Burok cuman digunakan untuk orang hajatan sunatan, nikahan, tujuh belasan dan merayakan kemenangan pemilihan kepala desa sebagai tanda syukur sudah diberikan rejeki, disisi lain juga sebagai hiburan untuk masarakat setempat."*

Desi : *"Awal mulanya kesenian Burok di Desa Sarireja ini bagaimana Pak?"*

Bapak Surip : *"Dulu kesenian burok ini dibuat dengan kesepakatan saya, Pak Cewod dan Pak Umang. Kami meminjam uang ke bank untuk mendirikan kesenian Burok ini, kemudian Pak Cewod memberikan nama kesenian Burok ini dengan*

nama grup Burok Mekar Budaya. Semakin berkembanglah kesenian ini banyak yang nganggap, dulunya kesenian ini masih tradisional dari segi musiknya, banyak nilai2 mistiknya. Kebanyakan yang nganggap kesenian Burok itu orang yang mempunyai nadar kalau anaknya sunatan mau tak anggapin burok"

Desi : *"Anggota pemain kesenian ini kira-kira jumlahnya ada berapa ya Pak? "*

Bapak Surip : *"Banyak, kira-kira ada 50 an."*

Desi : *"Dan itu semuanya asli penduduk Desa Srireja semua?"*

Bapak Surip : *"Iya, kebanyakan dari desa sendiri tapi ada yang dari grup kesenian Burok lainnya. Jadi saya manggil pemain barongsai sama pemain kuda lumping, karena pemain saya sedang tidak ada dirumah, lagi kerja di Jakarta. Kalau penonton kebanyakan dari masarakat Desa Sarireja, tapi dari Kubangputat juga ada yang nonton mba."*

Desi : *"Kira-kira pemain kesenian disini ada yang masih sekolah apa sudah bekerja semua Pak?"*

Bapak Surip : *"Kebetulan disini pemainnya masih muda-muda, ada yang masih sekolah dan selebihnya sudah bekerja, menjadi pemain kesenian Burok cuman buat kerja sampingan aja, setiap harinya ya mereka bekerja, ada yang buruh tani, buruh bangunan, ada yang dagang, ada juga yang ikut untuk shooting video, macem-macem lah"*

